Ñaareelu xaaj bu Tawreetu Musaa jëm ci Goreelug bànni Israyil

Ñaareelu xaaj bu Tawreetu Musaa

jëm ci

Goreelug

bànni Israyil

Droit de reproduction © 2009
La Mission Baptiste du Sénégal
Tous droits réservés.

Dépôt légal : juillet 2009. Nº 17938030709

Quiconque voudrait le reproduire devra inclure la déclaration de droit d'auteur ci-dessus.

Pour la reproduction en plus de 250 exemplaires, veuillez écrire à l'adresse suivante:

B.P. 1229 — Thiès, Sénégal

Pour mieux lire ce livre…

L’alphabet officiel dont on se sert est facile à lire. Les seuls symboles qui présentent une certaine difficulté sont les suivants :

j	se trouve dans	la paix	—jàmm (ji)
	et	dernier	—mujj
c	se trouve dans	le couscous	—cere (ji)
	et	descendre	—wàcc
ñ	se trouve dans	tous	—ñépp
	et	refuser	—bañ
x	se trouve dans	savoir	—xam
	et	la main	—loxo (bi)
ë	se trouve dans	l’œil	—bët (bi)
	et	demain	—ëllëg
ŋ	se trouve dans	la mâchoire	—ŋaam (wi)
	et	seulement	—doŋŋ

Une différence existe entre **a** et **à**

baigner	—sang	revêtir	—sàng
l’encensoir	—and (bi)	accompagner	—ànd

La voyelle est ***doublée*** pour indiquer la longueur

valoir	—jar	passer par	—jaar
être propre	—set	chercher	—seet
le cœur	—xol (bi)	regarder	—xool
le nom	—tur (wi)	répandre	—tuur

La voyelle est ***accentuée*** pour indiquer la fermeture

souper	—reer	être perdu	—réer
jeûner	—woor	être sûr	—wóor

Goreel ga

Ubbite gi

Ñaareelu xaaju Tawreet, di téereb *Goreel ga*, moo wéyal jaar-jaari bànni Israyil, jële ko fa ko téereb *Njàlbéen ga* bàyyi woon. *Njàlbéen ga* mooy xaajub Tawreet bu jëkk bi. Téere bii mu ngi indi njaamug bànni Israyil ca digg waa Misra. Yàlla daa tànn Musaa ci seen biir xeet, ngir xettali léen ci kàttanam, jàllale léen Géeju barax ya, yóbbu léen ca tundu Sinayi. Ci xettal googu la bànni Israyil sosoo, moom seen bopp. Na mu léen walloo firndeel na it ne, Yàllaa ëpp doole yàllay caaxaan yi, muy yu Misra, muy yu yeneen xeet yi.

Yàlla jox na bànni Israyil ndigali yoon wi ca tundu Sinayi, Musaa jottali ko, muy li lal kóllëre gi mu fas, moom Yàlla ak bànni Israyil. Yàlla nag musal léen, ba ñu tala séq ak moom digganteb kóllëre. Ndigali yoon wi xamal mbooloom bànni Israyil nan lañuy sàmme seen digganteek moom. Yàlla dafa bëggoon ñu doon mbooloom, ndaxte ci ñoom la nammoona amal digeem baak seen maam Ibraayma. Dige ba mooy xeeti àddina sépp dinañu barkeel jaare ci askanu Ibraayma.

Ci xaaju mujjantalu téere bi Yàllaa ngi digal Musaa mu defarloo mbooloo mi ab xaymab màggalukaay bu ñuy def sarax yi war, ngir sellal seen ub dal ci seen sobey bàkkaar; sarax yooyu di seen njotlaayal bàkkaar ba tey. Su ko defee leeru Yàlla mana feeñ ci seen biir te di ànd ak ñoom.

Ñaareelu xaaju Tawreet bii di *Goreel ga* wone na ne Yàlla kenn la, di ku sell tey sàkku mbooloom it di ñu sell. Biral na itam ne doonte Yàlla ku sell la te weesu am xel, terewul mu namma jegewook doom Aadama, ji mu sàkk. Mu mel ni kóllëre gi mu fas ak nit sax bëgga jokkook moom la ci jublu. Teew na ca niir, wa muur kaw tundu Sinayi te daan jiite bànni Israyil ba ñuy màng. Mujug téere bi kéemaan gu réy la. Mooy fa Yàlla di jëmmale teewaayam ag leeram. Leeram ga fees xaymab màggalukaay ba, gannaaw ba ñu ko sampee, ni mu ko santaanee.

Téere baa ngi won képp ku masa nekk ci coonoy njaam ak gu mu doon, lan mooy goreel gi tigi. Mooy goreel gi ko kenn manalul ku dul Yàlla miy dog buumu njaam gi ko soreeleek moom, Boroom bi. Su ko defee nit ki mana neexook Yàlla, neexook i moroomam.

Tënkub solo yi:

Saar 1–18 Yàlla yiwi na bànni Israyil, génne léen Misra.

Saar 19–24 Yàlla fasante na kóllëreek mbooloom.

Saar 25–40 Yàlla sant na Musaa mu defarlu xaymab màggalukaay.

Li nuy bëgga lim lu nu tëral la, bëgg cee déggook bokki jàngkat yu tedd yi, ngir déggin wi leer, ba deesu ko jaawatle.

Nanu ràññee…

nanu ak **nañu**

Dees na wax: «(Nun) war nañoo dem,» (**n** bi am maas bii: ~)
Waaye danu koo taamoo binde nii:
«(Nun) war nanoo dem,»
ngir ñu bañ koo jaawatleek: «War nañoo dem, (ñoom).»

naa ak **na**

Bu loolu weesoo, dees na wax: «(Moom) war naa dem.»
Waaye danu koo taamoo binde nii:
«(Moom) war na dem,»
ngir ñu bañ koo jaawatleek: «War naa dem, (man).»

leen ak **léen**

Te it dees na wax, «Bëgg nanu leen (ñoom).»
Waaye danu koo taamoo binde nii:
«Bëgg nanu léen (ñoom),» (léen am maas bii: ´)
ngir ñu bañ koo jaawatleek: «Bëgg nanu leen (yéen).»
Noonu:
Yéen ñi gëm, Yàlla musal na leen.
Ñoom ñi gemul, Yàlla rëbb na léen.

Boo gisee màndarga mii — xamal ne kàddu gee yeggul. Dafa dog, mbaa muy wax ju ñu junj rekk.

Mbind yi ñu ràññale ak yi ñu dijjal, bokkul ci mbindum Yàlla mu sell, mi ñu jukkee ci téere yu jëkk ya.

Boo gisee baat bu ñu tofal araf bu tuuti, seetal lu muy tekki ci suufu xët bi.

Boo gisee tomb bii ° ci boppu baat, seetal lu muy tekki ci Leeral yi, fi téere biy waaja jeexe.

Ñaareelu xaaj bu Tawreetu Musaa

jëm ci

Goreelug bànni Israyil

Bànni Israyil dem na réewu Misra

1 [1] Góor ñi seen baay di Yanqóoba, mi ñu dippee Israyil, ñu àndoon ak
moom, dem Misra, te ku nekk yóbbaale waa këram, seeni tur a di: [2] ñii di
Ruben ak Simeyon ak Lewi ak Yuda [3] ak Isakaar ak Sabulon, ak itam
Beñamin; [4] ak ñii di Dan mook Neftali, ak Gàdd mook Aser. [5] Góor ñi soqikoo
ci Yanqóoba ñépp juróom ñaar fukk lañu (70), bu ñu ci boolee doomam, ji ñuy
wax Yuusufa, moom ma ñu fekk Misra. [6] Gannaaw ga Yuusufaak i doomi
baayam yu góor yépp nelaw, ñook maas googu gépp. [7] Waaye bànni Israyil giir
fa, law, di fulandiwu, ba yokku ne gàññ, fees réew ma.

Firawna not na bànni Israyil

[8] Ñu dem ba jëmmi jamono beneen buur bu xamul Yuusufa falu ca Misra.
[9] Mu wax ak waa réewam ne léen: «Dégluleen, giiru bànni Israyil a ngi nuy
gëna bare, ba di nu ëpp doole. [10] Nanu ci sàkk pexe, ngir ñu bañatee yokku. Lu
ko moy bu xare amee, man nañoo far ak sunuy noon, xeex ak nun, ba génn
réew mi.» [11] Ba loolu amee ñu fal ay nit ñu léen di ga ca seeni sas, di léen ca
fitnaal lool. Noonu la bànni Israyil tabaxale Firawna[a] buuru Misra[b] dëkk, ya ñu
naa Pitom ak Ramses, mu def ko ay dencukaayi dund. [12] Terewul lu ñu léen
gëna fitnaal, ñuy gën di fulandiwu tey yokku, ba waa Misra am njàqare ca
bànni Israyil.
[13] Waa Misra dañoo mujj di jaamloo bànni Israyil bu metti, [14] yen léen
toskarey àddina ndax liggéey yu metti. Ñuy móol ban, di tabax, waa Misra teg
ca sëf léen mboolem liggéeyu tool ya. Néegoon nañu ca ñoom lool ca
mboolem liggéeyu njaam bu ñu léen sas.
[15] Firawna buuru Misra teg ca wax ak rewlikati Ebrë ya[c], te kenn ka tuddoon
Sifra, ka ca des di Puwa. [16] Mu ne léen: «Bu ngeen dee rewli jigéeni Ebrë yi,
nangeen xool lu xale bi doon. Su dee góor, reyleen, su dee jigéen, bàyyileen
mu dund.» [17] Waaye rewlikat ya ragal Yàlla, ba defuñu la léen buur ba sant;
xanaa ñu bàyyi liir yu góor ya, ñu dund. [18] Loolu waral buuru Misra woolu
rewlikat ya ne léen: «Ana lu tax ngeen def lii, di bàyyi liir yu góor yi, ñuy
dund?» [19] Rewlikat ya ne ko: «Li tax kay mooy, jigéeni Ebrë yi dañoo
niroowul ak jigéeni waa Misra; ndax dañoo njaxlaf, ba bu rewlikat yiy laata

---

[a] 1.11 *Firawna* turu pal la, ñeel bépp buuri Misra.

[b] 1.11 *Misra* mooy réew mi ñuy wax Esibtë ba tey.

[c] 1.15 *Ebrë* tur la wu niti jamono jooja daan wooye xeet, ya bànni Israyil bokk.

agsi, fekk ñu mucc ba noppi.» [20] Bànni Israyil nag di fulandiwu tey gëna
yokku, Yàlla defal rewlikat ya aw yiw, [21] may léen giir ndax seen ug ragal
Yàlla. [22] Gannaaw loolu Firawna sant waa réew ma yépp ne léen: «Mboolem
doom ju juddu ci Ebrë yi di góor, sànnileen ca dex ga, waaye lu ciy jigéen,
bàyyileen mu dund.»

Musaa juddu na

2 [1] Ci biir loolu jenn waay ju bokk ca giiru Lewi jël janq bu mu bokkal
giir. [2] Ndaw sa ëmb, am doom ju góor. Ba mu gisee taar, ba liir ba àndal,
nëbb na ko lu mat ñetti weer. [3] Mu dem nag, ba manatu koo nëbb, daldi wut
pañe bu ñu ràbbe barax, fatte ko godoroŋ ak ndàbb, yeb ca liir ba, dem, ne ko
tegg ca biir barax, ba ca tàkkal dex, ga ñu naan Niil. [4] Xale bu jigéen bay magu
liir ba ma nga taxaw fu soreyaatoo ak liir ba, di xool, ba xam nu muy mujje.
[5] Ba mu ko defee doomu Firawna ju jigéen ñëw, di sangusi ca dexu Niil ga,
surgaam yu jigéen yay doxantu ca tàkk ga. Ba loolu amee mu séen pañe ba ca
biir barax ba, daldi yónni jaamam, mu yót ko ko. [6] Naka la ko ne ubbet, yem
ca xale ba, muy liir bu góor, xale bay jooy, yaram wa daw, mu ne: «Kii de
ndeysaan, ci doomi Ebrë yi la!» [7] Noonu magu liir ba wax doomu Firawna ja,
ne ko: «Ndax ma dem wutali la ku koy nàmpal ci Ebrë yi?» [8] Doomu Firawna
ne ko: «Waaw.» Xale ba dem, indil ko yaayu liir ba. [9] Doomu Firawna ne ko:
«Yóbbul xale bii te nàmpalal ma ko, maa lay fey.» Ndaw sa jël liir ba, di ko
nàmpal. [10] Ba xale ba màggee, mu yót ko doomu Firawna, mu def ko muy
doomam, tudde ko Musaa (mu firi Ki ñu génne), ndax da ne da koo génnee ca
ndox ma[d].

Musaa daw na, jëm réewu Majan

[11] Ba ñu demee ba Musaa màgg, dafa am bés, mu seeti bokkam ya, gis léen
ca liggéey yu metti, ya ñu léen sas. Mu gis jenn waayu Misra di dóor kenn ca
mbokki Ibraam ya. [12] Musaa geestu wet gu nekk, gisul kenn, mu rey waa Misra
ja, daldi gas ci suuf, suul ko.
[13] Ca ëllëg sa mu dellu génn, yem ci ñaari Ebrë yuy xeex. Musaa wax ak ka
tooñ ne ko: «Lu tax ngay dóor sa moroom mii?» [14] Waa ja ne ko: «Yaw xam
waay! Ku la fal ngay sunu njiit mbaa sunu àttekat? Xanaa danga maa nara rey,
na nga reye woon waa Misra ja?» Musaa nag tiit, naan ca xelam: «Ndeke mbir
mi kay siiw na.»
[15] Ba loolu amee Firawna dégg mbir ma, di wuta reylu Musaa. Waaye Musaa
daw, ba sore Firawna, dem dali ca réewu Majan, fu dend ak ab teen. [16] Yettro,
saraxalkatu Majan ba nag, amoon na juróom ñaari doom yu jigéen. Ñu ñëw di
rootsi, di duy mbalka, ya ñuy wëgge seen juru baay. [17] Waaye ay sàmm agsi,
dàq léen. Musaa daldi léen wallu, wëggal léen seen jur.

---

[d] **2.10** ***Mose*** baatu làkku Misra la bu neexoo ak masa, di baat biy tekki ‘génne’ ci làkku ebrë.

18 Ba ñu delloo ca seen baay Ruwel[e], mu laaj léen ne léen: «Lu tax ngeen
teela ñibbsi tey?» 19 Ñu ne ko: «Ab waa Misra daal, moo nu xettali ca sàmm
ya; rootal na nu sax, ba wëgg jur gi.» 20 Ruwel ne léen: «Ana waa ja? Lu tax
ngeen bàyyi ko fa? Wooyileen ko, mu añsi kay!»
21 Musaa far dal ca kër waa ja. Mu mujj ko may doomam ju ñuy wax Sipora.
22 Mu am doom ju góor, Musaa tudde ko Gersom (mu firi Doxandéem fii),
ndaxte dafa ne: «Doxandéem laa fii.»

Yàlla ñeewante na bànni Israyil

23 Ba ñu demee ba mu yàgg Firawna buuru Misra dee. Fekk na bànni Israyil a
ngay binni rekk ndax seen njaam ga, di woote wall, ba seeni jooy, ya sababoo
ca seen toroxteg njaam ga, àgg fa Yàlla. 24 Booba Yàllaa ngay dégg seeni
yuux, te fàttewul kóllëre ga mu fasoon ak Ibraayma ak Isaaxa ak Yanqóoba.
25 Yàlla nag geesu bànni Israyil, ñeewante léen.

Aji Sax ji yónni na Musaa

3 1 Léegi Musaa ngay sàmm gàtti goroom Yettro, saraxalkatu Majan ba.
Mu yóbbu jur ga fu sore ca màndiŋ ma, daldi agsi ca suuf tundu Yàlla
wa[f] ca Oreb. 2 Malaakam Aji Sax ja feeñoo ko foofa melow sawara wuy tàkk,
jafal fa ab gajj. Musaa xoolaat, ndeke yóo, gajj ba yépp jàpp na, ba ne jippét,
waaye lakkul. 3 Musaa ne: «Mbir mu doy-waar mii daal, dinaa jàdd xool ko, ba
xam lu tax gajj bi lakkul.»
4 Ba Aji Sax ji gisee Musaa jàdd di xoolsi, dafa àddoo ca gajj ba ne ko:
«Musaa, Musaa!» Mu ne ko «Naam.» 5 Yàlla ne ko: «Bul jegesi, summil say
dàll, ndaxte fii nga taxaw suuf su sell la.» 6 Mu teg ca ne: «Man maay sa
Yàllay baay, di Yàllay Ibraayma, di Yàllay Isaaxa te di Yàllay Yanqóoba.» Ca
la Musaa nëbb kanam ga ndax ragala xool Yàlla.
7 Aji Sax ji tegaat ca ne ko: «Gis naa bu baax fitna, ji sama mbooloo nekke
Misra. Dégg naa itam seen jooy ndax kilifay saskat, yi léen di gétën ci liggéey,
te ñeewante naa léen ngir seen coono. 8 Damaa wàcc, xettalisi léen ci waa
Misra; génne léen réew moomu, ba yóbbu léen réew mu baax te yaatu, réew
mu meew maak lem ja tuuroo, foofa ca diiwaanu Kanaaneen ña ak Etteen ña
ak Amoreen ña ak Periseen ña ak Eween ñaak Yebuseen ña. 9 Yuux, yi bànni
Israyil nekke nii, agsi na ba ci man, te gis naa it ni léen waa Misra di note.
10 Kon nag kaay, ma yónni la ca Firawna. Demal yiwiji bànni Israyil, sama
mbooloo, ñu génn Misra.»

---

[e] **2.18** ***Ruwel*** mooy Yettro ba tey.

[f] **3.1** ***tundu Yàlla wa:*** tund woowu, li tax ñu tudde ko tundu Yàlla, Yàlla dafa feeñoo ca kawam.

Musaa ngay leewaayu, Yàlla di ko ñaax

[11] Musaa ne Yàlla: «Waaw, waaye man tekkiwuma dara, bay dem ca
Firawna, di génne bànni Israyil Misra.» [12] Mu ne ko: «Man dév, dinaa ànd ak
yaw, te boo génnee mbooloo ma Misra, dingeen ma jaamusi ci tund wii.
Loolooy firndeel ne, maa la yónni.»
[13] Noonu Musaa ne Yàlla: «Su ma demee ca bànni Israyil, ne léen seen
Yàllay maam ya moo ma yónni ca ñoom bànni Israyil de, dinañu ma laaj nu
mu tudd. Lu ma léen di wax kon?» [14] Yàlla ne Musaa: «Maay Ki nekk. Kon
waxal bànni Israyil ne léen: "Aji Nekk ji moo ma yónni ci yéen."» [15] Yàlla
dellu ne Musaa: «Dangay wax bànni Israyil ne léen: "Aji Sax ji, di seen Yàllay
maam ya, di Yàllay Ibraayma, di Yàllay Isaaxa te di Yàllay Yanqóoba, da maa
yónni ci yéen." Aji Sax jee di sama tur wu sax dàkk, ñu di ma ko fàttalikoo ba
fàww. [16] Demal woo magi Israyil, ñu daje, nga ne léen: "Aji Sax ji, seen
Yàllay maam ya, di Yàllay Ibraayma ak Isaaxa ak Yanqóoba, feeñu na ma, ne
ma: 'Gis naa leen, te yég naa li ñu leen di teg ci Misra. [17] Dogu naa leena jële
ci seen notaange gii ngeen nekke ci Misra, yóbbu leen ca réewu Kanaaneen ña
ak Etteen ña ak Amoreen ña ak Periseen ña ak Eween ña ak Yebuseen ña, muy
réew mu meew maak lem ja tuuroo.'"
[18] «Magi Israyil dinañu la déggal, su ko defee nga ànd ak ñoom, dem ca
buuru Misra. Waxleen ko ne ko: "Aji Sax ji Yàllay Ebrë yi da noo feeñu. Kon
nag ngalla may nu, nu dem topp màndiŋ mi lu mat doxub ñetti fan, ngir rendili
sunu Yàlla Aji Sax ji ay sarax." [19] Waaye man xam naa ne, buuru Misra du
leen bàyyi, ngeen dem, mbete mu taseek doole ju ko tiiñ. [20] Moo tax dinaa
tàllal sama loxo, te waa Misra dinaa léen dumaa ay mbugali mbugal yu
kéemaane yu may def ci seen biir. Su ko defee dina leen bàyyi, ngeen dem.
[21] Dinaa dogal sax waa Misra yéwéne mbooloo mii, ba keroog bu ngeen di
dem, dungeen deme loxoy neen. [22] Képp kuy jigéen ci bànni Israyil, na laaj
dëkkandoom, laajaale ku dëkk ak dëkkandoom ay gànjari xaalis, gànjari wurus
ak i yére yu ngeen di solal seeni doom yu góor ak yu jigéen, ba waa Misra ne
duŋŋ.»

Yàlla jox na Musaa ay firnde

4 [1] Gannaaw loolu Musaa dellu wax Aji Sax ji ne ko: «Waaw, su ñu ma
dégluwul te gëmuñu ma, xanaa ne ma: "Aji Sax ji feeñuwu la" nag?»
[2] Aji Sax ji ne ko: «Li ci sa loxo lu mu doon?» Mu ne ko: «Aw yet.» [3] Aji Sax
ji ne ko: «Sànni ko ci suuf.» Mu sànni yet wa ca suuf, mu soppaliku jaan.
Musaa dellu gannaaw. [4] Aji Sax ji ne ko: «Tàllalal sa loxo, jàpp ci geen gi.»
Musaa tàllal loxo ba, ne nikk jaan ja, mu dellu di aw yet ca loxoom. [5] Aji Sax
ji ne ko: «Loolu ngay def, ngir ñu gëm ne, Aji Sax jiy seen Yàllay maam ya,
di Yàllay Ibraayma, di Yàllay Isaaxa te di Yàllay Yanqóoba feeñu na la ci lu
wér.»

[6] Aji Sax ji dellooti ne ko: «Léegi dugalal sa loxo, teg ko ci sa dënn.» Musaa
dugal loxoom, teg ko ca dënnam; ba mu ko génnee, mu def i àkk, xobbiku.
[7] Aji Sax ji ne ko: «Dellool sa loxo ci sa dënn.» Musaa delloo loxo ba ca dënn
ba, génnewaat ko, mu dellu mel ni yaramam. [8] Mu ne ko: «Bu ñu la gëmul
mbaa ñu baña seet ci firnde ju jëkk ji, dinañu gëm ndax ji ci topp. [9] Waaye su
lenn ci ñaari firnde yi taxul ñu gëm, te déggaluñu la, nanga tanqe ndox ci dexu
Niil gi, tuur ko ci suuf su wow si, su ko defee ndox, ma nga tanqe ca dex ga,
dina soppaliku di deret ci suuf.»

Yàlla def na Aaróona bëkk-néegu Musaa

[10] Musaa nag ne Aji Sax ji: «Da di, Boroom bi, man naka jekk duma nitu
waxkat, du démb, du tey jii ngay wax ak man. Dama di ku leeb, Sang bi, te
tëlee wax.» [11] Aji Sax ji ne ko: «Ku sàkkal nit gémmiñ? Kan mooy luuwal, di
tëxal, di gisal mbaa muy gumbaal? Xanaa du man Aji Sax ji? [12] Demal rekk,
man maay ànd ak yaw booy wax, di la xamal li ngay wax.» [13] Waaye Musaa
ne ko: «Ngalla waay, yónnil keneen ku la soob rekk, sama Boroom.» [14] Aji Sax
ji nag mer ba fees ndax Musaa. Mu ne ko: «Sa mag Aaróona, Leween bi, da
fee nekkul? Moom, xam naa ne ku mana wax la. Mu ngi lay gatandusi sax, te
bu la gisee, bég. [15] Nanga wax ak moom, digal ko li mu wara wax. Man dinaa
ànd ak yéen, yaak moom, saa yu ngeen dee wax, te dinaa leen xamal yéen ñaar
li ngeen wara def. [16] Na lay waxal ak mbooloo mi; su ko defee sa kàddu di
kàddoom, te yaw nga mel ci moom ni Yàlla. [17] Yóbbaaleel yet wii nag, ndax ci
ngay defe firnde yi.»

Musaa dellu na Misra

[18] Musaa nag dellu ca goroom Yettro, ne ko: «May ma, ma dellu Misra, seeti
samay bokk, ba xam nu ñu def.» Yettro ne ko mu dem ak jàmm. [19] Noonu Aji
Sax ji wax ak Musaa ca Majan ne ko: «Dellul Misra, ndaxte ña la doon wuta
rey ñépp dee nañu.» [20] Musaa ànd ak soxnaam ak i doomam yu góor, waral
léen mbaam. Ma ngay dellu Misra, jàpp yetu Yàlla wa[g] ca loxo ba, yóbbaale.
[21] Aji Sax ji ne ko: «Keroog boo delloo Misra, nanga taxaw temm, def ca
kanam Firawna kéemaan, yi ma teg ci sa loxo yépp. Man dinaa dëgëral xolam,
te du bàyyi mbooloo mi, ñu dem. [22] Su ko defee nanga wax Firawna ne ko:
"Aji Sax ji dafa wax ne: 'Israyil mooy sama taaw bu góor. [23] Te wax naa la ne
la, nga bàyyi sama doom, ndax mu man maa jaamu, nga bañ. Kon nag dinaa
rey sa taaw bu góor.'"»
[24] Ba ñu lalee panaan ca yoon wa, Aji Sax ji dafa dogale Musaa, nar koo rey.
[25] Soxnaam Sipora jël paaka bu ñu yette doj, dog mbuñukam doomam, laalale
ko ca tànki Musaa, ne ko: «Jëkkër ju ñuy jote deret de laa am.» [26] Ba loolu

---

[g] **4.20** ***yetu Yàlla wa*** mooy yetu Musaa, wa Yàlla defe kéemaan ya.

amee Aji Sax ji bàyyi Musaa. Ba Sipora di wax lu jëm ci jëkkër ju ñuy jote deret, aaday xarafal gaa taxoon.

[27] Ci biir loolu Aji Sax ji wax Aaróona ne ko: «Demal gatanduji Musaa ca màndiŋ ma.» Aaróona dem seeti ko ca tundu Yàlla wa, fekk ko fa, taf ko ca kawam. [28] Musaa xamal ko la ko Aji Sax ji dénk lépp ak mboolem firnde, ya mu ko sant, mu def ko.

[29] Noonu Musaa ak Aaróona agsi Misra, daldi woo magi bànni Israyil yépp, ñu daje. [30] Aaróona jottali léen kàddu, ya Aji Sax ji wax Musaa yépp, ba noppi Musaa wone firnde ya ca kanam mbooloo ma, [31] ba mbooloo ma gëm. Ba magi Israyil déggee ne, Aji Sax ji nemmiku na bànni Israyil te gis na notaange, gi ñu nekke, dañoo sujjóot, màggal Aji Sax ji.

Musaa ak Aaróona seeti nañu Firawna

5 [1] Gannaaw loolu Musaa ak Aaróona dañoo dem ca Firawna ne ko: «Aji Sax jiy Yàllay Israyil dafa wax ne: "Bàyyil sama mbooloo, ñu dem màggali ma ca màndiŋ ma."»

[2] Firawna ne: «Tuuge waay! Kan mooy Aji Sax ji, ba ma di ko déggal, di bàyyi Israyil, ñuy dem? Xawma sax kuy Aji Sax ji, waxumalaa may bàyyi Israyil, ñuy dem.» [3] Ñu ne ko: «Sunu Yàlla da noo feeñu, nun Ebrë yi. Ngalla may nu, nu dem topp màndiŋ mi lu mat doxub ñetti fan, ngir rendili sunu Yàlla Aji Sax ji sarax, lu ko moy dina nu teg jàngoro mbaa xare, dumaa nu ko.»

[4] Buuru Misra ne léen: «Yéen Musaa ak Aaróona, lu waral ngeen di jële mbooloo mi ci seeni liggéey? Laggleen ca seeni sas waay!» [5] Firawna dellu ne léen: «Baadoolo yi ne xas tey ci réew mi, ngeen nar léena dëdduloo seeni sas!»

Firawna yokk na liggéeyu bànni Israyil

[6] Keroog ca bés ba, Firawna sant na saskati liggéey yaak farbay ngàllo, ga jiite jaam ya, ne léen: [7] «Buleen defati na woon, di jox mbooloo mi boob mu ñuy móole. Gannaaw-si-tey nañu dem wutal seen bopp boob. [8] Waaye sasleen léen limu móol, ya ñu daan móol naka jekk. Buleen ko wàññi, ndax ay yaafus lañu; moo léen tax di dee-deeluy waxeey naan: "May nu, nu dem rendili sunu Yàlla sarax!" [9] Nañu léen yen liggéey bu gëna metti, te ñu dëkke ko, ba duñu tala déglu ay feni neen.»

[10] Ba mu ko defee saskati liggéey ya ak farbay ngàllo ga génn, wax ak mbooloo ma ne léen: «Firawna nee na, du moo leen di jox boob. [11] Yéena wara wutal seen bopp boob ak fu ngeen ko mana ame, te du tax lenn teggiku ci seen liggéey.» [12] Fa la mbooloo ma tasaaroo ca biir réewu Misra, di wut boob.

[13] Saskati liggéey ya nag di léen soññ, naan léen: «Matal-leen seen sasu bëccëg bu nekk, ni ngeen ko daan matale, ba boob amee.» [14] Noonu ñuy dóor farbay ngàllo, ga bokk ca bànni Israyil, te saskati liggéey yu Firawna fal léen ngir ñuy

jiite bànni Israyil ca liggéey ba. Ña nga léen naan: «Lu waral démb ak tey yépp mataluleen limu móol, yi ñu leen sas, te ngeen daan ko matal?»
15 Booba la farbay ngàllog Israyil, dem jooytuji ca Firawna ne ko: «Sang bi,
lu tax nga def nu nii? 16 Du menn boob mu ñu nu joxati, te teewul ñu di nu
sant, nuy móol, di nu ci dóor. Te kat sang bi, sa waa réew a tooñ.» 17 Firawna
ne léen: «Yaafus yi ngeen doon! Yaafus a leen tax di wax naan: "May nu, nu
dem rendili Aji Sax ji sarax." 18 Neleen mott, liggéeyi! Du menn boob mu ñu
leen di jox. Te du tee ngeen matal seen limu móol.» 19 Farbay ngàllo, ga bokk
ca bànni Israyil nag xam ne dal nañu aw sas, ndax la ñu léen ne duñu wàññi
lenn ca limu móol, ya léen war bés bu nekk.
20 Ba loolu amee ñu bàyyikoo ca Firawna, daldi yem ca Musaak Aaróona, fa
ñu léen doon xaar. 21 Farba ya ne léen: «Yal na leen Aji Sax ji gis ba mbugal
leen, ndax tax ngeen Firawnaak i dagam sib nu, te mel na ni yéena teg ci seeni
loxo saamar, bi ñu nuy reye.»
22 Musaa dégg loolu, dellu ci Aji Sax ji, ne ko: «Éey Boroom bi, loraange gi
nga yóbbe mbooloo mii nag? Loo ma doon yónnee? 23 Ba ma demee ca
Firawna, di wax ci sa tur ba tey, mu ngi lor bànni Israyil, sa mbooloo mii, te
xettaliwoo léen sax!»

6 1 Aji Sax ji wax Musaa ne ko: «Dinga gis léegi ni may def Firawna: loxo
bu ko ëpp dooleey tax mu bàyyi léen ñu dem. Bir na ne, loxo bu ko ëpp
doole dina tax mu dàq léen réewam.»

Yàlla dellu na yónni Musaa

2 Yàlla dellu wax Musaa ne ko: «Man maay Aji Sax ji. 3 Feeñu woon naa
Ibraayma ci sama tur wiy Aji Man ji, te ni laa feeñoo Isaaxa ak Yanqóoba it,
waaye sama tur wiy Aji Sax ji leeraluma léen ko woon. 4 Te itam damaa
fasoon ak ñoom kóllëre, ngir jox léen réewu Kanaan, muy réew ma ñu
nekkoon ay doxandéem. 5 Maa déggal sama bopp yuuxi bànni Israyil, gi waa
Misra def ay jaam, te fàttewuma sama kóllëre ga. 6 Kon nag waxal bànni
Israyil ne léen: Man maay Aji Sax ji. Dinaa leen sippil, yéen bànni Israyil, li
leen waa Misra sëf, te dinaa leen teggil njaam, gi ñu leen teg. Dinaa tàllal
sama loxo, dogal mbugal yu kéemaane, ba goreel leen. 7 Dinaa leen def sama
mbooloo, doon seen Yàlla. Dingeen xam ne man Aji Sax ji maay seen Yàlla, ji
leen di teggil sas, yi leen waa Misra teg. 8 Dinaa leen yóbbu ba ngeen dugg
réew ma ma giñoon ne, dinaa ko jox Ibraayma ak Isaaxa ak Yanqóoba, te
dinaa leen ko moomale, man Aji Sax ji.»
9 Ba Musaa waxee loolu bànni Israyil, dégluwuñu ko sax ndax xol bu jeex ak
njaam gu metti.
10 Aji Sax ji wax Musaa ne ko: 11 «Demal wax Firawna, buuru Misra, mu
bàyyi bànni Israyil, ñu génn réewam.» 12 Waaye Musaa tinu Aji Sax ji ne ko:
«Waaw, ndegam bànni Israyil sax nanguwuñu maa déglu, nu ma Firawna di
déggale, man mii tëlee wax?» 13 Aji Sax ji nag wax ak Musaa ak Aaróona, jox

léen ay ndigal ci mbirum bànni Israyil ak Firawna, buuru Misra, ngir ñu yiwi bànni Israyil, ba ñu génn Misra.

Lu jëm ci cosaanu Musaa ak Aaróona

[14] Bànni Israyil ya yilifoon seen kër baay, ñoo di:
Góor ña Ruben, taawu Israyil, jur: Anog ak Palu ak Esron ak Karmi. Ñooñoo sos làngi Ruben.
[15] Doomi Simeyon yu góor di Yemuwel ak Yamin ak Owàdd ak Yakin ak Sowar ak Sawul, mi ndeyam di Kanaaneen. Ñooñoo sos làngi Simeyon.
[16] Doomi Lewi yu góor ñoo di Gerson ak Keyat ak Merari, ku nekk ak askanam. At, ya Lewi dund, téeméer la ak fanweer ak juróom ñaar (137).
[17] Doomi Gerson yu góor ñoo di Libini ak Simey, ñook seeni làng.
[18] Doomi Keyat yu góor ñoo di Amram ak Isar ak Ebron ak Usiyel; te at, ya Keyat dund, téeméer la ak fanweer ak ñett (133).
[19] Doomi Merari yu góor ñoo di Maali ak Musi.
Ñooñoo sos làngi Lewi ak seeni giir.
[20] Amram dafa jël bàjjanam Yokebedd soxna[h], kooku am ak moom Aaróona ak Musaa. At, ya Amram dund, téeméer la ak fanweer ak juróom ñaar (137).
[21] Doomi Isar yu góor ñoo di Kore, Nefeg ak Sigiri.
[22] Doomi Usiyel yu góor di Misayel, Elsafan ak Sitiri.
[23] Aaróona daa jël Eliseba, di doomu Aminadab te di jigéenub Nason. Kooku am ak moom Nadab ak Abiyu ak Elasar ak Itamar.
[24] Doomi Kore yu góor ñoo di Asir, Elkana ak Abiyasaf. Ñooñoo sos làngi Kore.
[25] Elasar, doomu Aaróona moom, daa jël soxna kenn ca doomi Putiyel, kooku am ak moom Pineyas.
Ñooñoo yilif seeni kër baay ca Leween ña, ku nekk sos làngam. [26] Aaróona moomu nag, mook Musaa, la Aji Sax ji wax ne léen: «Yiwileen bànni Israyil, ñu def gàngoor yu jekk, ngeen génne léen Misra.» [27] Ñoom ñooñu ñoo wax ak Firawna, buuru Misra, ngir génne bànni Israyil Misra; du keneen ku dul Musaak Aaróona.

Yàlla feddali na digeem baak Musaa

[28] Keroog ba Aji Sax ji waxee ak Musaa ca réewu Misra, [29] da koo wax, ne ko: «Man maay Aji Sax ji. Nanga wax Firawna, buuru Misra, li ma lay wax lépp.» [30] Waaye Musaa tinu Aji Sax ji ne ko: «Waaw, waaye man, damaa tëlee wax. Mbaa Firawna dina ma déggal yee?»

7 [1] Aji Sax ji ne Musaa: «Dama ne, def naa nga féete Firawna fa ko Yàlla féete, sa mag Aaróona di sa yonent. [2] Su ko defee yaw nga wax li ma la

---

[h]**6.20** Séy bu ni jegee mujj nañu ko tere bànni Israyil. Waaye jamono, ya waajuri Musaa di séy, séy bu jegee noonu aada la fa woon.

sant lépp, sa mag Aaróona wax Firawna, mu bàyyi bànni Israyil, ñu génn réewam. [3] Waaye man dinaa dëgëral xolu Firawna, ba fulandi samay firnde ak samay kéemaan ci biir réewu Misra. [4] Firawna du leen déggal. Su ko defee dinaa tàllal sama loxo, tiimale Misra, te dinaa dogal mbugal yu kéemaane, ba goreel bànni Israyil, gii di sama mbooloo, ñu def ay gàngoor yu jekk, génn Misra. [5] Keroog bu ma tàllalee sama loxo, tiimale Misra, ba génnee bànni Israyil ca seen biir, booba la waa Misra di xam ne maay Aji Sax ji.»

[6] La Aji Sax ji santoon Musaak Aaróona, noonu rekk lañu ko defe. [7] Musaa nga tollu woon ci juróom ñett fukki at (80); Aaróona moom am juróom ñett fukki at ak ñett (83); ca jamono, ya ñuy wax ak Firawna.

Firawna gàntu na

[8] Aji Sax ji dafa wax Musaa ak Aaróona ne léen: [9] «Bu leen Firawna waxee ne leen: "Defleen seeni kéemaan boog!" danga naan Aaróona: "Jëlal yet wi, sànni ci suuf ci kanam Firawna." Su ko defee yet wi dina soppaliku jaan.»

[10] Noonu Musaa ak Aaróona àgg ba ca Firawna, daldi def loolu ko Aji Sax ji santoon. Aaróona jël yetam, sànni ca suuf ca kanam Firawnaak i dagam; yet wa soppaliku jaan. [11] Ba mu ko defee Firawna moom itam woo boroom xam-xam yaak jibar ya. Ñeengokati Misra ya ñoom it fexe ca seeni xarxafuufa, ba def lu mel noona. [12] Ku nekk ca ñoom sànni yetam, mu soppaliku jaan, waaye yetu Aaróona wann seeni yet[i]. [13] Terewul Firawna dëgër bopp, ba tax faalewu léen, muy la Aji Sax ji waxoon.

Yar bu jëkk ba, di ndox, ma doon deret

[14] Gannaaw loolu Aji Sax ji wax na Musaa ne ko: «Firawna daa dëgër bopp. Bañ naa bàyyi mbooloo mi, ñu dem. [15] Teelala xëy ca Firawna ëllëg, buy génn jëm ca ndox ma, nga dogale ko ca tàkkal dexu Niil, te yóbbaale yet, wa soppaliku woon jaan. [16] Wax ko ne ko: "Aji Sax, jiy Yàllay Ebrë yi, moo ma yónni ci yaw; di la wax ne la: 'Bàyyil sama mbooloo, ñu jaamuji ma ca màndiŋ ma. Waaye booba ba tey yaa ngi tanqamlu.' [17] Aji Sax ji dafa wax ne: 'Ni ngay xame ne man maay Aji Sax ji nii la. Déglul, dinaa dóor ci ndoxum Niil mi yet, wi ci sama loxo, ndox mi soppaliku deret; [18] su ko defee jën yi ci dex gi dee, dexu Niil gi dina mujj xasaw, ba waa Misra dootuñu mana naan ci ndoxum Niil.'"»

[19] Noonu Aji Sax ji ne Musaa: «Waxal Aaróona ne ko: "Jëlal saw yet, te tàllal sa loxo tiimale ko ndoxi Misra, muy seeni dex ak seen yooni ndox ak seeni déeg ak fépp fu ndox taa, mu ànd soppaliku deret." Deret ja dina daj Misra gépp, ba ca këll yaak njaq ya.» [20] Musaa ak Aaróona def loolu lépp, na léen ko Aji Sax ji sante. Naka la ne xaas yet wa, ne ko tàrr ca ndoxum Niil

---

[i] **7.12** Manees na jàpp ne jaan, ja yetu Aaróona soppaliku woon, moo wann jaan, ya seen yet soppaliku.

ma, ca kanam Firawnaak i dagam, ndoxum Niil ma yépp di deret, [21] jën ya ca
dexu Niil ga dee, dexu Niil ga xasaw, ba waa Misra manatuñoo naan ca ndoxu
dex ga. Misra gépp di deret. [22] Waaye ñeengokati Misra fexe ca seeni
xarxafuufa, ba def lu mel noona. Firawna dëgër bopp rekk, di tanqamlu
Musaak Aaróona, muy la Aji Sax ji waxoon. [23] Ba loolu amee Firawna ne
wërëñ, dellu këram, te bàyyiwul xel ca mbir ma. [24] Waa Misra gépp di gas la
wër dexu Niil, ngir am ndoxum naan, ndax manuñu woona naan ca dex ga.

Yarub ñaareel ba, di mbott ya

[25] Ba Aji Sax ji dalee ca kaw dexu Niil, ba ñu teg ca juróom ñaari fan, [26] Aji
Sax ji da ne Musaa: «Demal ca Firawna, ne ko: "Aji Sax ji dafa wax ne:
Bàyyil sama mbooloo ñu dem jaamuji ma. [27] Soo léen bañee bàyyi ñu dem kat,
maa leen di mbugale ay mbott yu daj sa réew. [28] Dexu Niil gi dina ramm-
rammeek i mbott, te dinañu ñëw, duggsi sa biir kër ak sa néegu biir ak sa kaw
lal ak sa këri dag ak sa waa réew, ba ca lakkukaay yaak notukaayi mburu ya.
[29] Mbott yi dinañu yéeg ci sa kaw, yéeg ci kaw waa réew mi, ñook say dag
yépp."»

8 [1] Ba loolu weesoo Aji Sax ji ne Musaa: «Waxal Aaróona ne ko mu ŋàbb
yet wi, tàllal loxoom, tiimale ko dex yi ak yooni ndox yeek déeg yi, te
indi mbott yi ci biir réewu Misra.» [2] Aaróona daldi tàllal loxoom, mu tiim
ndoxi Misra, mbott ya jóg, lal réewu Misra. [3] Ñeengokat ya it fexe ca seeni
xarxafuufa, ba indi ay mbott ca réewu Misra.

[4] Ba mu ko defee Firawna woo Musaak Aaróona ne léen: «Ñaanleen Aji Sax
ji, ngir mu teqale nook mbott yi, man ak sama waa réew. Kon dinaa bàyyi
mbooloo mi, ñu dem rendili Aji Sax ji sarax.» [5] Musaa ne Firawna: «Saa yu la
neexee rekk, sang bi. Wax ma ban bés laa lay ñaanal, yaw ak say dag ak sa
waa réew, ndax mu jële fi mbott yi, ñu tàggook yéen, génn seeni kër, ba desatu
léen gis fu dul ca dexu Niil ga.» [6] Mu ne ko: «Nay ëllëg.» Musaa ne ko: «Baax
na, ndax nga xam ne sunu Yàlla Aji Sax ji amul moroom. [7] Mbott yi dinañu
jóge sa kër, teqalikook yéen, yaak say dag ak sa waa réew, ba deesatul gis
mbott fu dul ca dexu Niil ga.» [8] Musaa ak Aaróona nag jóge ca Firawna,
Musaa tinu Aji Sax ji ca mbirum mbott, ya mu yare Firawna. [9] Aji Sax ji def la
ko Musaa ñaan, mbott ya dee, ba jeex ca kër yaak ca ëtt yaak tool ya. [10] Noonu
ñu jal koo jal, ba xet ga ubale ca réew ma. [11] Waaye ba Firawna gisee ca mbir
ma tan, daa wéye dëgër bopp, tanqamlu léen, muy la Aji Sax ji waxoon.

Yarub ñetteel ba, di rayentaan ya

[12] Ba loolu amee Aji Sax ji ne Musaa: «Waxal Aaróona ne ko mu tàllal
yetam, dóor ci pëndub suuf si, mu doon ay rayentaan ci réewu Misra gépp.»
[13] Ñu def loola, Aaróona tàllal loxoom, ba mu jàppe yet wa, dóor ca pënd ba,
mu doon ay rayentaan yu song nit ak rab; pëndu suuf sépp a def i rayentaan ca
réewu Misra gépp. [14] Ñeengokat ya fexe ca seeni xarxafuufa, nu ñu defe ay

rayentaan, waaye manuñu. Rayentaan ya nag song nit ñaak rab ya.
15 Ñeengokat ya ne Firawna: «Lii de Yàlla rekk a ko man!» Waaye Firawna
wéye dëgër bopp, tanqamlu léen, muy la Aji Sax ji waxoon.

Yarub ñeenteel ba, di weñ yay màtte

16 Aji Sax ji waxaat na Musaa ne ko: «Teelala xëy ëllëg ca Firawna, buy génn
jëm ca ndox ma, nga wax ko ne ko: "Aji Sax ji dafa wax ne: 'Bàyyil sama
mbooloo, ñu dem jaamuji ma. 17 Ndaxte soo bàyyiwul sama mbooloo, ñu dem
kat, dinaa yuri ay ndiiraani weñ yuy màtte ci seen kaw, yaak say dag ak sa
waa réew, te dinañu àgg ci sa biir kër. Këri waa Misra dina fees ak i weñ yuy
màtte, ba suuf, si ñu taxaw sax, weñ yi da koy muur. 18 Waaye bu keroogee
dinaa ci musal diiwaanu Gosen, ga sama mbooloo dëkk, ba ay weñ duñu fa
same, ndax nga xam ne, man Aji Sax ji maa ngi ci digg réew mii, 19 te dinaa
musal sama mbooloo ci musiba moomuy dal sa mbooloo. Ëllëg firnde jooju
dina am.'"» 20 Aji Sax ji def loola, weñ yi def i ndiiraan yu réy, song kër
Firawna ak kër dagam ya, dajal réewu Misra, ba réew ma di yàqu ndax
ndiiraani weñ ya.
21 Firawna daldi woolu Musaak Aaróona ne léen: «Demleen rendili seen
Yàlla sarax, te nay ci biir réew mi nag.» 22 Musaa ne ko: «Loolu du yoon, ndax
li nuy rendil sunu Yàlla Aji Sax ji, waa Misra dañu koy xof. Te bu nu
saraxalee lenn lu waa Misra xof, ñuy gis, dinañu nu dóor ay doj, ba nu dee.
23 Kon kay danoo wara génn, topp màndiŋ mi lu mat doxub ñetti fan, rendili fa
sunu Yàlla Aji Sax ji sarax, muy li mu nu sant.» 24 Firawna àddu ne: «Dinaa
leen may, ngeen dem ca màndiŋ ma, rendili seen Yàlla Aji Sax ji sarax, waaye
buleen sore lool. Kon ñaanal-leen ma nag.» 25 Musaa ne ko: «Bu ma bàyyikoo
ci yaw, dinaa tinu Aji Sax ji, ngir ëllëg ndiiraani weñ yi teqalikook yaw
Firawna, yaak say dag ak sa waa réew, waaye kat Firawna, bu nu naxati, di
baña bàyyi mbooloo mi, ñu rendili Aji Sax ji sarax.
26 Noonu Musaa bàyyikoo fa Firawna, tinu Aji Sax ji. 27 Aji Sax ji defal
Musaa la mu ñaan, jële ndiiraani weñ ya ca Firawnaak i dagam ak waa
réewam, ba weñ desatu fa. 28 Waaye Firawna dëgërati bopp, baña bàyyi
mbooloo ma, ñu dem.

Yarub juróomeel ba, di jur ga dee

9 1 Ba loolu wéyee Aji Sax ji dafa ne Musaa: «Demal ca Firawna, nga ne
ko: Aji Sax ji Yàllay Ebrë yi dafa wax ne: "Bàyyil sama mbooloo, ñu
dem màggali ma. 2-3 Ndax boo léen bañee bàyyi kat, xanaa di léen téye ba tey,
sama loxo, man Aji Sax ji, dina dal ci kaw jur gi ci tool yi, muy fas ak mbaam
ak giléem, jur gu gudd ak gu gàtt, te jàngoro ju aaytal lool lay doon. 4 Waaye
man Aji Sax ji dinaa ràññatle juru bànni Israyil ak juru waa Misra, ba lenn du
dee ci mboolem lu bànni Israyil moom."»

5 Aji Sax ji nag jàpp na bés, nee na: «Ëllëg dinaa def loolu ci réew mi.» 6 Ca
ëllëg sa Aji Sax ji def ko: jurug waa Misra gépp dee, waaye jurug bànni
Israyil, lenn deewu ca. 7 Ba Firawna yónnee, ba nemmiku mbir ma, xam na ne
lenn deewul ca juru bànni Israyil, waaye dafa të ticc ba tey, baña bàyyi
mbooloo ma, ñu dem.

Yarub juróom benneel ba, di taab ya

8 Ba loolu amee Aji Sax ji wax Musaa ak Aaróona ne léen: «Tibbleen seeni
loxo dóomu puuru ban, ba mu fees, Musaa xalab mu jëm asamaan, Firawna di
ci gis. 9 Su ko defee dóom bi dina doon pënd bu sew ci kaw réewu Misra gépp,
daldi def i taab yuy sotti dëtt ci réewu Misra gépp, nit ak mala.» 10 Noonu ñu
sàkk dóomu-taal, àgg ca kanam Firawna, Musaa xalab dóom ba, mu jëm
asamaan, dóom ba def i taab yuy sotti dëtt ca nit ñaak mala ya. 11 Ci kaw loolu
ñeengokat ya taluñoo janook Musaa ndax taab, ya léen dal, ñoom ak waa
Misra gépp. 12 Teewul Aji Sax ji dëgëral xolu Firawna, mu tanqamlu léen, muy
la Aji Sax ji waxoon Musaa.

Yarub juróom ñaareel ba, di tawu yuur ba

13 Gannaaw ga Aji Sax ji dafa wax Musaa ne ko: «Teelala xëy ca Firawna
ëllëg, nga wax ko ne ko: "Aji Sax ji, Yàllay Ebrë yi, dafa wax ne: 'Bàyyil
sama mbooloo, ñu dem màggali ma. 14 Ndax kat bii yoon dinaa la won sama
diisaayu loxo, dumaa la ko, yaak say dag ak sa waa réew, ngir nga xam ne,
awma moroom ci àddina wërngal këpp. 15 Nëgëni doon naa la mbugal xaat,
yaak sa waa réew, ba teg leen jàngoro ju leen di far ci kaw suuf. 16 Waaye
dama laa musal, te li ma ci jublu mooy lii: won la sama kàttan, ba sama riirum
tur dajal àddina. 17 Ndaxam yaa ngi réy-réylu ci sama kaw mbooloo mi ba tey,
bañ léena bàyyi, ñu dem. 18 Te kat nëgëni ëllëg dinaa taw yuur[j] bu réy, bu
masula am Misra, ba mu sosoo ba tey jii. 19 Kon nag sa jur ak mboolem loo am
te mu nekk ci biti, booleel fat fu wóor, ndax lu nekk ci biti te fateesu ko, su
tawtee dee, muy nit mbaa mala.'"» 20 Ba mu ko defee ña ragal kàddug Aji Sax
ji ca dagi Firawna fat seeni jaam ak seeni jur fu wóor. 21 Waaye ña faalewul
kàddug Aji Sax ji, ñoom, wacc seeni jaam ak seeni jur ca biti.

22 Aji Sax ji ne Musaa: «Yékkatil sa loxo ca kaw, mu jublu asamaan, ngir
tawu yuur bi dal ci réewu Misra gépp, nit ak mala, ba ci lépp luy gàncax ci
réewu Misra.» 23 Musaa daldi ne yékkét yet wa, mu jublu asamaan, Aji Sax ji
yebal dënu baak tawu yuur ba, sawara wa ne yureet fi suuf, ànd ak tawu yuur,
ba Aji Sax ji sóob ca réewu Misra. 24 Tawu yuur ba réy lool, ànd ak sawara,
wa jaxasook yuur ba, di xuyy-xuyyi, muy guléet ca cosaanu réewu Misra ba
bésub keroog. 25 Noonu tawu yuur ba dal ca mboolem réewu Misra, daaneel
lépp lu ne woon ca biti, nit ak mala, daaneel gàncax gépp, dammat garab ya ca

---

[j] **9.18** ***tawu yuur:*** ndoxum taw la, mu sedd, ba def i donj.

àll ba yépp. [26] Diiwaanu Gosen, ga bànni Israyil dëkkoon doŋŋ, moo mucc ca tawu yuur ba.

[27] Booba nag la Firawna woolu Musaak Aaróona, wax léen ne léen: «Bii yoon de, tooñ naa lool. Aji Sax ji moo nekk ci dëgg, te maak sama waa réew a tooñ. [28] Tinuleen Aji Sax ji, ndax Yàlla dënu yu màgg yeek tawu yuur bi dakk. Dinaa leen bàyyi, ngeen dem. Deesu leen fi téyeeti.» [29] Musaa ne ko: «Bu may génn dëkk bi rekk, di tàllal Aji Sax ji samay loxo, dënu yi dakk, tawu yuur bi siwét, ngir nga xam ne, àddina Aji Sax jeey boroom. [30] Waaye xam naa ne, loolu du tax ba tey, nga ragal Yàlla Aji Sax ji, yaw, yaak say dag.»

[31] Booba nag gàncax ga ñuy defare wëñ gu ñu ëcc, yàqu na yaxeet, mook peppum lors ba, ndax lors baa nga tolloon ca waaja focci, gàncax ga ñuy defare wëñ gaa ngi tóor. [32] Waaye xeeti peppi bele ya, lenn yàquwu ca, ndax yooyooy mujja ñor.

[33] Naka la Musaa bàyyikoo ca Firawna, ba génn dëkk ba rekk, tàllal Aji Sax ji ay loxoom. Dënnu yaak tawu yuur ba ne tekk, taw ba siwét. [34] Ba mu ko defee Firawna gis ne tawu yuur baak dënu ya dakk na, mu dellu të ticc, ànd ak i dagam dellu ca tooñ gay maninam. [35] Firawnaa ngay wéye dëgër bopp ba tey, baña bàyyi bànni Israyil, ñu dem, muy la Aji Sax ji waxoon lu jiitu, Musaa jottali.

Yarub juróom ñetteel ba, di njéeréer ya

10 [1] Ba loolu weesoo Aji Sax ji dafa wax Musaa ne ko: «Demal ca Firawna. Maa dëgëral xolam, mook i dagam, ngir siiwalal léen samay firnde. [2] Su ko defee ngeen mana nettali seeni doom ak seeni sët sama firnde, yi ma toroxale waa Misra, jëfe ko ci seen biir, ndax ngeen xam ne man maay Aji Sax ji.»

[3] Musaa ak Aaróona nag dem ca Firawna wax ko ne ko: «Aji Sax jiy Yàllay Ebrë yi dafa wax ne: “Siide nga maa nangul daal? Waaw, foo àpp sa ngàntal ak man? Bàyyil sama mbooloo, ñu dem màggali ma. [4] Soo bañee bàyyi sama mbooloo, ñu dem kat, ëllëg dinaa wàcce ay njéeréer ci sa réew. [5] Dinañu lal déndu réew mi, ba kenn dootul gis suuf. Dinañu lekk lu fi tawu yuur bi ba woon, te garab, yi ci seeni tool yépp, lañuy lekk. [6] Te itam dinañu fees say biir kër ak say këri dag ak këri waa Misra, muy mbir mu sa maam ak say maamaat masula gis mukk, ba ñu fi sancee ba tey.”»

Ba loolu amee Musaa walbatiku, bàyyikoo ca Firawna. [7] Dagi Firawna ya wax Firawna ne ko: «Lu nu deeti seetaan, waa jii di nu yóbbe aw ay? Bàyyil bànni Israyil ñii kay, ñu màggali seen Yàlla Aji Sax ji! Xanaa yéguloo ne Misra tas na?» [8] Noonu ñu delloosi Musaak Aaróona ca Firawna, mu ne léen: «Demleen màggali seen Yàlla Aji Sax ji! Waaw, ñiy dem sax, ñan la?»

[9] Musaa ne ko: «Nun ñépp ay dem kay, mag ak ndaw; danuy dem, ànd ak sunuy doom, góor ak jigéen, ak sunuy jur gu gudd ak gu gàtt, ndax danoo wara wormaal màggalu Aji Sax ji.»

[10] Firawna ne léen: «Ãa, yal na leen Aji Sax ji saxoo taxawu walla, ndegam
maa leen di bàyyi moos, ngeen dem, yóbbaale seen njaboot! Xam ngeen ne,
naruleen njub de. [11] Mukk laa wax! Du dangeen di màggal Aji Sax ji? Demleen
boog, yéen ñiy góor!»
Ba loolu amee ñu dàq léen, ñu jóge ca Firawna, [12] Aji Sax ji ne Musaa:
«Tàllalal sa loxo, mu tiim réewu Misra, ngir njéeréer yi ñëw, song réewu
Misra, lekk gàncax gi ci réew mi, lekk lépp lu fi tawu yuur bi bàyyi woon.
[13] Ba mu ko defee Musaa tàllal yetam, mu tiim réewu Misra, Aji Sax ji
yékkati ngelaw ca réew ma, mu jóge penku, yendoo gelaw, fanaanoo ko, bët
set ngelawal penku la indi njéeréer ya. [14] Njéeréer ya song réewu Misra gépp,
sam déndu Misra wépp, ba mu fatt taraj. Lu ni tollu masula am, te dootul
amati. [15] Njéeréer ya daa muur suuf sa sépp, ba giseesu ko, suuf sa ñuul kukk.
Njéeréer ya lekk lépp luy gàncax mbaa meññeefi garab gu tawu yuur ba
jotuloona yàq, ba lenn lu naat desatul, du xobi garab, du gàncax, ca mboolem
réewu Misra.
[16] Noonu Firawna gaaw woolu Musaak Aaróona ne léen: «Tooñ naa seen
Yàlla Aji Sax ji, tooñ leen. [17] Baal ma àq bii yoon rekk, te ngeen ñaanal ma
seen Yàlla Aji Sax ji, ngir lu bon-bon mu teggil ma ay, wii di rey.» [18] Musaa
bàyyikoo ca Firawna, tinu Aji Sax ji. [19] Aji Sax ji walbati ngelaw la, mu jóge
sowu, am doole lool, fél njéeréer ya, sànni ca Géeju barax ya, ba luy niru
njéeréer desatul ca déndu Misra. [20] Waaye Aji Sax ji dëgëral xolu Firawna, mu
baña bàyyi bànni Israyil ñu dem.

Yarub juróom ñeenteel ba, di lëndëm ga

[21] Gannaaw loolu Aji Sax ji da ne Musaa: «Tàllalal sa loxo, mu jublu
asamaan, lëndëm wàcc ci kaw réewu Misra, di lëndëm gu nit mana daj, ndax
fatt.» [22] Musaa tàllal loxoom, mu jublu asamaan, lëndëm gu fatt wàcc ca kaw
réewu Misra gépp diiru ñetti fan. [23] Kenn gisul sa moroom, te diiru ñetti fan
kenn manula jóge fa nga nekk. Waaye terewul këri bànni Israyil gépp di leer.
[24] Firawna nag woolu Musaa ne ko: «Demleen màggali Aji Sax ji. Seen jur
gu gudd ak gu gàtt rekk a fiy des, seeni doom sax man nañoo ànd ak yéen .»
[25] Musaa ne ko: «Danga noo wara bàyyee lu nuy rendil sunu Yàlla, Aji Sax ji,
ak yu ñu koy lakkal, ba mu jeex. [26] Sunuy gétt dina nu topp moos, luy nirook
we sax du des gannaaw, ndax ci lanuy tànne lu nuy màggale sunu Yàlla Aji
Sax ji, te itam li feek nuy àgg foofa, manunoo xam lan lanu ciy def sarax,
màggale Aji Sax ji.» [27] Waaye Aji Sax ji dëgëral xolu Firawna rekk, mu bañ
léena bàyyi ñu dem. [28] Firawna nag ne Musaa: «Neel mott! Bul fexe ba
taxawati sama kanam! Ndax bés boo jàkkaarlooteek man, kera ngay dee.»
[29] Musaa ne ko: «Noonu la sax de. Duma jàkkaarlooteek yaw moos!»

Yàlla waaj na yar bu mujj ba

11 [1] Ba loolu wéyee Aji Sax ji waxati Musaa ne ko: «Dinaa dellu wàcce
yarub mujjantal bi ci kaw Firawna ak waa Misra. Su ko defee du leen
bàyyi ngeen dem, yem ca, da leen fiy far dàqe ba fàww. [2] Te neel mbooloo mi,
góor gu nekk ak jigéen ju nekk ci ñoom, na sàkkoo ci dëkkandoo waa
Misraam ay gànjari xaalis ak wurus.» [3] Ci biir loolu Aji Sax ji def waa Misra
yéwéne léen. Musaa sax ci boppam ku ñu naw la woon ca réewu Misra, ca
dagi Firawna ya ba ca baadoolo ya.
[4] Musaa daldi wax Firawna ne ko: «Aji Sax ji dafa wax ne: "Bu guddi gi
xaajee, dinaa wër Misra gépp, [5] te lépp luy taaw tey góor ci réewu Misra dina
dee, dale ko ci ku góor kay taawu Firawna, mi toog ci jal bi, ba ci ku góor kay
taawu jaam bu jigéen bu féetewoo wol, boole ci luy taaw te góor ci jur gépp.
[6] Dees na dégg yuux yu réy jibe Misra gépp, muy lu masula am, te dootul am
mukk. [7] Waaye fu bànni Israyil dëkk, dara du fa wokk nit ak mala." Su boobaa
dingeen xam ne, Aji Sax ji ràññatle na waa Misra ak bànni Israyil. [8] Bu loolu
amee mboolem sa dag yii dinañu ma sujjóotalsi te naan ma: "Demal, yaak
mbooloo, mi la topp yépp!" Su ko defee ma doora dem.» Foofa la Musaa
wone Firawna gannaaw, mer nag ba fees. [9] Fekk na Aji Sax ji waxoon Musaa
ne ko: «Li waral Firawna du leen déglu, mooy sama kéemaan yi wara
fulandiwu ci réewu Misra.» [10] Musaa ak Aaróona def nañu yooyu kéemaan
yépp ca kanam Firawna, waaye fekk na Aji Sax ji dëgëral xolu Firawna, ba mu
baña bàyyi bànni Israyil, ñu génn réew ma.

Lu jëm ci bésu Mucc ba

12 [1] Aji Sax ji wax na ak Musaa ak Aaróona ca réewu Misra, ne léen:
[2] «Weer wii mooy doon ci yéen wi jiitu ci weer yi, te na doon ci yéen
weer, wi jëkk ci at mi. [3] Waxleen ak mbooloom Israyil mépp ne léen, bésub
fukkeel ba ci weer wii, na ku nekk jëlal njabootam ab gàtt, kër gu nekk ak
gàttam. [4] Waaye su dee gàtt bu ëpp waa kër ga, dañu koy bokk ak kër, gi léen
gëna jege, te seet nu nit ña tollu, doora tànn gàtt bu dëppook la ñu mana lekk.
[5] Gàtt ba bumu am sikk te na di kuuyu menn at. Man na doon xar mbaa sikket.
[6] Dangeen koy denc ba fukkeelu bés ba ak ñeent ci weer wii. Bu bés baa ca
diggante ngoon ak jant bu so, na mbooloom Israyil mépp bokk rendi seeni gàtt.
[7] Su ko defee ñu sàkk ca deret ja, taqal ca buntu kër, ga ñu ko nara lekke, taqal
ca ñaari jëni bunt ba ak njëël bunt ba ca kaw. [8] Dañuy lakk yàpp wa cib taal,
lekk ko guddig keroog, boole kook mburu mu amul lawiir ak xob yu wex.
[9] Nañu ko wàjj, mu ne ñumm, bopp bi ak tànk yi ak yérey biir yi. Buleen ci
lekk dara lu ñorul, mbaa lu ñu baxal. [10] Buleen ci wacc dara mu fanaan, te lépp
lu ci des bu bët setee, lakkleen ba mu jeex tàkk. [11] Ni ngeen koy lekke nag, nii
la: bu ngeen koy lekk, dangeen di gaaw, takku, sol seeni dàll, ŋàbb seen yet,

ndaxte sarax la su ñu may rendil, man Aji Sax ji, ngir bés, ba may musal seeni kër.
12 «Guddig keroog dinaa wër réewu Misra te dinaa fàdd lépp luy taaw tey
góor ci réewu Misra, nit ak mala, te itam dinaa mbugal mboolem yàllay Misra.
Man maay Aji Sax ji. 13 Deret ji ci kër, yi ngeen dëkk nag, mooy doon seen
xàmmikaay, ba tax bu ma gisee deret ji, teggi leen, su ko defee bu may dal ci
kaw réewu Misra, menn musiba du leen lor.
14 «Bésub keroog bésu pàttaliku lay doon ci yéen, ngeen war koo màggal ngir
Aji Sax ji, muy dogal bu leen war fàww, yéen ak seen askan.

Lu jëm ci ayu-bésu Mburu mu amul lawiir

15 «Diirub juróom ñaari fan ngeen di lekk mburu mu amul lawiir; te bés bu
jëkk ba ca boppam nangeen jële seeni kër luy lawiir, ndaxte képp ku ca lekk
mburu mu am lawiir, la ko dale bés bu jëkk ba, ba kera bésub juróom ñaareel
ba, dees na ko beddee ci askanu Israyil, génne ko. 16 Bés bu jëkk ba nangeen ca
amal ndaje mu sell. Juróom ñaareelu bés ba itam nangeen ca amal ndaje mu
sell; deesul liggéey lenn ci yooyu bés, xanaa lu moy togg ñam wu ñépp lekk.
Loolu doŋŋ lees ciy mana def.
17 «Nangeen wormaal ayu-bésu ˚Mburu mu amul lawiir, ndaxte ca bés boobu
tembe laa leen génne réewu Misra, ngeen def gàngoor yu jekk. Kon nag
nangeen wormaal bés bii, muy dogal bu leen war fàww, yéen ak seen askan.
18 Li ko dale ngoonu fukki fan ak ñeent ci weer wu jëkk wi, ba ca ngoonu ñaar
fukki fan ak benn ci weer woowu, nangeen ci lekk mburu mu amul lawiir.
19 Diirub juróom ñaari fan bu dara ci lawiir am fenn ci seeni kër, ndax képp ku
lekk lu am lawiir dees na ko beddee ci askanu Israyil, génne ko, muy
doxandéem mbaa doomu réew mi. 20 Buleen ci lekk lenn lu am lawiir, te fépp
fu ngeen dal nangeen lekk mburu mu amul lawiir.»

Waajal nañu bésu Mucc ba

21 Ba loolu amee Musaa woo magi Israyil ñépp, ne léen: «Demleen tànnali
seeni njaboot ay gàtt, te ngeen rendi gàtt yooyu, def ko saraxu bésu Mucc ba.
22 Dangeen di jël ab takku cari isob[k], capp ci deret ji ci ndab li, diw ci seen
njëël bunt ak seen ñaari jëni bunt, te bu kenn ci yéen weesu buntu këram ba
bët set. 23 Su ko defee, bu Aji Sax ji di wër ci biir réew mi, di fàdd waa Misra,
ba gis deret ji taq ci seen njëël bunt ak seen ñaari jëni bunt, day teggi bunt ba,
te du bàyyi Malaakam bóomkat bi, mu dugg seeni kër, di fàdde.
24 «Nangeen sàmmoonteek loolu, muy dogal bu leen war fàww, yéen ak seen
askan. 25 Keroog bu ngeen duggee nag ca réew ma leen Aji Sax ji jox te muy
la mu leen digoon, nangeen sàmmoonteek aada jooju. 26 Te bu leen seeni doom
laajee ne leen: “Lu aada jii di wund?” 27 waxleen léen ne léen: “Loolu sarax la

---

[k]12.22 *isob* as ngarab la su car ba sëq, ba ñu man koo diwe.

ñeel Aji Sax ji ngir bésu Mucc ba, ndax la mu teggi woon këri bànni Israyil ca Misra, kera ba muy fàdd waa Misra te musal ca sunuy kër.”»

Ba mu waxee loolu ba noppi, mbooloo ma sujjóot, màggal Yàlla. [28] La Aji Sax ji santoon Musaa ak Aaróona, noonu rekk la ko bànni Israyil defe.

Yarub fukkeel ba, di deewu taaw ya

[29] Ca xaaju guddi la Aji Sax ji fàdd mboolem taawi réewu Misra yu góor, dale ko ca ku góor kay taawu Firawna, ma toog ca jal ba, ba ca ñu góor ñay taawi nit, ña ñu tëj kaso, boole ca lépp luy taaw tey góor ca jur ga. [30] Noonu Firawna jóg ca guddi ga, moom ak i dagam yépp ak waa Misra gépp, yuux gu réy daldi jibe ca Misra, ndax këroo kër du genn gu nit deewul.

[31] Ba loolu amee Firawna woolu Musaak Aaróona ca guddi googu ne léen: «Ayca! Mott! Soreleen sama waa réew, yéen ak seeni bokk! Laggleen jaamuji Aji Sax ji, li ngeen bëgg. [32] Te itam yóbbaaleleen seen juroo jur, gu gudd ak gu gàtt, li ngeen bëgg rekk, te ne mott! Waaye ñaanaaleleen ma seen Yàlla nag, mu barkeel ma.»

Bànni Israyil gàddaay nañu

[33] Ba mu ko defee waa Misra di soññ bànni Israyil ngir ñu gaaw génn réew ma, ndax booba ña nga naan: «Nun ñépp ay dee!» [34] Loolu tax mbooloom Israyil roñ seen xiiwi sunguf te amagul lawiir, daldi ëmb seen ndabi notukaay ca seeni malaan, gàddu. [35] Fekk na bànni Israyil def la léen Musaa santoon ca waa Misra. Sàkku nañu ca ñoom ay gànjari xaalis ak wurus ak i yére. [36] Aji Sax ji nag def waa Misra nangul bànni Israyil, ba jox léen la ñu sàkku; noonu lañu futtee waa Misra.

[37] Booba la bànni Israyil jóge dëkk ba ñuy wax Ramses, jëm Sukkóot. Ña nga tollu ci juróom benni téeméeri junniy góor (600.000) te limaaleesul jigéen ñaak xale ya. [38] Amoon na it mbooloom nit ñu ànd ak ñoom, te diy xeeti-xeet, ak jur gu bare, gu gudd ak gu gàtt. [39] Noonu ñu lakk mburu mu tàppandaar ca xiiw wu amul lawiir, wa ñu jële Misra. La taxoon xiiw wa ñàkk lawiir mooy dañu léena dàqe Misra, ba taluñu woona fàggu lu ñu lekk.

[40] Diir ba bànni Israyil nekk Misra tollu na ci ñeenti téeméeri at ak fanweer (430). [41] Keroog ca bés, ba ñeenti téeméeri at ya ak fanweer matee sëkk, ca la mbooloom Aji Sax ji def ay gàngoor yu jekk, génnandoo réewu Misra.

[42] Guddig keroog Aji Sax ji teewlul na léen, ba génne léen réewu Misra, moo tax guddi googu di gu ñu jagleel Aji Sax ji, bànni Israyil gépp di ci fanaanee teewlul Aji Sax ji ba fàww.

Li Yàlla dogal ca mbirum bésu Mucc ba

[43] Gannaaw loolu Aji Sax ji dafa wax ak Musaa ak Aaróona ne léen: «Li ma dogal ci saraxu bésu Mucc bi mooy lii. Benn doxandéem du ci lekk. [44] Waaye bépp jaam bu ñu jënd te mu xasa xaraf man na cee lekk. [45] Benn màngaan

mbaa liggéeykat bu ñu bind it du ci lekk. [46] Genn kër lees koy lekke: bu lenn ci yàpp wi génn kër gi, te deesu ci damm benn yax sax. [47] Mboolem ku bokk ci bànni Israyil na def sarax bi. [48] Su fekkee ne ab doxandéem bu ngeen dëkkal dafa bëgga wormaal màggalu bésu Mucc ba ngir Aji Sax ji, war na xaraf te warees na xarafal képp ku bootu ci moom tey góor; su boobaa, dees na ko may, mu def ko, ndax kon day mel ni doomu réew mi. Waaye kenn ku xaraful du ci lekk. [49] Dogal bi benn lay doon, doomu réew mi ak doxandéem, bi dëkk ci seen biir, bokk ci yem kepp.

[50] La Aji Sax ji santoon Musaak Aaróona, noonu rekk la ko bànni Israyil defe.

[51] Bésub keroog boobee la Aji Sax ji yiwi bànni Israyil, ñu def gàngoor yu jekk, génn réewu Misra.

Lu jëm ci aada, yi ñuy fàttalikoo

13 [1] Gannaaw gi Aji Sax ji dafa waxaat Musaa ne ko: [2] «Nanga ma sédde bépp taaw bu góor, nit ak mala, lépp lu jëkka juddu ci bànni Israyil, maa moom.» [3] Musaa ne mbooloo ma: «Fàttalikuleen bésub tey, jii ngeen génne Misra, kërug njaam gi, ak ni leen Aji Sax ji yiwee ci kàttanam. Bu ci kenn lekk mburu mu am lawiir. [4] Yéena ngii tey di dem seen yoon ci weeru °Abiib. [5] Kon keroog bu leen Aji Sax ji yóbboo réewu Kanaaneen ña ak Etteen ña ak Amoreen ña ak Eween ñaak Yebuseen ña, fa mu giñaloon seeni maam, ne dina leen ko jox, muy réew mu meew maak lem ja tuuroo, nangeen wormaal màggal gi ci wii weer te di ko defe nii.

[6] «Diirub juróom ñaari fan ngeen di lekk mburu mu amul lawiir, te na bésub juróom ñaareel ba di bésu màggalug Aji Sax ji. [7] Mburu mu amul lawiir ngeen di lekk diirub juróom ñaari fan; te it bu lenn lu am lawiir mbaa lawiir sax am fenn ci seen biir réew. [8] Bu keroogee na ku nekk xamal doomam ne ko: “La ma Aji Sax ji defal, ba ma génnee Misra, moo waral lii tey.”

[9] «Na màggal googu di pàttaliku ci yéen, mel ni màndarga mu nekk ci seen loxo ak seen jë. Su ko defee ngeen saxoo jàngale yoonu Aji Sax ji, ndax ci kàttanam la leen Aji Sax ji goreelee Misra. [10] Nangeen sàmmoonteek bii dogal ci bésam, at ba at.

[11] «Bu leen Aji Sax ji yóbboo nag réewu Kanaaneen ña, muy la mu leen giñaloon, yéen ak seeni maam, ba jox leen ko, [12] nangeen sédde Aji Sax ji lépp lu jëkka juddu, rendil ko ko: lépp lu seen jur taawloo te muy góor, Aji Sax jeey boroom. [13] Waaye lépp lu mbaam-sëf taawloo, nangeen ko jote kuuyum xar, mu wuutu ko. Bu ngeen ko jotul, dangeen di damm loos wi. Te itam jotleen képp kuy taaw bu góor ci seeni doom. [14] Su ko defee, bu leen seen doom laajee ëllëg, ne leen: “Lii lu muy tekki?” ngeen wax ko ne ko: “Kàttanu loxol Aji Sax jee nu génne Misra, kërug njaam ga. [15] Ba Firawna dëgëree bopp, ba bañ noo bàyyi, nu dem, Aji Sax ji dafa rey mboolem lu doon taaw bu góor ca réewu Misra, muy taawu nit ak mala. Looloo waral nuy rendil Aji Sax ji

lépp lu jëkka juddu di góor, tey rendi sarax su nuy jote képp kuy taaw bu góor ci sunuy doom.” 16 Na yooyu sarax mel ni màndarga mu nekk ci seen loxo ak seen jë, di leen fàttali ni nu Aji Sax ji goreelee kàttanu loxoom, ba nu génn Misra.»

Yàlla jiite na mbooloo ma, ñu dem

17 Firawna bàyyi na mbooloo ma, ñu dem, waaye Yàlla jaaralewu léen ca yoon, wa jëm réewu Filisti, doonte moo gëna gàtt. Booba Yàlla dafa xam ne, su mbooloo ma sóoboo ci ay xare ci woowu yoon, dañuy yoqi, bay xalaata dëpp, dellu Misra. 18 Moo tax Yàlla wiiriloo mbooloo ma, ñu jaare ca màndiŋ ma, jëm ca Géeju barax ya. Noonu bànni Israyil génn Misra, di ay mboolooy xare.

19 Musaa nag yóbbaale yaxi Yuusufa, ma giñloo woon bànni Israyil ne léen: «Yàlla dina leen geesu moos, te bu keroogee nangeen fi jële samay yax, yóbbaale.»

20 Noonu ñu bàyyikoo Sukkóot, dal Etam ca wetu màndiŋ ma. 21 Bu bëccëgee nag Aji Sax ji nekk ca seen kanam ca biir niir wu taxaw, di léen jiite ca yoon wa, te bu guddee mu nekk ca biir jumu sawara, di léen leeral, ba ñu mana dem guddi ak bëccëg. 22 Du bëccëg bu niir wa jóge ca kanam mbooloo ma, te du guddi it gu sawara wa masa wuute.

Firawna dabi na bànni Israyil

14 1 Gannaaw loolu Aji Sax ji wax na Musaa ne ko: 2 «Waxal bànni Israyil ne léen, ñu walbatiku dali fa jàkkaarlook Pi-Axirot, ca diggante Migadol ak Géeju barax ya. Dal-leen foofa jàkkaarlook Baal-Sefon ca tefes ga. 3 Su ko defee Firawna da naan, “Bànni Israyil de dañoo réer ci àll bi, ba faf keppu ci màndiŋ mi.” 4 Gannaaw loolu dinaa dëgëral xolu Firawna, mu topp leen, ba ma jaare ca siiwal sama ndam, ndax dinaa daan Firawnaak i xarekatam yépp, te waa Misra dinañu xam ne, man maay Aji Sax ji.» Bànni Israyil daldi topp ndigal loola.

5 Ba ñu yégalee buuru Misra, ne mbooloo ma daw na, Firawnaak i dagam dañoo bàyyi la seen xel jàppoon ca mbirum bànni Israyil. Dañu ne: «Waaw nun, li nu def nag? Ana luy ndeyi yiwi bànni Israyil, ñu noppee doon sunuy jaam?» 6 Ca la Firawna takklu watiiru xareem, ànd ak i jàmbaaram. 7 Dafa yóbbu mboolem watiiri xarey Misra, jiital juróom benni téeméer, ya ca gën, bu ci nekk yeb ay kilifay xarekat[l]. 8 Noonu Aji Sax ji dëgëral xolu Firawna, buuru Misra, mu toppi bànni Israyil, fekk bànni Israyil di daagu, di génn réew ma, ànd caak fit. 9 Waa Misra ya topp léen, ñook fasi Firawna yépp, ak watiiri

---

[l]14.7 *kilifay xarekat:* watiiru xare yi ñaar la daan yeb, kiy dawal ak kiy fitt, waaye bii yoon Firawna da caa tofal njiitu xarekat, mu ñetteel léen.

xareem ak dawalkatam yaak i xarekatam, ba dab léen fa ñu dal ca tefesu Géeju barax ya, fa jàkkaarlook Baal-Sefon ca wetu Pi-Axirot.

[10] Firawnaa ngay jubsi, bànni Israyil séentu, yemuñu ci ñenn ñu moy waa Misra, ñu jëm ca ñoom. Tiitaange lu réy jàpp bànni Israyil, ñu woo Aji Sax ji wall. [11] Noonu ñu ne Musaa: «Xanaa Misra dafa amul ay sëg, ba nga di nu indi ci màndiŋ mi, nu deesi fi? Loo nu doon génnee Misra? [12] Xanaa du lii lanu la waxoon ca Misra? Noon nanu la, nga bàyyi nu, nu jaamu waa Misra, ndax jaamu waa Misra moo nu gënal nu dee ci màndiŋ mi!»

[13] Waaye Musaa ne mbooloo ma: «Buleen tiit, neleen tekk te xool li Aji Sax ji di def, ba xettali leen tey jii. Ndax kat waa Misra, yii ngeen di gis nii tey, dootuleen léen gis mukk. [14] Aji Sax ji moo leen di xeexal, yéen kay neleen tekk rekk.»

Yàlla xàll na géej ga

[15] Noonu Aji Sax ji wax Musaa ne ko: «Loo may wooye wall? Waxal bànni Israyil, ne léen ñu dem rekk, [16] te yaw nanga yékkati sa yet, tàllal sa loxo mu tiim géej gi, ba xàll ko, ndax bànni Israyil mana dox ci suuf su wow, jàll géej gi. [17] Man nag dinaa dëgëral xolu waa Misra, ba ñu dugg, topp leen. Su ko defee dinaa siiwal sama ndam, ndax dinaa yar Firawnaak i xarekatam yépp, boole ci watiiri xareem ak gawaram yi. [18] Bu ma dumaa Firawna boole kook i watiiram ak i gawaram, ba doxe fa siiwal sama ndam, waa Misra dinañu xam, ne man maay Aji Sax ji.»

[19] Ci kaw loolu malaakam Yàlla, ma féete woon xarekati Israyil kanam naka jekk te di léen jiite, daldi toxu, féete léen gannaaw; niir, wa léen jiitu woon it walbatiku, taxaw ca seen gannaaw, [20] dox diggante dalu waa Misra ak dalu bànni Israyil. Niir waa nga lëndëme genn wet, wet ga ca des di leer ca guddi ga, ba tax guddi ga gépp benn dal manul fekki moroom ma.

[21] Gannaaw ga Musaa tàllal loxoom, mu tiim géej ga, Aji Sax ji yebal ngelawal penku lu réy guddi ga gépp, jañaxe ko géej ga, ndox ya xàjjalikoo, ba suuf su wow feeñ. [22] Bànni Israyil nag dugg ca biir géej ga, di dox ci kaw suuf su wow, ndox ya ne sàtt, ñagal léen ndijoor ak càmmoñ.

[23] Ba mu ko defee waa Misra daw topp ca ñoom, fasi Firawna ak watiiri xareem ak gawaram ya ànd, ñoom ñépp ne yentam ca biir géej ga. [24] Ba njël jotee Aji Sax ji dafa tollu ca biir jumu sawara wa ànd ak niir wa, di xool xarekati Misra, tiital léen, ñu fëlxoo. [25] Mu boole ca téye tànki watiir ya, ba neexatuñoo dawal. Waa Misra ne: «Nanu daw gaaw, ba rëcc bànni Israyil, ndax kat Aji Sax ji moo léen di xeexal, te dal na ci sunu kaw!»

[26] Aji Sax ji nag wax Musaa ne ko: «Tàllalal sa loxo mu tiim géej gi, ndax ndox mi dellusi, ba sottiku ci kaw waa Misra, ñook seen watiiri xare ak seeni gawar.» [27] Noonu Musaa tàllal loxoom mu tiim géej ga. Ba bët di set géej ga dellu mel, na mu meloon. Waa Misra daldi ne wëqét daw, géej ga wal, dogale léen, Aji Sax ji fél léen, ñu ne ca menteñ. [28] Ndox ma daa dellusi, boole mëdd

watiiri xare yaak gawar ya, maanaam mboolem xarekati Firawna, ya léen
toppoon daal, ca biir géej ga. Kenn rëccul. [29] Waaye bànni Israyil ñoom, ca
suuf su wow lañu jaare ca digg géej ga, jàll, ndox ya ne sàtt, ñagal léen ndijoor
ak càmmoñ.
[30] Noona la Aji Sax ji xettalee bànni Israyil bésub keroog ca waa Misra, ñu
gis néewi waa Misra ya ne wetar ca tefes ga. [31] Ba Israyil gisee Aji Sax ji jo
loxoom bu baax ca xareem baak waa Misra, dañoo daldi ragal Aji Sax ji, teg
ca am kóolute ci Aji Sax ji ak ca Musaa, jaamam ba.

Woyu Musaa waak bànni Israyil

15 [1] Noonu Musaa ak bànni Israyil woy Aji Sax ji, màggal ko. Ña nga
naan:

«Ma woy Aji Sax ji, ngir ndamam li kawe lool.
Fas ak gawaram la fab, xalab géej.
[2] Aji Sax jeey sama doole, di sama woy,
moo ma musal moos.
Mooy sama Yàlla, ji may tagge,
di sama Yàllay maam, ji may joobe.

[3] «Aji Sax jiy jàmbaari xare,
Aji Sax jeey turam!
[4] Watiiri Firawnaak i xarekatam
la fab sànni géej;
ñeyi xareem ya
labandoo ca Géeju barax ya,
[5] xóote ya boole sàng,
ñu ne ca biir menteñ, niw doj.

[6] «Aji Sax ji, sa kàttanu ndijoor a yéeme!
Waawaaw Aji Sax ji, sa ndijoor a ne noon ba rajax,
[7] te sa màggaay gu yéemee
nërméel say noon.
Yaa yebal sa mer, mu ne jippét,
ne léen xoyom ni boob.
[8] Nga wol sag noo, ndox ya tegloo,
wal ma ne sàtt, jaloo jalu,
ndoxi xóotey géej way deeŋ!

[9] «Noon baa nga naa: “Maay dàqe, dabe,
˚lël, séddale
séddu, ba xol sedd,

ne saamar boset,
loxo tegg ca ñoom.”
10 Waaye sa ngelaw nga wol,
géej mëdd léen,
ñu diigandoo ni beteex
ca biir géej mbàmbulaan!

11 «Kuy sa moroom ci yàlla yi, yaw Aji Sax ji?
Kuy sa dend, yaak sa sellaay bu yéeme,
sa yànjaay bu raglook
say jëf yu yéeme?
12 Yaa tàllal sa ndijoor,
suuf wann léen.

13 «Sa yiw wu yaa ngay jiitee
sa mbooloo, mi nga jot,
te sa kàttan nga léen di yóbboo
ca sa kër gu sell.
14 Jaambur ñay dégg, di rag-ragi.
tiitaange ne taral waa Filisti,
15 kilifay waa Edom jàq,
njiiti Mowab di kat-kati,
mboolem waa Kanaan tiit, ne yasar;
16 tiitaangeek njàqaree ne milib ca seen kaw.
Sa kàttan a tax
ñu mel niw doj, ne yàcc,
ba kera sa mbooloo jàll, jaaraamaa Aji Sax ji!
kera la sa mbooloo jàll, ñoom, ña nga goreel.
17 Te yaa léen di sampi ca sa tundu bopp,
fa nga waajal, muy dëkkuwaay, jaaraamaa Aji Sax ji!
mooy fu sell, fa nga sàkke sa loxol bopp, yaw Boroom bi.
18 Aji Sax jeey Buur, tey ak ëllëg ba fàww.»
19 Noonu fasi Firawna ànd ak watiiri xareem ak gawaram ya, tàbbi géej, Aji Sax ji delloo ndoxi géej ga ca seen kaw, waaye bànni Israyil ñoom jaare ca joor gu wow ca digg géej ga.

Maryaama woy na

20 Gannaaw ga yonent Yàlla Maryaama, jigéenub Aaróona, daa ŋàbb tabala, jigéen ñépp topp ko, génn di fecc, tabala ya jiin. 21 Maryaamaa nga léen di dëbbeel; ma nga naa:
«Woyleen Aji Sax ji, ngir ndamam li kawe lool.
Fas ak gawaram la fab, xalab géej.»

Lu jëm ci ndox mu wex ma

22 Gannaaw loolu Musaa dafa jële bànni Israyil Géeju barax ya, ñu wéy, wuti
màndiŋ, ma ñuy wax Sur. Dox nañu ñetti fan ca màndiŋ ma, gisuñu ndox.
23 Ñu dem, ba àgg fu ñu naan Maara, waaye manuñoo naan ca ndoxum Maara,
ndax wex. Looloo waral ñu tudde bérab ba Maara (mu firi Fu wex).
24 Mbooloo ma nag di diiŋat Musaa naan: «Ana ndox mu nuy naan nag?»
25 Musaa woo Aji Sax ji wall; Aji Sax ji won ko dammitu bant, mu sànni ko ca
ndox ma, ndox ma neex.

Foofa la Aji Sax ji dogalal bànni Israyil ay sàrti yoon ak ndigal, te fa la léen
nattoo itam. 26 Da ne léen: «Bu ngeen farloo ci déggal seen Yàlla Aji Sax ji,
tey def li jub ci moom, di dégg ay santaaneem tey dogali yoonam, su boobaa
duma leen teg lenn ci jàngoro, yi ma tegoon waa Misra, ndax man maay Aji
Sax, ji leen di wérloo.»
27 Noonu ñu dem ba Elim, fekk fa fukki bëti ndox ak ñaar, ak juróom ñaar
fukki garabi tàndarma. Ñu dal foofa ca wetu ndox ma.

Aji Sax ji leel na bànni Israyil

16 1 Gannaaw ga mbooloom bànni Israyil gépp bàyyikoo na Elim, ba
keroog ca fukki fan ak juróom, ca weer wa topp ca wa ñu génne
réewu Misra, ñu doora agsi màndiŋu Sin diggante Elim ak Sinayi[m]. 2 Foofa ca
màndiŋ ma mbooloom bànni Israyil gépp di diiŋat Musaak Aaróona. 3 Ña nga
naa léen: «Céy ngalla nun, su nu sañoon de, Yàlla moom nu ca réewu Misra,
fa nu daan uufe cini yàpp ya, ñam wa ne gàññ, nu suur këll. Waaye dangeen
noo indi ba ci màndiŋ mii, nara xiifloo mbooloo mii mépp, ba ñu dee.»
4 Ca la Aji Sax ji wax Musaa ne ko: «Xaaral rekk, ma tawal bànni Israyil
ñam wu jóge asamaan, te na mbooloo mi dem bés bu set, fori njëlu bés ba.
Dinaa léen ci nattu ñoom, ba xam ndax dinañu dégg samay ndigali yoon am
déet. 5 Waaye bu ñu demee ba bésub juróom benneel ba, ba togg la ñu ca indi,
dina wara doon ñaar cay la ñuy for bés bu set.»
6 Noonu Musaa ak Aaróona xamal bànni Israyil ne léen: «Bu ngoonee
dingeen xam ne, Aji Sax ji moo leen génne réewu Misra; 7 te bu bët setee
dingeen ne jàkk ci leeru Aji Sax ji, ndaxte dégg na, ngeen di ko diiŋat, ndax
nun tekkiwunu dara, ba ngeen di nu diiŋat.» 8 Musaa dellu wax léen ne léen:
«Moo tax Aji Sax ji dina leen jox yàpp wu ngeen lekk ngoon, te bu bët setee
mu jox leen ñam wu leen reggal, ndaxte Aji Sax ji dégg na, ngeen di ko diiŋat.
Nun lu nu ci? Du nun ngeen di diiŋat waaye yéen ak Aji Sax ji la.»
9 Ba loolu wéyee Musaa ne Aaróona: «Waxal mbooloom bànni Israyil gépp,
ne léen ñu dem ba ca kanam Aji Sax ji, ndaxte dégg na seeni diiŋat.» 10 Noonu
Aaróona di wax ak mbooloom Israyil mépp, waaye naka lañu jekki ne gees ca
màndiŋ ma, daldi yem ca aw niir, leeru Aji Sax ji di ca feeñ. 11 Aji Sax ji wax

---

[m]16.1 *Sinayi* mooy Oreb ba tey.

Musaa ne ko: [12] «Dégg naa diiŋati bànni Israyil. Wax léen ne léen, diggante ngoon ak jant bu so dinañu lekk yàpp, te bu bët setee ñu lekk aw ñam, ba regg, ndax ñu xam ñoom, ne man Aji Sax ji, maay seen Yàlla.»

Lu jëm ci mànn maak piccim përrintaan ya

[13] Ba ngoon jotee ay picci përrintaan[n] dikk, fees dal ba. Ba bët setee lay bay wàcc ca dal ba. [14] Naka la lay ba bàcc, ñu jekki gis lu sew lale ca màndiŋ ma, def fepp yu sew ca biir, te mel ni tawu yuur, tege ca suuf. [15] Bànni Israyil gis ko, di wax ca seen biir naan: «Lii lu mu?» ndax xamuñu woon lu mu doon. Musaa ne léen: «Ñam wi leen Aji Sax ji jox, ngeen lekk, mooy lii. [16] Aji Sax ji dafa santaane ne: "Na ku nekk for lu mat njëlam, bopp bu ne andaar[o], te natt ko ci limu nit, ñi mu bokkal xayma."» [17] Bànni Israyil def noona, ñii for lu bare, ñee lu néew. [18] Waaye ba ñu ko nattee ci andaar, ña sàkkoon lu bare amuñu lu ëpp, te ña sàkkoon lu néew yéeslewuñu. La ñu for dafa tolloo tembe ak seen njël. [19] Musaa ne léen: «Bu ci kenn wacc dara, mu fanaan.» [20] Waaye dégluwuñu Musaa, am na ñenn ca ñoom ñu ca wàññi, fanaanal, mu def ay sax, xasaw xunn. Musaa nag mere léen.

[21] Noonu saa yu ñu xëyee suba, ku nekk for ca njëlam, ndax bu naaj wa tàngaan, mu seey.

Amalees na bésub noflaay

[22] Ba bésu juróom benneel ba jotee, dañoo for lu mat ñaari njël, ku nekk am ñaari andaar, njiiti mbooloo ma nag dem yeggeji ko Musaa, [23] mu ne léen: «Loolu la Aji Sax ji wax, te li muy tekki mooy: ëllëg bésu dal-lu la, di bésub noflaay bu sell ñeel Aji Sax ji. Lakkleen li ngeen di lakk, baxal li ngeen di baxal, te lu ci des ngeen denc ba suba.» [24] Ba ñu ko dencee ba ca ëllëg sa, muy la Musaa santaane, xasawul, saxewul. [25] Musaa wax léen ne léen: «Nangeen ko lekk tey, ndax tey jii bésub noflaay la ñeel Aji Sax ji, te dungeen ko gis tey ci àll bi. [26] Juróom benni fan ngeen koy for, waaye bésub juróom ñaareel ba di bésub noflaay, deesul gis dara.»

[27] Terewul mu am ñu fori ca bésub juróom ñaareel ba, waaye gisuñu dara. [28] Ca la Aji Sax ji wax Musaa ne ko: «Waaw yéen nag, dungeen ma noppee gàntalal samay santaaneek samay ndigali yoon mukk? [29] Nangeen xam xéll ne, man Aji Sax ji, dama leena may bésub noflaay ngir ngeen noppalu, te looloo tax ma di leen may dundub ñaari fan ci bésub juróom benneel bi. Kon nag bésub juróom ñaareel ba na ku nekk toog fi mu nekk, bu ci kenn génnati fi mu dëkk.» [30] Ba loolu amee bànni Israyil di noppalu bésub juróom ñaareel ba.

---

[n] **16:13** ***picci përrintaan:*** xeetu picc la, muy nirook naat te gën koo tuuti.

[o] **16.16** ***andaar:*** moom lañu tekkee omer ci ebrë, te muy natt buy tollu ci ñaari liitar.

Mànn ma jara fàttaliku

31 Noonu mboolem Israyil tudde ñam wa mànn (mu firi Lii lu mu?). Dafa
meloon ni pepp, mi ñuy wax koryanda, te weex, di saf lu mel ni nàkk bu ànd
ak lem. 32 Ci biir loolu Musaa ne: «Aji Sax ji dafa santaane ne: "Sàkkleen ci
andaar, denc ngir seeni sët ak seeni sëtaat. Su ko defee ñu gis ñam, wi ma leen
daan leel ca màndiŋ ma, gannaaw ba ma leen génnee réewu Misra."»
33 Musaa nag wax Aaróona ne ko: «Fabal ndab, def ci andaaru mànn, teg ko
fi kanam Aji Sax ji, te dencal ko seeni sët ak seeni sëtaat.»
34 La Aji Sax ji santoon Musaa la Aaróona def, daldi koy teg ca kanam gaal
gay def àlluway kóllëre ga[p], ñu denc ko fa. 35 Bànni Israyil dunde nañu mànn
diiru ñeent fukki at, ba kera ba ñu agsee réew mu ay nit dëkk, te mooy ba ñu
jéggee digu réewu Kanaan.
36 Ñu jàpp ne andaar, boo ci amee fukk, mooy benn efa[q].

Ndox balle na ciw doj

17 1 Gannaaw loolu mbooloom bànni Israyil mépp def nañu la léen Aji
Sax ji sant, te muy ñu bàyyikoo màndiŋu Sin, di dox ak a taxaw, jëm
Refidim, dali fa. Mbooloo ma amuñu woon ndox mu ñu naan. 2 Ña ngay diiŋat
Musaa, naan ko: «Nangeen nu jox nag ndox mu nu naan!» Musaa ne léen:
«Ana lu ngeen di wuta diiŋat man? Xanaa kay dungeen nattu Aji Sax ji?»
3 Mbooloo ma mar na fa, ba mujj di diiŋat Musaa, naan: «Loo nu doon jële
Misra nag, xanaa du boole nu rey ndax mar, nook sunuy doom ak sunuy gétt?»
4 Ba mu ko defee Musaa woo Aji Sax ji wall, ne ko: «Nu may def ak mbooloo
mii? Balaa yàgg de, dinañu ma dóor ay doj, ba ma dee.» 5 Aji Sax ji ne Musaa
«Àndal ak ñenn ci magi Israyil, nga jaar ci kanam mbooloo mi, yóbbaale yet,
wa nga dóoroon ca dexu Niil ga, téye ko ci sa loxo te dem. 6 Man dinaa taxaw
ci sa kanam ci doj woowu ca tundu Oreb. Dóoral ci doj wi, su ko defee ndox
dina ci génne, mbooloo mi naan.» Musaa def noona ca kanam magi Israyil ña.
7 Bérab boobu la Musaa wooye Maasa (mu firi Nattu) ak itam Meriba (mu firi
Diiŋat), ndax bànni Israyil diiŋat nañu fa te nattu nañu fa Aji Sax ji, ba ñu
naan: «Moo Aji Sax ji ndax mu ngi ci sunu biir, am déet?»

Amalegeen ña xeex nañook Israyil

8 Ba loolu weesoo Amalegeen ña ñëw, xeex ak bànni Israyil ca Refidim.
9 Musaa ne Yosuwe[r]: «Tànnal nu ay xarekat te dem xeex ak Amaleg. Ëllëg
dinaa taxaw ca kaw tund wa, téye yetu Yàlla wi ci sama loxo.» 10 Yosuwe def
la ko Musaa wax, di xeex ak Amaleg. Ci biir loolu Musaa, Aaróona ak Ur dem
yéeg ba ca kaw tund wa. 11 Noonu saa yu Musaa yékkatee loxoom, Israyil man,

---

[p] **16.34** Seetal ci 25.10-12.

[q] **16.36** ***efa*** ab natt la woon, bu wara tollook ñeent fukki liitar ak juróom.

[r] **17.9** ***Yosuwe:*** seetal ci 33.11.

waaye saa yu wàccee loxo ba, Amaleg man. [12] Waaye Musaa mujj sonn ndax loxo yu toqi; ñu jël aw doj, tegal ko, mu toog ca, Aaróona ak Ur séq ko, ku ci nekk taawu benn loxo, loxoom ya ne sàtt taxaw, ba jant so. [13] Ba mu ko defee Yosuwe am ndam lu mat sëkk ca xareem baak mbooloom Amaleg, ba jaarale saamar ca seen kaw.

[14] Ba loolu amee Aji Sax ji wax na Musaa ne ko: «Bindal lii xew ci téere, muy pàttali, te nga xamal Yosuwe ne ko, raafal laay def askanu Amaleg, ba ñu jeex tàkk, ba deesatu léen fàttaliku fu asamaan tiim.» [15] Noonu Musaa sàkk fa saraxalukaay, tudde ko tur wuy tekki: Aji Sax jeey sama raaya. [16] Booba la wax ne, gannaaw loxo xas na ne tegg ci kaw ngànguney Aji Sax ji[s], Aji Sax ji dootul noppee xareek Amaleg ba fàww.

Gorob Musaa yedd na Musaa

18 [1] Yettro saraxalkatu Majan, baayu soxnas Musaa, dafa dégg mboolem la Yàlla defal Musaa ak bànni Israyil, miy mbooloom boppam ak ni Aji Sax ji génnee Israyil Misra. [2] Yettro, gorob Musaa, ànd ak Sipora soxnas Musaa, sa mu yebaloon ca kër baayam, [3] boole kook ñaari doomi Musaa yu góor ya, kenn ka di Gersom (mu firi Doxandéem fii), ndaxte Musaa da ne woon: «Doxandéem laa fii.» [4] Ka ca des mu tudde ko Eliyeser (mu firi Yàlla dimbali na ma), ndax da ne woon: «Sama Yàllay baay doonoon na sama ndimbal te musal na ma ci saamaru Firawna.» [5] Yettro, gorob Musaa, daa yóbbul Musaa soxnaam ak i doomam ba ca màndiŋ ma, fa Musaa dal ca kaw tundu Yàlla wa. [6] Noonu mu yónnee ca Musaa ne ko: «Man Yettro, sa goro, maa ñëw fi yaw, ànd ak sa soxna ak sa ñaari doom yu góor.» [7] Musaa génn gatandu ko, sujjóotal ko, fóon ko; ñu jàmmante ba noppi, doora dugg ca xayma ba.

[8] Musaa nag nettali goroom mboolem li Aji Sax ji def Firawna ak waa Misra ndax Israyil, boole ca jafe-jafe, ya léen dab ca yoon wa yépp, ak na léen ca Aji Sax ji xettalee. [9] Yettro bég lool ca la Aji Sax ji def lépp, ba baaxe Israyil, xettali léen ca noteelu waa Misra. [10] Noonu Yettro ne: «Cant ñeel na Aji Sax, ji leen xettali ci notaangey waa Misraak Firawna, xettaliwaale mbooloo mi ci notaangey waa Misra. [11] Léegi nag xam naa ne, Aji Sax jee sut mboolem yàlla yi, ndax la mu def, ba léen waa Misra toroxalee.» [12] Yettro, gorob Musaa ba, daldi sàkk ˚sarax suy lakk ba jeex, ak yeneen sarax, jagleel ko Yàlla. Aaróona ak magi Israyil ñépp ñëw, ñu bokk ak gorob Musaa lekk ñam wu sell fa Yàlla.

[13] Ca ëllëg sa Musaa toog, di àtte mbooloo ma, ñu wër Musaa suba ba ngoon. [14] Gorob Musaa ba gis mboolem la muy defal mbooloo ma, mu ne ko: «Waaw, ni ngay jëflanteek nit ñi nag? Lu tax ngay toog, di àtte yaw rekk, mbooloo mépp di la wër suba ba ngoon?» [15] Musaa ne goroom: «Li ko waral mooy nit ñi dañuy ñëw ci man, di laaj li dëppook àttey Yàlla. [16] Bu ñu jotee, dañuy ñëw

---

[s]**17.16** Manees na ko tekki nii it: *ci kaw raayay Aji Sax ji*

diis ma ko, su ko defee ma àtte léen ci mbir, mi léen jotale, ba noppi xamal
léen santaaney Yàlla ak ndigali yoonam.» [17] Gorob Musaa ne ko: «Ni ngay
doxale gënul. [18] Dangay dàjji sa bopp doŋŋ yaak mbooloo mi, ndax yen bi dafa
diis, ba mu ëpp ci sa kaw; doo ko àttan yaw rekk. [19] Déglu ma fii, ma digal la,
tey ñaan Yàllaànd ceek yaw. Danga fee toogal mbooloo mi ci kanam Yàlla, di
diis Yàlla jotey nit ñi, [20] di léen xamal ay santaane ak i ndigali yoon te di léen
won fi ñu wara jaar ak li ñu wara def. [21] Kon nag dangay tànn ci biir mbooloo
mi yépp ay góor ñu mat, ñu ragal Yàlla te dëggu, boole ci sib alalu ger. Su ko
defee nga fal léen, ñu yilif ay kureel yu mat junniy nit ak yu tollu ci téeméeri
nit, ba ci juróom fukki nit mbaa fukki nit. [22] Nga bàyyi léen nag, ñuy àtteel
mbooloo mi bés bu nekk seeni jote, te di la indil réeroo yi am solo. Waaye
wacc léen, ñu dogalal seen bopp jote yu sew-sewaan yépp. Noonu ngay def, ba
mu gëna woyof ci yaw, ndax dinañu la jàpple ci yen bi. [23] Boo defee noonu, te
fekk muy li Yàlla dogal, dinga ko mana dékku, te it ñépp dinañu dellook jàmm
ca seeni kër.»

[24] Gannaaw ga Musaa dégg na ndigalu goroom, bay jëfe na mu ko wax.
[25] Noonu Musaa seet ca bànni Israyil gépp, tànn ca góor ñu mat, fal léen, ñu
yilif mbooloo ma, ñii jiite kureeli junniy nit, ñee téeméer, mbaa juróom fukk
mbaa fukk. [26] Ñuy àtte nag mbooloo ma bés bu nekk. Bu dee mbir yu lëj, ñu
indil Musaa; jote yu sew-sewaan ya, ñu di ko àtteel seen bopp. [27] Ba loolu
weesoo Musaa tàggtook goroom, mu ñibbi nag réewam.

Yàlla xamle na kóllëreem

19 [1] Keroog benn fan ca ñetteelu weer wa, gannaaw ba ñu génnee Misra,
ca la ñu agsi màndiŋu Sinayi. [2] Fekk na ñu bàyyikoo Refidim, doora
duggsi màndiŋu Sinayi, daldi dal ca màndiŋ ma. Israyil a nga daloon foofa
janook tund wa.

[3] Ba loolu amee Musaa yéeg, jëm ca Yàlla. Aji Sax ji jaar ci turu Musaa
foofa ca kaw, ne ko: «Nanga wax ak waa kër Yanqóoba te siiwtaaneel ma ci
bànni Israyil lii ma lay wax: [4] "Yéena gisal seen bopp ni ma def waa Misra, te
yéen, ma ne leen fàpp boot, ni jaxaay di fireey laafam, boot ay doomam, ba
ngeen jegesi ma fii. [5] Léegi nag su ngeen ma déggalee bu baax te sàmm sama
kóllëre ak yéen, dingeen doon samay soppe, ma seppee leen ci mboolem askan
yi. Dëgg la, àddina wërngal këpp maay Boroom, [6] waaye yéen ay doon askanu
saraxalkati Buur Yàlla, boole ci doon xeet wu sell." Kàddu yooyu ngay wax
bànni Israyil.»

[7] Noonu Musaa dellu, woolu magi mbooloo ma, jottali léen la ko Aji Sax ji
sant lépp. [8] Mbooloo ma mépp bokk benn baat, àddu ne: «Li Aji Sax ji wax
lépp dinanu ko def.» Ci kaw loolu Musaa dem yegge Aji Sax ji tontal mbooloo
ma.

[9] Aji Sax ji wax Musaa ne ko: «Dama ne, dinaa yiiroo niir wu fatt, ñëw, ba agsi fi yaw, ngir bu may wax ak yaw, mbooloo mi di ci dégg, ndax ñu wóolu la fàww.» Ba loolu amee Musaa yegge Aji Sax ji tontal mbooloo ma.

Yàlla wàcc na ca kaw tundu Sinayi

[10] Gannaaw loolu Aji Sax ji dafa wax Musaa ne ko: «Dellul ca mbooloo ma, te nanga léen sell-luloo tey ak ëllëg. Nañu fóot seeni yére, [11] te waajal gannaaw-ëllëg, ndax gannaaw-ëllëg man Aji Sax ji dinaa wàcc ci kaw tundu Sinayi ci kanam mbooloo mépp. [12] Sàkkalal mbooloo mi dig wu wër tund wi, te wax léen ne léen: "Moytuleena yéeg ci kaw tund wi mbaa ngeen di laal tund wi fenn. Képp ku laal tund wi dees na ko rey. [13] Bu loxo laal kooka, waaye nañu ko dóor ay doj ba mu dee, mbaa ñu jam ko. Bu dee nit mbaa mala, bumu dundati." Bu liit gi jibee doŋŋ lañuy doora mana dem ba ca tund wa.»

[14] Musaa nag wàcc tund wa, dellu ca mbooloo ma, sell-luloo léen, ñu fóot seeni yére, [15] ba noppi wax léen ne léen: «Waajal-leen gannaaw-ëllëg, te buleen fi ànd ak jigéen.»

[16] Keroog ca gannaaw-ëllëg sa, naka la njël jot, muy dënook a melax, ànd ak u niir wu fatt ca kaw tund wa, ak coowal liit gu xumb. Waa dal ba bépp a nga tiit, bay rag-ragi. [17] Musaa daldi jiite mbooloo ma, ñu génn dal ba, dajejeek Yàlla. Noonu ñu dem ba ca suufu tund wa, taxaw. [18] Fekk na tundu Sinayi wa wépp di sël-sëleeku saxar, ndax Aji Sax ja fa wàcc ca biir sawara. Saxar saa ngay gilli ni saxaru puuru ban, tund wépp di rag-rageek doole, [19] liit ga it jàppoo ko, tey gëna jolli. Musaa nag ma ngay wax, Yàlla di ko tontu kàddu yu mel ni dënu. [20] Ba mu ko defee Aji Sax ji wàcc ca tundu Sinayi wa, ca njobbaxtalu tund wa. Noonu Aji Sax ji woo Musaa foofa, ca njobbaxtal ga, Musaa dellu yéeg. [21] Aji Sax ji ne ko: «Wàccal, artu mbooloo mi, ndax ñu baña bëtt, di ma deñsi kumpa; lu ko moy ñu bare ci ñoom dinañu dee. [22] Te it saraxalkat, yi may jege, man Aji Sax ji, dañoo wara sellal, bala may dal ci seen kaw.» [23] Waaye Musaa wax Aji Sax ji ne ko: «Mbooloo mi kat manuñoo yéeg tundu Sinayi, ndax yaw ci sa bopp artu nga nu, ne nu, nu sàkk dig wu wër tund wi te xam ne tund wu sell la.» [24] Aji Sax ji ne ko: «Wàccal te dellusiwaat, ànd ak Aaróona, waaye nag, muy saraxalkat yi, muy mbooloo mi, bu kenn bëtt, jëm ci man Aji Sax ji, lu ko moy ma dal ci seen kaw.» [25] Ba loolu amee Musaa wàcc, fekki mbooloo ma, wax ak ñoom.

Sàrt yi kóllëre gi laaj

20 [1] Yàlla wax na bànni Israyil kàddu yii yépp, ne léen: [2] «Man Aji Sax ji, maa di seen Yàlla, ji leen génne réewu Misra, këru njaam ga.

[3] «Buleen am jeneen yàlla ju dul man.

[4] «Buleen sàkkal seen bopp xërëm yu ñu yett, du lenn luy jëmmal luy nekk asamaan ak suuf, mbaa luy nekk ci biir ndox, yi suuf tiim. [5] Buleen ci sujjóotal lenn te buleen ci jaamu lenn. Ndax man seen Yàlla Aji Sax ji, Yàlla ju fiir laa,

te dinaa topp doom tooñu waajuram, ba ca sët yaak sëtaati ka ma noonoo.
6 Waaye ku ma sopp tey sàmm samay ndigal, dinaa ko defal aw yiw, ba ca
junniy maas yu askanoo ci moom.
7 «Buleen tudd seen turu Yàlla Aji Sax ji ci ay caaxaan, ndax man Aji Sax ji
duma ñàkka topp kuy tudd sama tur ciy caaxaan.
8 «Deeleen fàttaliku bésub noflaay te def ko muy bés bu sell. 9 Juróom benni
fan ngeen am yu ngeen mana liggéey, def ci seen soxla yépp. 10 Waaye bésub
juróom ñaareel ba, bésub noflaay la, ñeel ma, man seen Yàlla Aji Sax ji.
Buleen ci liggéey dara, du yéen, du seen doom, góor ak jigéen, du seen jaam
bu góor ak bu jigéen, du seen jur, te du doxandéem bu nekk ci seen biir.
11 Ndaxte juróom benni fan laa sàkk asamaan ak suuf ak géej ak mboolem la ca
biir, man Aji Sax ji, daldi dal-lu ca bésub juróom ñaareel ba. Moo tax ma
barkeel bésub noflaay te sellal ko, man Aji Sax ji.
12 «Teral-leen seen ndey ak seen baay, ndax ngeen gudd fan ca réew ma ma
leen jox, man seen Yàlla Aji Sax ji.
13 «Buleen bóome.
14 «Buleen njaaloo.
15 «Buleen sàcc.
16 «Buleen seedeel seen moroom lu dul dëgg.
17 «Buleen xemmem lenn lu seen moroom moom, du këram, du jabaram, du
jaamam bu góor mbaa bu jigéen, du nagam mbaa mbaamam.»

Mbooloo ma dagaan na ab jottalikat

18 Ci biir loolu mbooloo mépp a nga teew, ba muy dënook a melax, ànd ak
coowal liit gaak tund way saxar. Ñu gis loolu, di kat-kati, dànd fu sore. 19 Ñu
ne Musaa: «Waxal ak nun yaw, nu dégg, waaye bu Yàlla ci boppam wax ak
nun, lu ko moy nu dee.»
20 Musaa ne mbooloo ma: «Buleen ragal, ndax nattu leen a tax Yàlla ñëw,
ngir ngeen sax ci ragal ko, ba dungeen moy.»
21 Noonu mbooloo ma taxaw, dànd tund wa, mennam Musaa moo jegeji niir
wu fatt, wa Yàlla di feeñ.

Téereb kóllëre gi

Li ñu dogal ci saraxalukaay

22 Gannaaw ga Aji Sax ji wax na Musaa ne ko: «Li ngay wax bànni Israyil
mooy lii: “Yéena ko gisal seen bopp ca asamaan sax laa àddoo, wax ak yéen.
23 Buleen sàkkal seen bopp ay yàllay xaalis mbaa ay yàllay wurus, di ma
bokkaale, bumu am mukk. 24 Saraxalukaay bu ñu defare suuf ngeen may
sàkkal, di ci saraxal seeni gàtt ak seeni nag, muy seen ˚sarax yiy lakk ba jeex
mbaa seen ˚saraxi cant ci biir jàmm. Man nag, mboolem bérab bu ma
màndargaal sama teewaay, dinaa fa ñëw, barkeel leen. 25 Su ngeen ma dee

sàkkal saraxalukaayu xeer, buleen ko defare xeer yu ñu yett, ndaxte bu ngeen ko laalalee ab jumtukaay, selladil ko. [26] Buleen yéeg ci ay ndëggastal, doora mana àgg ca sama saraxalukaay, ndax loolu day tax ngeen di fa sàgganu.”»

21 [1] Aji Sax ji da caa teg ne: «Santaane yi nga léen di tëralal mooy lii:

Lu jëm ci Ebrë yiy jaam

[2] «Su ngeen jëndee jaam bu góor, muy Ebrë, na liggéey juróom benni at. Juróom ñaareel ba lay moom boppam te du ameel kenn dara. [3] Su fekkee ne ba muy dugg njaam, moom doŋŋ la woon, na moom boppam moom doŋŋ; su ko fekkee mu am soxna, na soxnaam ànd ak moom, ñu moom seen bopp. [4] Su fekkee ne sangam a ko may soxna, ndaw si am ak moom ay doom, soxna seek doomam yu góor mbaa yu jigéen, sang bee léen di moom, moom ci boppam doŋŋ ay moom boppam. [5] Waaye su fekkee ne jaam bi dafa wax ne, bëgg na sangam, mook jabaram ak i doomam, te bëggula moom boppam, [6] na ci sang bi sàkku seede àttekat yi, sësal nag waa ji ci lafu bunt bi mbaa jënu buntam, su ko defee mu fab puso, bënn noppu waa ja, mu dib jaamam giiru dundam.

[7] «Su fekkee ne góor dafa jaay doomam ju jigéen, mu dib jaam, deesu ko mana goreel ni bu doon góor. [8] Su ko sangam jëndee, def ko jabar, ba noppi bëggatu ko, war naa nangu ñu feyal ndaw si ag njotam, te amul sañ-sañu jaay ko ay doxandéem, ndax loolu wor la. [9] Su fekkee ne da koo jëndal doomam ju góor, war na jëfeek moom, na mu dëppook wareefu doom ju jigéen. [10] Su sang bi takkee keneen it, warula wàññi la mu warlook ka jiitu ci wàllu dund ak koddaay ak dëkkoo. [11] Su ko sang ba matalul ñett yooyu, day daldi moom boppam te du fey kenn dara.

Lu jëm ci lor sa moroom

[12] «Ku dóor nit rey ko, dee rekk mooy àtteem. [13] Su dul woon pexe mu mu lal, xanaa mu fekk man Yàlla ma yemale nit ki ciy loxoom, dinaa leen won bérab bu muy daw làquji.

[14] «Waaye nag, su nit fexeelee moroomam, nax ko, ba rey ko, su làqoo woon sama saraxalukaay sax, jàppleen ko, rey.

[15] «Ku dóor baayam mbaa ndeyam, dee rekk mooy àtteem.

[16] «Ku sàcc nit, dee rekk mooy àtteem, moo xam da koo jaay, mbaa ñu fekk ko ci ay loxoom.

[17] «Ku saaga baayam mbaa ndeyam, dee rekk mooy àtteem.

[18] «Su ay nit jàppantee, kenn ki dóor moroom ma loxoom mbaa aw doj, te deewul waaye manula ñàkka tëdd, [19] su ci jógee mana génn ci biti, jàpp ciw yet sax, di dox, deesul daan ki ko dóor, waaye dina dàmp ki mu dóor ngir li mu tëdd liggéeyul, ak pajam.

[20] «Ku dóor yet jaamam bu góor mbaa bu jigéen, ba mu dee ciy loxoom, dees koy mbugal, [21] waaye su dundee ba ca ëllëg mbaa gannaaw-ëllëg sa, deesu ko mbugal ndaxte moomeelu sangam la.

[22] «Su ay góor dee jàppante, ba kenn ci ñoom dal ci jigéenu wérul, ba ëmb bi tuuroo, bu ci geneen loraange toppul, dees na feyloo ki dal ci kawam ndàmpaay li jëkkër ji laaj, te ña léen di àtte juboo ci limu pey gi.
[23] «Waaye su ci geneen loraange sababoo, liy àtteem mooy lii: rotal bakkan mooy fey rotal bakkan, [24] bët fey bët, bëñ fey bëñ, loxo fey loxo; tànk fey tànk, [25] lakk-lakk fey lakk-lakk, gaañ-gaañ fey gaañ-gaañ, tëccu fey tëccu.
[26] «Ku dóor ab jaamam bu góor mbaa bu jigéen, ba tuur bëtam, na ko goreel ndax bët ba. [27] Su foqee bëñu jaamam bu góor mbaa bu jigéen, na ko goreel ndax bëñ ba.
[28] «Su aw nag dañee góor mbaa jigéen, ba rey ko, dóorleen nag wi ay xeer ba mu dee, te buleen lekk ci yàpp wi, waaye deesul mbugal boroom nag wi. [29] Su fekkee ne nag wi da daan dañe, ñu yégaloon ko boroom, te mu ñàkk koo wottu, ba mu rey góor mbaa jigéen, dóorleen nag wi ay xeer, ba mu dee, te teg ci rey boroom. [30] Su fekkee ne dees koo sas ndàmpaay, na fey lim bu ñu ko mana sas, muy njot-gi-bakkanam. [31] Ba tey itam, su nag wi dañee xale, ba mu dee, muy góor mbaa jigéen, na àtte biy benn rekk ci boroom. [32] Su nag wi dañee ab jaam ba mu dee, muy góor mbaa jigéen, na boroom nag wi fey boroom jaam ba fanweeri donji xaalis, te ñu dóor nag wi ay xeer, ba mu dee.
[33] «Su fekkee ne nit dafa ubbi kàmb gu ube woon, mbaa mu gas kàmb, wacc ko mu ne ŋàpp, ba nag mbaa mbaam daanu ci, [34] na boroom kàmb gi fey, delloo njég gi boroom mala mi, te féetewoo li ci dee.
[35] «Su nagu nit jamee nagu moroomam, ba mu dee, nañu bokk jaay nag wiy dund, séddoo njég gi, te séddoo nag wi dee.
[36] «Waaye su fekkee muy nag wu ñu xamoon ne da daan dañe, te boroomam ñàkk koo wottu, na feye nag wi dee aw nag, te féetewoo wi dee.
[37] «Ku sàcc nag mbaa gàtt, rey ko mbaa mu jaay ko, na feye nag wi juróomi nag, mbaa gàtt bi ñeenti gàtt.

Lu jëm ci alali nit ak kaaraangeem

22 [1] «Su fekkee dañoo jàpp ab sàcc guddi, muy toj kër jaambur, bu ñu ko dóoree, mu dee, deesul topp ki ko dóor bakkanam, [2] waaye su fekkee jant xasa fenk, dees na ko topp bakkanam.
«Ki sàcc daal, na delloo li mu sàcc rekk. Su fekkee amu ko, jaayleen ko njaam, ndax càcc gi.
[3] «Su dee ku sàcc mala, muy nag mbaa mbaam mbaa ab gàtt, te ñu fekk ko ciy loxoom, muy dund, na fey ñaaram.
[4] «Ku wacc sag jur, mu ruur toolu jaambur, ba lekk toolam mbaa tóokëru reseñam, na tànn li gën ci meññeefu toolu boppam mbaa tóokëru reseñam, dàmpe ko boroom tool bi mu lor.
[5] «Su fekkee ne dañoo taal sawara, mu jàpp cib ñag, lakkaale pepp mu jóore mbaa pepp mu ñor mbaa mu ñoragul, ki taal sawara wa mooy xala fey li ci lakk.

[6] «Su nit dénkee moroomam xaalis, mbaa alal, ñu sàcce ko ci kër ki denc, te ñu jàpp sàcc bi, na sàcc bi fey li mu sàcc ñaari yoon. [7] Su ñu ko jàppul nag, na boroom kër gi sàkku seede àttekat yi, te waat ne, du moom ci boppam moo aakimoo alalu moroomam. [8] Saa yu ay nit jotee ci mbirum nag mbaa mbaam mbaa gàtt mbaa yére, mbaa lu réer lu mu doon, ñaar ñi solowoo alal ji, muy mala mbaa leneen, nañu yóbbu mbir mi fi kanam àttekat yi. Ku ci àttekat yi teg tooñ, na fey moroom mi ñaari yoon.

[9] «Su nit dénkee moroomam mbaam mbaa nag mbaa gàtt mbaa mala mu mu mana doon, te jur gi dee mbaa mu damm mbaa ñu sàcce ko àll te amul seede, [10] li léen di àtte ngiñ lay doon ci Aji Sax ji. Na ka dencoon mala ma giñ ne, jëlul alalu ki ci des, na boroom mala mi nangu ngiñ li, te ki dencoon du ko fey dara. [11] Waaye su ñu sàccee mala mi ci këram, moom mi dencoon, na delloo boroom. [12] Su fekkee ne rabu àll a fàdd mala mi, na indi li ci des, muy firnde, te kon du fey dara. [13] Su nit àbbee juru moroomam, mu damm mbaa mu dee fu boroom nekkul, na ki àbboon fey. [14] Waaye su ko boroomam fekkee, du laaj muy fey. Su fekkee ne dafa bindoon mala mi ci boroom di ko fey, na boroom féetewoo njég, ga ñu binde woon mala mi, muy peyam.

Lu jëm ci sàrt yiy rafetal dundin

[15] «Su góor naxee ab janq bu kenn joxagul warugar, ba tëdde ko, na fey warugaram, muy jabaram. [16] Su fekkee ne baayam dafa lànk, ne du ko ko may, du tere mu wara fey ci xaalis lu tollook warugaru janq.

[17] «Buleen bàyyi xërëmkat bu jigéen muy dund, dees koy rey[t].

[18] «Képp ku jaxasoo ak mala ni ku góor di jaxasoo ak ku jigéen, dee rekk mooy àtteem.

[19] «Kuy saraxeel jeneen yàlla ju dul Aji Sax ji moom rekk, reyleen ko ba mu dee wett.

[20] «Buleen tooñ ab doxandéem mbaa ngeen di ko not, ndaxte yéen itam ay doxandéem ngeen woon réewu Misra.

[21] «Buleen not ab jëtun ak ub jirim. [22] Bu ngeen léen notee, dinañu ma woo wall, te na leen wóor ne dinaa ci dégg. [23] Su boobaa sama mer dina ne jippét ni sawara, te dinaa jaarale saamar ci seen kaw, ba seeni jabar diy jëtun, seeni doom diy jirim.

[24] «Bu ngeen dee lebal ku bokk ci sama mbooloo, di néew-ji-doole ju ngeen dëkkal, buleen def ni ab leblekat, di ko sas lu mu ciy teg.

[25] Su ngeen nangoo mbubbam tayle ci seen dëkkandoo, dellooleen ko ko bala jant a so. [26] Moom doŋŋ la am ci yére, di ko sànge yaramam; su ko ñàkkee, lu muy sàngoo ba tëdd? Te su ma wooyee wall kat, dinaa ci dégg, ndax Boroom Yërmande laa.

---

[t] **22.17** Seetal ci Saraxalkat yi 19.26 ak 31.

[27] «Buleen wax lu ñaaw ci man Yàlla te buleen wax lu bon ci seen njiitu
réew.
[28] «Buleen ma yeexa jox sama cér, muy li fees ba tuuroo ci seeni sàq ak li
fees ba wale ci meññeef mu ngeen nal, te seeni taaw yu góor ngeen may sédde
[29] te sédde ma itam li seeni jur taawloo; lu gudd ak lu gàtt. Waaye lu mu ci
doon bàyyileen ko juróom ñaari fan ci ndeyam, bésub juróom ñetteel ba, ngeen
door ma koo jox. [30] Nangeen doon nit ñu sell, ñeel ma, kon nag buleen lekk
yàppu mala mu ñu fàdde ci àll bi; sànnileen ko xaj yi.

Lu jëm ci maandute ak yërmande, gi àtte laaj

23 [1] «Buleen siiwal ay fen; buleen lëngoo ak tooñkat, di ko seedeel ay
fen. [2] Buleen far mbooloo mu gëna bare ci seen jëf yu bon, te it buleen
faral mbooloo mu gëna bare ci ab layoo, di léen seedeel luy toxal dëgg.
[3] Buleen jeng di far ak aji ñàkk ci ab layoo.
[4] «Su ngeen dajeek seen nagu noon mbaa mbaamam mu réer, fexeleen ba
delloosil ko ko. [5] Su ngeen gisee seen mbaamu noon, mu ab sëf daaneel,
buleen ko romb; dimbalileen seen noon, yékkatil-leen ko ko.
[6] «Buleen jeng ci ab layoo, di xañ aji ñàkk li mu ci yeyoo. [7] Buleen dugg ci
jiiñaate lu dul dëgg, te buleen rey ku deful dara mbaa ku nekk ci dëgg, ndax
man duma ñàkka topp kenn ku tooñ. [8] Alali ger nag buleen ko nangu, ndax ger
day gumbaal njàccar tey safaan waxi ki nekk ci dëgg.
[9] «Buleen fitnaal doxandéem, ndaxte yéen ci seen bopp xam ngeen li
doxandéem di yég ci xolam, ndax nekkoon ngeen ay doxandéem réewu Misra.

Lu jëm ci bési noflaay

[10] «Diirub juróom benni at ngeen di ji seen tool, for li ci meññe; [11] waaye
atum juróom ñaareel bi, noppal-leen tool bi, booyal ko; way ñàkk ji man cee
lekk, li ci des, rabi àll yi for ko. Seen toolu reseñ ak seen tóokëru oliw itam,
naka noonu.
[12] «Diirub juróom benni fan ngeen di liggéey, waaye bésub juróom ñaareel bi
bàyyendileen liggéey bi, ndax seen nag ak seen mbaam mana noppalu, te kuy
surga mbaa muy doxandéem mana astandiku.
[13] «Sàmmleen li ma leen wax lépp; buleen tudd benn yoon turi yeneen yàlla,
buñu ko dégg sax ci seen gémmiñ.

Lu jëm ci bési màggali Israyil

[14] «Ñetti yoon ci at ngeen may jagleel màggal. [15] Wormaal-leen ayu-bésu
˚Mburu mu amul lawiir, di ci lekk mburu mu amul lawiir diiru juróom ñaari
fan, muy li ma leen sant, saa yu jamonoom jotee ci weeru ˚Abiib, ndaxte ci
ngeen génn Misra. Bu kenn ci yéen taxawe loxoy neen ci sama kanam. [16] Te it
wormaal-leen ˚màggalu bésu Ngóob mi jëkka ñore ci tool, yi ngeen di bey, ak
˚màggalu bésu Farmàngu mi ci ndeetel at mi, fekk ngeen dajale seen meññeef

ba noppi. [17] Ñetti yoon ci at, la seen góor ñépp di teew fi sama kanam, man seen Boroom, Aji Sax ji.

[18] «Buleen ma rendil lenn, di boole deret jaak lu am lawiir, te buleen fanaanal nebbonu jur gu ngeen ma saraxalal.

[19] «Ngëneeli meññeef ma jëkka ñore ca seen suuf, ngeen di yóbbu sama kër, man Aji Sax ji seen Yàlla.

«Buleen togge tef soowum yaayam.

Yàlla yeb na bànni Israyil

[20] «Te nag man ci sama bopp, dinaa yebal malaaka, mu jiitu leen, di leen sàmm ci yoon wi, ba yóbbu leen fa ma leen waajalal. [21] Dégluleen ko bu baax, déggal ko te baña fippu, ndax du leen baal seen moy ngir moo ma taxawal. [22] Waaye bu ngeen ko déggalee tey def li ma leen di wax lépp, ma daldi noonoo seeni noon, bañ seeni bañaale.

[23] «Bu leen sama malaaka jiitoo, ba yóbbu leen ca réewum Amoreen ña ak Etteen ña ak Periseen ña ak Kanaaneen ña ak Eween ñaak Yebuseen ña, ba ma faagaagal léen, [24] buleen sujjóotal mukk seeni yàlla, di léen jaamu, mbaa ngeen di roy seeni aada, waaye yàqateleen seeni xërëm te toj tasar seen tuuri doj, ya fa sampe. [25] Jaamuleen ma, man seen Yàlla Aji Sax ji, ma barkeel leen ci lekk ak naan, dàqal leen luy jàngoro, mu dëddu leen. [26] Du kenn ci seen um réew ku biiram di yàqu, mbaa mu tëlee am doom, te dinaa guddal seen fan ba, mu mat sëkk.

[27] «Tiitaange laay yebal, mu jiitu leen, dinaa tiital mboolem xeet wu ngeen fekki, ñu fëlxoo, te dinaa def seen noon yépp ne wëqét, won leen gannaaw, bala ngeena agsi. [28] Dinaa yebal tiitaange ju réy, laata ngeen di ñëw, ba dàqal leen Eween ñi ak Kanaaneen ñi ak Etteen ñi, ngeen jiital léen. [29] Waaye duma léen dàqandoo ci menn at, lu ko moy réew mi gent, rabi àll yi jur ba bare, muy seen ngaañ. [30] Dama léen di dàq tuuti-tuuti, ba kera ngeen di yokku, ba nangu réew mi.

[31] «Dinaa leen dogal li ko dale géeju Barax yi ba géeju Filisti, daleeti ca màndiŋ ma ba ca dexu Efraat, ndax dinaa fab waa réew mi, teg ci seeni loxo, ngeen dàq léen, jiital. [32] Buleen doxale kóllëre seen diggante, du yéen ak ñoom, du yéen ak seeni yàlla, ñoom. [33] Buleen léen bàyyi, ñu dëkk ci seen réew, lu ko moy dinañu tax ngeen moy ma, ndax dingeen namma jaamu seeni yàlla, ñoom, mu dig fiir ci yéen.»

Yàlla fasante na kóllëre ak bànni Israyil

24 [1] Gannaaw loolu Yàlla wax na Musaa ne ko: «Yéegal ñëw ba fi man, Aji Sax ji, ànd ak Aaróonaak Nadab ak Abiyu ak juróom ñaar fukki magi Israyil, te ngeen dànd ma nee, sujjóot. [2] Su ko defee yaw rekk yaay ñëw, ba jege ma, man Aji Sax ji, waaye ñi ci des buñu jegesi, te it bu mbooloo mi yéegandoo ak yaw.» [3] Musaa daldi dem yeggeji mbooloo ma santaaney Aji Sax

ji ak dogalam ya yépp, mbooloo ma mépp bokk benn baat, ne ko: «Li Aji Sax
ji wax lépp dinanu ko def.» [4] Ba loolu weesoo Musaa bind na mboolem
santaaney Aji Sax ji. Noonu mu xëy suba teel, sàkk saraxalukaay ca suufu tund
wa, sampaale fa fukki doj ak ñaar, muy fàttali fukki giiri Israyil yaak ñaar. [5] Ba
mu ko defee mu tànn ay ndawi bànni Israyil, ñu def ay ˚sarax yuy lakk ba jeex,
rendiwaaleel Aji Sax ji ay yëkk, muy ˚saraxu cant ci biir jàmm. [6] Musaa jël
genn-wàllu deret ja, sotti ca ay ndab, la des ca deret ja mu xëpp ko ca
saraxalukaay ba. [7] Ba mu noppee nag, jël téere, ba ñu bind kóllëre ga, jàngal
ko mbooloo ma, ñuy dégg. Mbooloo ma ne ko: «Li Aji Sax ji wax lépp dinanu
ko def, ba mu mat sëkk.» [8] Musaa jël deret ja, wis-wisal ca kaw mbooloo ma,
ne léen: «Xool-leen fii, lii mooy deret, ji Yàlla fase kóllëre gi mu séq ak yéen
te mu aju ci mboolem santaane yii.»
[9] Ba loolu amee Musaaànd ak Aaróona ak Nadab ak Abiyu ak juróom ñaar
fukki magi Israyil, ñu yéeg; [10] daldi gis Yàllay bànni Israyil. Lu mel ni dëru
per bu safiir a nga lal tànkam ya, di lerax te am melow baxa bu set wecc ni
asamaan. [11] Waaye Yàlla dalul ca kaw njiiti bànni Israyil. Gis nañu Yàlla, te ba
ñu noppee lekk nañu, naan nañu.

Musaa yéeg na ca tund wa

[12] Aji Sax ji dafa wax Musaa ne ko: «Yéegal ba ci man ci kaw tund wi te
négandiku. Dinaa la jox àlluway xeer, yi ma bind yoon wi ak santaane yi, ngir
nga jàngal ko mbooloo mi.» [13] Noonu Musaa jóg, mook Yosuwe, bëkk-
néegam. Musaa nag yéeg ca tundu Yàlla wa. [14] Fekk na mu wax mag ña ne
léen: «Xaarleen nu fii, ba nu dellusi. Aaróona ak Ur a ngi nii nekk ak yéen, ku
ci am looy àttelu, demal ci ñoom.»
[15] Ba Musaa yéegee ca kaw tund wa, niir wa daa yiir tund wa, [16] leeru Aji
Sax ja nekk foofa ca tundu Sinayi wa, niir wa yiir tund wa diiru juróom benni
fan. Bésub juróom ñaareel ba Aji Sax ji àddoo ca digg niir wa, woo Musaa.
[17] Leeru Aji Sax jaa ngay niru bànni Israyil lu mel ni sawara wuy tàkk ca
njobbaxtalu tund wa. [18] Musaa nag yéeg ca tund wa, ca biir niir wa. Noonu
Musaa nekk ca tund wa ñeent fukki guddi ak ñeent fukki bëccëg.

La Yàlla santaane ci mbirum màggalukaay

25 [1] Ba loolu weesoo Aji Sax ji wax na Musaa ne ko: [2] «Waxal bànni
Israyil ne léen, ñu génneel ma ay sarax. Nanguleen saraxu képp ku ko
xolam yéene. [3] Sarax yees di nangoo ci ñoom mooy lii: wurus, xaalis ak
xànjar, [4] ak wëñ gu baxaam laal yolet ak wëñ gu xewar ak gu xonq curr ak
wëñ[u] gu ëccu ba sew, ak kawari bëy [5] ak deri kuuyu xar yu ñu wulli, xonqal
ko, ak deri piipi[v] ak banti séng[w], [6] ak diwu oliw gu ñuy taaloo, ak ndàbb luy

---

[u] **25.4** ***wëñ*** googu gàncax gu tudd lẽ lañu koy defare.

[v] **25.5** ***piipi*** rabu géej la, bu der ba nooy te ndox du ko dugg.

xeeñal diw, gi ñuy sellale, te it ñu di ko booleek cuuraay lu xeeñ li; [7] ak ay peri onigsë ak yeneen per yu ñuy tapp ca ˚xar-sànni maak kiiraayal dënn ba. [8] Nañu ma defaral kër gu sell, ndax ma dëkk ci seen biir, ñoom. [9] Na lépp dëppoo ak li ma lay won. Nangeen ko def mu mel ni misaalu xaymab ˚màggalukaay bi ak misaalu mboolem lu muy àndal.

Lu jëm ci gaal gay def àlluway kóllëre ga

[10] «Defaral gaalu dénku séng, guddaay ba di ñaari xasab ak genn-wàll, yaatuwaay ba di xasab ak genn-wàll; taxawaay ba di xasab ak genn-wàll.
[11] Nañu ko xoob wurusu ngalam, xoob ko biir ak biti, te sàkkal ko kéméju wurus, mu wër ko. [12] Móolalal gaal ga ñeenti lami wurus yu ñuy takk ca ñeenti tànk ya; ñaari lam ca genn wet ga, ñaar ca wet ga ca des. [13] Yettlul ay banti njàppuy séng, xoob ko wurus. [14] Su ko defee ñu roof njàppu ya ca lam ya ca weti gaal ga, ñu di ko gàddoo gaal ga. [15] Na njàppu ya des ca lami gaal ga te bañ caa jógeeti. [16] Dencal ca gaal ga àlluway kóllëre ga ma lay jox.
[17] «Te it tëgglul wurusu ngalam, sàkk ci kubéeru saraxu njotlaay. Na guddaay ba di ñaari xasab ak genn-wàll, yaatuwaay ba di xasab ak genn-wàll. [18] Tëggal wurus, sàkk ca ñaari mbindeef yu tudd ˚serub te am ay laaf, féetale kook ñaari cati kubéer ga. [19] Defal cat lii ab serub, cat lee ab serub te móolaaleel serub ya ca ñaari cat ya, ñu ànd ak kubéer ga di benn. [20] Na serub ya tàllal seeni laaf jëme kaw te yiire kubéer ga seeni laaf. Nañu janoo te seeni kanam jublook kubéer ga. [21] Tegal kubéer ga ca kaw gaal ga, gannaaw bu ñu ca yebee àlluway kóllëre ga ma lay jox. [22] Foofa laay dajeek yaw, fa tiim kubéer ga, ca diggante ñaari serub ya ca kaw gaalu kóllëre ga, xamal la fa la ma lay sant lépp ci bànni Israyil.

Lu jëm ci taabal, ja saraxu mburu may tege

[23] «Defarlul taabalu bantu séng, guddaay ba di ñaari xasab, yaatuwaay ba di xasab, taxawaay ba di xasab ak genn-wàll, [24] xoob ko wurusu ngalam te defal ko kéméju wurus gu ko wër. [25] Defal ko pegg bu ko wër bu tollu ci ñeenti baaraam, te sàkkal pegg ba wombu wurus, wëralee ko. [26] Defarlul ko ñeenti lami wurus te takk lam ya ca ñeenti wet ya, fa fareek ñeenti tànk ya. [27] Na lam ya dendeek pegg ba, ngir mana téye njàppu, ya ñuy gàddoo taabal ja. [28] Yettlul ay njàppu yu bantu séng, xoob ko wurus, ñu di ko gàddoo taabal ja. [29] Sàkkal ay ndabam yu tell ak i mbàttoom, boole kook njaq yaak këll, ya ñuy tuural Yàlla, te defal lu ci nekk di wurusu ngalam. [30] Tegal mburu ca kaw taabal ja, mu teew ci sama kanam te nekk fi fàww.

---

[w]**25.5** ***séng:*** am na ñu koy wooye kasiya.

Lu jëm ci tegukaayu làmp ba

31 «Defarlul tegukaayu làmp bu wurusu ngalam. Tegukaay ba dees koy tëgg.
Na taatu tegukaay ba ak per ba ànd ak i kaasam ak i kàmbóotam ak i mbaram,
lépp di benn. 32 Juróom benni car ñooy soqikoo ca wet ya, ñetti car ci gii wet,
ñett ca ga ca des. 33 Benn car day am ñetti kaas yu bindoo ni tóor-tóoru garabu
amànd[x], kaas bu ci nekk ànd ak ay kàmbóotam ak i mbaram, car ba ca topp am
ñetti kaas yu bindoo ni tóor-tóoru garabu amànd, kaas bu ci nekk ànd ak i
kàmbóotam ak i mbaram, juróom benni car, ya soqikoo ca per ba, daj.
34 Gannaaw loolu peru tegukaayu làmp ba itam day am ñeenti kaas yu bindoo
ni tóor-tóoru garabu amànd, ànd ak ay kàmbóotam ak i mbaram. 35 Ab
kàmbóot ay ronu ñaari car, jàpp ca; beneen kàmbóot ronu ñaari car ya ca topp,
jàpp ca, ab kàmbóot ronu ñaari car ya mujj, jàpp ca, juróom benni car, ya
soqikoo ca peru làmp ba, daj. 36 Kàmbóot ya ak car ya dañuy ànd ak tegukaay
ba, di benn, lépp doon lu ñu tëgge wenn donju wurusu ngalam. 37 Defarlul
juróom ñaari làmpam. Te na làmp ya tege tegin wuy leeral ca kanam tegukaay
ba. 38 Na ñiimi feyukaayam ak gaali tonnikaayi bànqanoosam di wurusu
ngalam. 39 Defarlul tegukaayu làmp ba, ak mboolem la mu àndal ci fanweeri
kiloy wurusu ngalam ak juróom. 40 Xoolal bu baax te topp misaal, yi ñu la ciy
won ci kaw tund wii.

Lu jëm ci sori xaymab màggalukaay ba

26 1 «Xaymab ˚màggalukaay ba nag, defare ko fukki sori rabal yu ëccu
ba sew, mu ànd ak wëñ gu baxaam laal yolet ak wëñ gu xewar ak gu
xonq curr, te ñawaale ca nataali ˚serub. 2 Guddaayu sor bu nekk na doon ñaar
fukki xasab ak juróom ñett, yaatuwaay ba di ñeenti xasab, te sor yépp ay
tolloo. 3 Yii juróomi sor day taqaloo ca guddaay ba, juróomi sor ya ca des
taqaloo noonu. 4 Ñawlul ay takku yu baxaam laal yolet ca catal sor, ba mujj ca
benn taqalante ba, te ñawe ko noonu itam ca catal sor, ba jeexal taqalante ba ca
des. 5 Ñawlul itam juróom fukki takku ca catal benn sor ba, ak juróom fukki
takku ca catal sor, ba jeexal taqalante ba ca des, te takku ya yemoo. 6 Su ko
defee nga defarlu juróom fukki lonku yu wurus yu tax ñu mana jokkale sor yi,
ba màggalukaay ba doon benn.
7 «Bu loolu weesoo, ràbblul ay sori kawari bëy, muy kiiraay ca kaw
màggalukaay ba. Na sor ya di fukk ak benn. 8 Guddaayu sor bu nekk di
fanweeri xasab, yaatuwaay ba di ñeenti xasab, te fukki sor yeek benn yépp ay
tolloo dayo. 9 Taqaleel yii juróomi sor, juróom benni sor yi ci des it noonu, te
lemaat juróom benneelu sor ba ca kanam xayma ba. 10 Sàkkal juróom fukki
takku ca catal sor, ba mujj ca benn taqalante ba, ak juróom fukki takku ca catal
sor, ba jeexal taqalante ba ca des. 11 Sàkkal juróom fukki lonku yu xànjar te we
lonku ya ca takku ya, daldi jokkale ñaari taqalante ya, muy benn xayma. 12 La

---

[x]**25.33** ***garabu amànd*** xeetoo naak gerte-tubaab.

ëpp nag ca sori xayma ba, mooy genn-wàllu sor ba cay topp, na lang ca gannaaw màggalukaay ba. [13] Waaye benn xasab ba ëppe wet gu nekk ca guddaayu sori xayma ba, na lang ca ñaari weti màggalukaay ba, yiir ko.
[14] Tegal ca kaw xayma ba kiiraayu deri kuuy wu ñu wulli, xonqal ko, te tegaat ca kawam kiiraayal deri piipi.

Lu jëm ci kenuy màggalukaay ba

[15-17] «Sàkkalal màggalukaay ba ay làcci séng, samp ko. Na làcc wu nekk am ñaari kenu yu ñu lëkkalee galan yu ndaw, te nga def làcci màggalukaay ba yépp noonu. Taxawaayu làcc wu nekk di fukki xasab, yaatuwaay ba di xasab ak genn-wàll. [18] Ci wàllu làcci màggalukaay ba sësaleel ñaar fukki làcc, mu féete bëj-saalum, [19] ak ñeent fukki tegukaayi xaalis yuy ronu kenuy ñaar fukki làcc ya, ñaari tegukaay ay ronu làcc wa jiitu ngir ñaari kenu ya muy àndal, ñaari tegu topp ca ronu wépp làcc wu ca topp, ngir ñaari kenu ya muy àndal.
[20] Geneen wetu màggalukaay ga féete bëj-gànnaar itam, na di ñaar fukki làcc [21] ak seeni ñeent fukki teguy xaalis, ñaari tegu ronu làcc wa jiitu, ñaari tegu topp ca, ronu bépp làcc wu ca topp. [22] Gannaaw màggalukaay ga féete sowu, sàkkal ko juróom benni làcc; [23] teg ca ñaari làcc ngir koñi màggalukaay ba ca gannaaw. [24] Nañu àndandoo di benn ca suuf te lëkkaloo ca kaw ca benn lam kepp. Noonu lañuy bindoo ñoom ñaar, ñooy doon ñaari koñ yi. [25] Noonu muy juróom ñetti làcc ak seeni teguy xaalis, muy fukki tegu ak juróom benn, ñaari tegu ronu làcc wa jiitu, ñaari tegu topp ca, ronu wépp làcc wu ca topp.
[26] «Gannaaw loolu sàkkal ay galani bantu séng: juróomi galan yuy ànd ak làcc ya ca genn wetu màggalukaay ba, [27] ak juróomi galan ngir làcci wet ga ca des, ak juróomi galan ngir làcc, ya ca gannaaw màggalukaay ba te féete sowu.
[28] Galanu digg ba, ca digg làcc ya lay nekk, dale ko cat ba cat. [29] Xoobal làcc ya wurus te sàkkal wu ci nekk ay lami wurus yuy téye galan ya, te xoob galan ya it wurus. [30] Su ko defee nga taxawal màggalukaay ba, ni ñu la ko wone ca kaw tund wa.

Lu jëm ci rido ba

[31] «Sàkkal rido bu ñuy ràbbe wëñ gu baxaam laal yolet ak wëñ gu xewar ak gu xonq curr ak wëñ gu ëccu ba sew, ñu ñawaale ca nataali ˚serub, [32] te wékk ko ca ñeenti jëni séng yu ñu xoob wurus, lu ca nekk ànd ak ay wékkukaayi wurus te tege ca kaw ñeenti teguy xaalis. [33] Wewal rido ba ca ron lonku ya, su ko defee ˚gaal ga àlluway seede sa dence, tege foofa ca gannaaw rido ba, rido ba xàjjaleel leen ˚bérab bu sell ba ak ˚bérab bu sell-baa-sell. [34] Tegal kubéeru saraxu njotlaay ga ca kaw gaal ga àlluway seede sa dence, ca biir bérab bu sell-baa-sell. [35] Tegal taabal ja ca biti, ca kanam rido ba, teg tegukaayu làmp ba ca wet, ga féete bëj-saalum ca màggalukaay ba, mu jàkkaarlook taabal, ja féete bëj-gànnaar.

Lu jëm ci kiiraayu buntu xayma ba

[36] «Sàkkalal buntu xayma ba kiiraay lu ñu ràbbe wëñ gu baxaam laal yolet ak wëñ gu xewar ak gu xonq curr ak wëñ gu ëccu ba sew, muy liggéeyu ràbb bu rafet. [37] Noonu nga sàkkal kiiraay la juróomi jëni séng, xoob bu ci nekk wurus, seeni wékkukaay di wurus, te móolal lu ci nekk juróomi teguy xànjar.

Lu jëm ci saraxalukaay ba

27 [1] «Nanga defare saraxalukaay ba bantu séng, guddaay ba di juróomi xasab, yaatuwaay ba di juróomi xasab, ñeenti wet ya yem kepp, janoo màkk, ñaar-ñaar, te taxawaay ba di ñetti xasab. [2] Defaral ko ay béjjénam ca ñeenti koñ ya ca kaw. Béjjén ya dees koy liggéeyaaleek saraxalukaay ba, ñu ànd di benn, te ñu xoob lépp xànjar. [3] Sàkkal ay ndabi tibbukaayu dóom, ak itam ay tonnikaayam ak ay këll ak ay jamukaayi yàpp ak i tibbukaayu xal. Na jumtukaayam yépp di xànjar. [4] Sàkkal ko caax bu ñu tëgge xànjar te sàkkal caaxu xànjar ba ñeenti nopp ca ñeenti koñam. [5] Tegal caax ba, mu ronu peggu saraxalukaay ba, te dale ca suuf ba ca digg saraxalukaay ba. [6] Sàkkalal saraxalukaay ba ay banti njàppuy séng. Nañu xoob bu ci nekk xànjar [7] te roof njàppu ya ca nopp ya, su ko defee njàppu ya des ca ñaari weti saraxalukaay ba, ngir bu ñu koy yóbbu. [8] Nanga defare saraxalukaay ba bant yu tàppandaar te na saraxalukaay ba di pax ca biir. Na ñu la ko wone ca kaw tund wa, noonu lees koy defe.

Lu jëm ci ëttu màggalukaay ba

[9] «Gannaaw loolu sàkkalal màggalukaay ba ab ëtt: guddaayu ëtt ba ca wet ga fare bëj-saalum, téeméeri xasabi sori rabal a koy ub, ñu ràbbe ko wëñ gu ëccu ba sew; [10] wutal ko ñaar fukki jën yu ànd ak seen ñaar fukki teguy xànjar, te lonku yaak galani jën ya di xaalis.

[11] «Guddaay ba ca wet ga fare bëj-gànnaar it, malaanum téeméeri xasabi sori rabal lay doon, ak ñaar fukki jënam yu seen ñaar fukki teguy xànjar ronu, te lonku yaak galani jën ya di xaalis.

[12] «Yaatuwaayu ëtt ba fa féete sowu, juróom fukki xasabi sori rabal a koy ub, ñu wutal ko fukki jën yu ànd ak seen fukki tegu.

[13] «Yaatuwaayu ëtt, ba féete penku ca kanam, juróom fukki xasab la: [14] fukki xasabi sori rabal ak juróom fa làng ak bunt ba ub ëtt ba ca genn wetam, ak ñetti jënam yu ànd ak ñetti tegoom; [15] fukki xasabi sori rabal ak juróom, wet ga ca des, ak ñetti jënam yu ànd ak seen ñetti tegu. [16] Bunt, ba ub ëtt ba nag, sàkkal ko lafu ñaar fukki xasab, ñu ràbbe ko wëñ gu baxaam laal yolet ak wëñ gu xewar ak gu xonq curr ak wëñ gu ëccu ba sew, muy liggéeyu ràbb bu rafet, te ànd ak ñeenti jënam ak ñeenti tegoom.

[17] «Jën ya wër ëtt ba yépp, dees koy lëkkalee galan yu xaalis, jën wu ci nekk am wékkukaayu xaalis; tegu ya di xànjar.

18 «Guddaayu ëtt ba téeméeri xasab la, yaatuwaay ba di juróom fukk wet gu
nekk, taxawaay ba di juróomi xasab, sor ya di yu ñu ràbbe wëñ gu ëccu ba
sew. Na tegu ya di yu xànjar. 19 Mboolem jumtukaay ya màggalukaay ba taxa
jóg, xànjar lay doon, ba ca xeram ya yépp ak xer, ya wër ëtt ba.

Lu jëm ci santaane, ya saraxalkat ya sasoo

Lu jëm ci diwu làmp ba

20 «Yaw, santal bànni Israyil, ñu indil la diwu oliw gu ñu wol doom ya, segg
ko, di ko taale làmp ya. Na làmp yay tàkk guddi gu nekk. 21 Aaróona ak
doomam yu góor nañu teg làmp ya ca biir ˚xaymab ndaje ma[y], ca kanam rido
ba làq gaal ga àlluway seede sa dence, ñuy fanaanee tàkk guddi ba bët set, ci
sama kanam, man Aji Sax ji. Dogal a ngoogu, di lu war bànni Israyil fàww,
ñoom ak seen askan.

Lu jëm ci yérey saraxalkat ya

28 1 «Yaw nag, seppeel ca bànni Israyil sa mag Aaróona, moom ak
doomam yu góor, te woo léen fi yaw, ñu doon samay saraxalkat.
Ñooñoo di Aaróona ak doomam yu góor yii di Nadab ak Abiyu ak Elasar ak
Itamar. 2 Sàkkalal sa mag Aaróona ay yére yu sell te yànj, mu màndargaal
céram ci wàllu daraja, muy teraanga bu saraxalkat yelloo. 3 Dangay sant
mboolem ñi xareñ, te muy ñu ma sédd xel mu xareñ, ñu defar yérey Aaróona,
ba fal ko muy sama saraxalkat, man Aji Sax ji. 4 Yére ya ñu koy defaral nag lii
la: kiiraayal dënn ak ab ˚xar-sànni ak ab fëxya, ak mbubb mu gudd mu ñu
ràbb, ak kaala ak laxasaay. Nañu defaral sa mag Aaróona ak doomam yu góor
yére yu sell, ngir ñu di ma saraxalal. 5 Nañu jëfandikoo wurus ak wëñ gu
baxaam laal yolet ak wëñ gu xewar ak gu xonq curr ak wëñ gu ëccu ba sew.

Lu jëm ci xar-sànni ma

6 «Nañu ràbbe xar-sànni ma wëñi wurus ak wëñ gu baxaam laal yolet ak wëñ
gu xewar ak gu xonq curr ak wëñ gu ëccu ba sew, ñu ñawaale ca ay nataal.
7 Day am ñaari ngàll yu ca takke, ñu faste wu ci nekk ca ñaari catu xar-sànni
ma. 8 Ngañaay, la ñu rafetal, muy tege ca kaw, dees koy nirooleek moom, ñaw
ko ca, ñuy benn, te di wëñu wurus ak wëñ gu baxaam laal yolet ak wëñ gu
xewar ak gu xonq curr ak wëñ gu ëccu ba sew. 9 Jëlal ñaari peri onigsë, ñaas
ca turi doomi Israyil yu góor: 10 yii juróom benni tur ci benn per, juróom benni
tur ya ca des ca beneen per ba, tur ya tegloo, na ñu toppantee ci juddu.
11 Dangay sant ab liggéeykat bu farewoo mbindum doj, mu ñaasal la turi doomi
Israyil yu góor ca kaw ñaari per ya, mu mel ni ni ñuy ñaase xàmmikaay yi ñuy
torloo, te fegukaay yi ko ŋank di wurus. 12 Tappal ñaari per ya ca kaw ngàlli

---

[y]27.21 ***xaymab ndaje ma:*** dees na ko wooye màggalukaay ba, ba tey.

xar-sànni ma, per ya di wuutu bànni Israyil; noonu Aaróona di gàddu seeni tur cay mbaggam, di ni fàttalee ne, moo léen di wuutu fa sama kanam, man Aji Sax ji.
13 «Sàkkal ay ŋankukaayi wurus 14 ak ñaari caqi wurusu ngalam, wu ci nekk
rawu niy buum, ba noppi taqalee ŋankukaay ya caq yooyu ñu raw.

Lu jëm ci kiiraayal dënn ba

15 «Gannaaw loolu sàkkal kiiraayu àtte bay tegu ci dënn, ñawaale ca ay
nataal, yu nirook yu ˚xar-sànni ma, te ràbbe ko wëñu wurus ak wëñ gu baxaam
laal yolet ak wëñ gu xewar ak gu xonq curr ak wëñ gu ëccu ba sew. 16 Dees
koy lem, ba ñeenti wet ya yem kepp, janoo màkk, ñaar-ñaar, guddaay ba di
ŋaraleb baaraamu-déy ak digg, yaatuwaay ba di ŋaraleb baaraamu-déy ak digg.
17 Nanga we ay per ca kaw kiiraayal dënn ba, def ko ñeenti làngi per. Làng ga
jiitu, peru sarduwan ak peru topaas ak peru eskarbukal moo cay nekk;
18 ñaareelu làng ga di peru emëróot, peru safiir ak peru jamaa; 19 ñetteelu làng
ga di peru yasent, peru agaat ak peru ametistë; 20 ñeenteelu làng ga di peru
kirisolit, peru onigsë ak peru jaspë, te bu ci nekk dees koy fege ŋankukaayu
wurus. 21 Per yaak turi doomi Israyil ñooy tolloo ab lim: muy fukk ak ñaar, na
tur ya tollu. Dees ko cay ñaas ni xàmmikaayi torlu, ku nekk ak turam, ba fukki
giir yeek ñaar daj.
22 «Nanga sàkkal kiiraayal dënn ba ñaari caqi wurusu ngalam yu cay tege, te
rawu ni ay buum, 23 ak ñaari jaaroy wurus yu ñuy takk ca ñaari cati kiiraayal
dënn ba ca kaw, 24 te nga takk ñaari buumi wurus ya ca ñaari jaaro ya ca cati
kiiraay la, 25 ba noppi takk yeneen ñaari cati buumi wurus ya ca ñaari
ŋankukaay ya, ca ngàlli xar-sànni ma, ca kanam. 26 Sàkkal ko it ñaari jaaroy
wurus yu ñuy takk ca ñaari cati kiiraay la, ca suuf fa féetee biir, tey tafu ca
xar-sànni ma. 27 Nga sàkkalaat ko yeneen ñaari jaaroy wurus, yooy takk ca
kanam xar-sànni ma ca kaw ñaari ngàll ya te bu ci nekk suufe, sës ca sof ba, fa
tiim ngañaayu xar-sànni ma. 28 Kiiraayal dënn ba dees koy téyee buum gu sew
gu baxaam laal yolet, buum gay lëkkale jaaroy kiiraay laak jaaroy xar-sànni
ma, su ko defee kiiraay la day dëkke tiim ngañaay la, te du teqalikook xar-
sànni ma. 29 Aaróona nag di tegoo turi bànni Israyil ca kiiraayu àtte bay tegu ci
dënn, mu ne ñàpp ca xolu Aaróona, saa yuy dugg ci bérab bu sell bi. Noonu
lees di fàttalee ne, moo léen di wuutu fa sama kanam, man Aji Sax ji. 30 Ci biir
kiiraayu àtte bi ngay yeb jumtukaayi àtte yooyu, di Urim ak Tumim[z], ngir ñu
ne ñàpp ca xolu Aaróona, saa yuy taxawi ci sama kanam. Noonu la Aaróona di
dëkke gàddu jumtukaayi àttey bànni Israyil, mu ne ñàpp ca xolam saa suy
taxaw ci sama kanam.

---

[z]**28.30** *Urim* boobu ak *Tumim* ba, saraxalkat baa ko daan jëfandikoo, ngir xam lu Yàlla namm. Xameesul nag nan lañu ko daa jëfandikoo, waaye jombul mu nirook ab tegoo bant.

Lu jëm ci yére yu sell, ya ca des

31 «Fëxya ba xar-sànni may tege, def ko lépp di lu baxaam laal yolet. 32 Na
baatu fëxya ba nekk ca digg ba, baat ba day am womb bu ñu ràbb, ba mu daj,
mel ni baatu mbubbam xare, su ko defee du xottiku. 33 Takkal ca wombu suufu
fëxya ba ay doomi gërënaat yu ñu defare bu ci nekk wëñ gu baxaam laal yolet
ak wëñ gu xewar ak gu xonq curr, wërale ko womb ba te doxale ay jóolóoli yu
wurus ca diggante doomi gërënaat ya, ba mu daj. 34 Ab jóolóoli bu wurus day
nekk nii, ab doomu gërënaat topp ca, jóolóoli bu wurus topp ca, doomu
gërënaat toppaat ca, ba wombu fëxya ba daj. 35 Na ko Aaróona sol bu nekkee
ca liggéeyu saraxaleem, su ko defee coow di ca jibe, ba buy teewi ca sama
kanam, man Aji Sax ji, ca biir bérab bu sell ba, mbaa mu di ca génne, du tax
mu dee.
36 «Jëlal dogu wurusu ngalam wu tell, nga ñaas ca kawam mbind mii: "Lu
sell a ngii, ñeel Aji Sax ji," te mu mel ni mbindum torlu. 37 Takke ko buum gu
baxaam laal yolet ca kaw kaala ga, mu féete kanam. 38 Na tafu ca jëwu
Aaróona, mu gàddoo ko mboolem lu bànni Israyil moy, bu ñu may beral seen
saraxi sellal. Na nekk fàww ca jëwam, bu dee taxaw fi sama kanam, ndax man
Aji Sax ji, ma nangul léen.
39 «Gannaaw loolu mbubb mu gudd, nanga ko ràbbe wëñ gu ëccu ba sew,
kaala ga itam di wëñ gu ëccu ba sew. Te laxasaay ga dees koy ràbb, ba mu
rafet. 40 Doomi Aaróona yu góor yi it, sàkkal léen ay mbubb, ay laxasaay, ay
kaala; sàkkal lépp lu yànj te di teraanga bu saraxalkat yelloo. 41 Solalal loolu sa
mag Aaróona, mook ay doomam yu góor, sotti léen diwu pal[a], jagleel léen
boobu sas, sédde ma léen, ñuy samay saraxalkat. 42 Sàkkal léen ay tubéyi
njiitlaay ci wëñ gu ëccu ba sew, ñu sànge ko seeni cér li ko dale ci ndigg li ba
ci lupp yi. 43 Na Aaróonaak i doomam jiitloo loolu, bu ñuy dugg ci ˚xaymab
ndaje mi ci bérab bu sell bi, fi dend ak saraxalukaay bi, lu ko moy man nañoo
yóbbe seen bopp mbugal, muy seen dee. Na Aaróona ak askanam sàrtoo loolu
fàww.

Lu jëm ci saraxalkat yaak seen xewu colu

29 1 «Li nga léen di defal nag, ngir sédde ma léen, ñu farewoo yenub
saraxalkat, mooy lii. Jëlal yëkk wu ndaw ak ñaari kuuy, te bu ci lenn
am sikk, 2 ak mburum kese mu amul lawiir, ak mburu mu ndaw mu amul
lawiir mu ñu xiiwaale diw te, ak mburu mu tàppandaar te amul lawiir, ñu wis
diw ca kaw, te nga defare lu ci nekk sungufu bele su mucc ayib. 3 Yeb ko ci
pañe te boole ko jébbale, mook yëkk wu ndaw wa ak ñaari kuuy ya. 4 Yóbbul
Aaróona ak doomam yu góor, ba ca bunt ˚xaymab ndaje ma, ñu sangu. 5 Su ko
defee nga jël yére ya, solal Aaróona mbubb mu gudd ma ak fëxyab xar-sànni
ma, teg ca xar-sànni ma, tegaat ca kiiraayal dënn ba, takkal ko ngañaay la ñu

---

[a]**28.41** ***diwu pal:*** seetal ci 30.22-33.

rafetal, tey tege ca xar-sànni ma. [6] Gannaaw loolu kaala ko, takkal ko meeteel gu sell ga, ca kanam kaala ga. [7] Jëlal diwu pal ga, sotti ca kaw boppam, diw ko ko. [8] Bu loolu weesoo, waxal ay doomam, ñu jegesi, nga solal léen mbubb yu gudd ya, [9] kaala léen, takkal Aaróonaak i doomam yu góor ay laxasaay. Su ko defee ñu féetewoo céru saraxalkat ba fàww.

«Noonu ngay jagleele Aaróona ak ay doomam yu góor sas bu sell bi.
[10] Nanga yóbbu yëkk wa ba ca bunt xaymab ndaje ma, Aaróonaak i doomam teg seeni loxo ca kaw boppu yëkk wa, [11] ba noppi nga rendi yëkk wa ca bunt xaymab ndaje ma ci sama kanam, man Aji Sax ji. [12] Sàkkal nag ca deretu yëkk wa, capp ca sa baaraam, diw ca béjjéni saraxalukaay ba, te tuur la des ca deret ja ca suufu saraxalukaay ba. [13] Jëlal nebbon ba sàng yérey biir ya, ak bàjjo ba ca res wa, ak ñaari dëmbéen ya ànd ak nebbon ba ca kaw, nga boole ko lakk ca kaw saraxalukaay ba. [14] La des ca yàppu yëkk wa, boole kook der ba, ak sébbriit ma, génne ko dal bi, lakk ko. Seen ˚saraxu póotum bàkkaar la.

[15] Gannaaw loolu jëlal menn kuuy ma, Aaróona ak ay doomam yu góor teg seen loxo ca boppu kuuy ma, [16] ba noppi nga rendi kuuy ma, jël deret ja, xëpp ko ca mboolem peggi saraxalukaay ba. [17] Daggatal kuuy ma, ba mu def ay dog, nga raxas yérey biir ya ak yeel ya, teg ca kaw dog ya ak bopp ba. [18] Lakkal kuuy mépp ca kaw ˚saraxalukaay ba. Sarax la sees may lakkal, man Aji Sax ji, ba mu jeex, muy xeeñ lu neex; di sarax sees may taalal.

[19] Jëlal nag kuuy ma ca des, Aaróonaak i doomam yu góor teg seen loxo ca kaw boppu kuuy ma. [20] Rendil kuuy ma, sàkk ca deret ja, taqal ca tabanum noppu ndijooru Aaróona ak tabanum noppi ndijoori doomam yu góor, te nga taqalaale ca seen baaraamu-déyu ndijoor ak seen baaraamu tànku ndijoor bu mag; ba noppi xëpp la des ca deret ja ca mboolem peggi saraxalukaay ba.
[21] Sàkkal nag ca deret, ja ca saraxalukaay ba, ak ca diw ga ñuy sellale, nga wis-wisal ko ca kaw yaramu Aaróona ak ca kaw yéreem, te wis-wisaale ko ca kaw yarami doomam yu góor ak ca seen kaw yére. Su ko defee Aaróona doon ku sell, mook i yéreem, ay doomam it sell, ñook seeni yére.

[22] «Dangay jël nebbonu kuuy ma, muy calgeen ba, ak nebbon, ba sàng yérey biir ya, ak bàjjo, ba ca res wa, ak ñaari dëmbéen, ya ànd ak seen nebbon ca kaw, ak tànku ndijoor bu kanam ba, ndax la muy kuuyu colug saraxalkat ya.
[23] Te itam pañe bay taaje ca sama kanam, man Aji Sax ji, def mburu yu amul lawiir, sàkk ca mburum lëmm mu tàppandaar, ak menn mburu mu ñu xiiwaale diwlin, ak menn mburu mu gëna sew, [24] nga boole ko teg ca loxoy Aaróonaak i doomam, ñu def ko sarax bu ñuy yékkati, jébbal ma ko. [25] Noonu nga nangoo ko ca seeni loxo, lakk ko ca saraxalukaay ba, boole kook sarax say lakk ba jeex, muy xeeñ lu neex ci sama kanam, di sarax su ñu may taalal, man Aji Sax ji.

[26] «Gannaaw loolu nanga jël dënn, ba bokk ca kuuyu xewu colug Aaróona, def ko sarax sooy yékkati, jébbal ma ko. Loolu moo cay doon sa wàll. [27] Nanga ber dënn, ba ñuy ˚saraxal, di ko yékkati jébbale, mook tànk, ba ñuy yékkati di

ko saraxal, te mu bokk ca kuuyu xewu colu boroom cér, ñeel Aaróonaak i doomam yu góor, [28] yooyu cér na doon lu bànni Israyil warlook Aaróona ak ay sëtam ba fàww, ndax loolu da di sarax su ma bànni Israyil di wàññil, man Aji Sax ji, te mu génne ca seen ˚saraxi cant ci biir jàmm.

[29] «Yérey Aaróona yu sell ya nag, gannaaw bu dëddoo, dees koy féetale ay doomam yu góor, ñu fale léen ko, ca seen xewu colug boroom cér. [30] Ci biir loolu ku bokk ciy doomam yu góor, wuutu ko ci sasu saraxale bi, bay liggéeysi ci biir ˚xaymab ndaje mi, ci biir bérab bu sell bi, na jëkka sol yére yooyu diiru juróom ñaari fan.

[31] «Nañu jël kuuyu xewu colu ga te baxal yàpp wa ca bérab bu sell. [32] Na Aaróona ak ay doomam lekk yàppu kuuy mi, boole kook mburu ma ca pañe ba, ca bunt xaymab ndaje mi. [33] Ñam yooyu, ña koy lekk mooy ña muy seen saraxu njotlaay, keroog ca seen xewu colu, ga ñu léen sellale. Waaye keneen du ci lekk, ndaxte lu sell la. [34] Bu lenn ca yàppu colu ga mbaa lenn ca mburu ma fanaanee ba bët set, nañu lakk loola ca fanaan ba mu jeex. Deesu ko lekk, ndaxte lu sell la.

[35] «Noonu ngay def ak Aaróona ak ay doomam yu góor, ni ma la ko sante rekk. Defal seen xewu colu di juróom ñaari fan, [36] te bés bu nekk nanga waajal aw yëkk, def ko saraxas póotum bàkkaar, muy seen njotlaay, boole ci di njotlaay liy sellal saraxalukaay bi. Te itam nanga diw saraxalukaay bi, dogale ni sellaayam. [37] Diirub juróom ñaari fan ngay defal saraxalukaay bi saraxu njotlaayam, dogale ni sellaayam, ba saraxalukaay ba doon lu sell-a-sell; te lépp lu laal saraxalukaay ba day séddu ca sellaay ba.

Lu jëm ci sarax ya war bés bu nekk

[38] «Li ngay saraxe ca kaw saraxalukaay ba mooy lii: ñaari kuuy yu am at, bés bu nekk ba fàww. [39] Saraxeel menn kuuy ma ca suba, meneen kuuy ma diggante ngoon ak jant bu so. [40] Sàkkal ñetti kiloy sunguf su mucc ayib, xiiwe ko liitar ak genn-wàllu diwu oliw gu ñu wol doom ya, daldi sàkkal menn kuuy ma liitaru biiñ ak genn-wàll, muy ˚sarax su ñuy tuural Aji Sax ji. [41] Nanga saraxe meneen kuuy ma diggante ngoon ak jant bu so, booleeti ko ak ˚saraxu pepp ma, tuur ca biiñ, na woon ca suba, muy sarax su ñu may taalal, man Aji Sax ji, muy xeeñ lu neex. [42] ˚Sarax la su ñuy saxoo def fàww, di ko lakk, ba mu jeex; ci bunt ˚xaymab ndaje mi, ci sama kanam. Foofu laay dajeek yéen, di fa wax ak yaw, [43] te foofu laay dajeek bànni Israyil, bérab ba doxe fa sell, ndax samag leer. [44] Maay sellal xaymab ndaje mi ak saraxalukaay bi te maay séddoo Aaróonaak i doomam, ñu doon ñu sell, di samay saraxalkat. [45] Dinaa dëkk ci biir bànni Israyil, te maay nekk seen Yàlla. [46] Su boobaa dinañu xam ne, man Aji Sax ji maay seen Yàlla, ñoom, ji léen génne réewu Misra. Su ko defee ma dëkk ci seen biir ñoom, di seen Yàlla, man Aji Sax ji.

Lu jëm ci saraxalukaayu cuuraay ba

30 [1] «Sàkkal ab saraxalukaay bu ñuy taal cuuraay ci kawam. Nañu ko
defare bantu séng. [2] Guddaay ba di xasab, yaatuwaay ba di xasab,
ñeenti wet ya yem kepp, janoo màkk, ñaar-ñaar, te taxawaay ba di ñaari xasab,
ay béjjénam ànd ak moom di benn bant bi. [3] Xoob ko wurusu ngalam ca kaw
ak ca wet ya, ba mu daj, boole ca béjjén ya, te sàkkal ko kéméju wurus gu ko
wër. [4] Sàkkal ko ñaari noppi wurus ca ron kéméj ga. Féetaleel nopp ya ca ñaari
wetam, ñu jàkkaarloo, di téye banti njàppu, ya ñu koy gàddoo. [5] Nañu defare
njàppu ya bantu séng te xoob lu ci nekk wurus.

[6] «Tegal saraxalukaayu cuuraay ba ca kanam rido, ba làq gaal ga àlluway
seede sa dence te làq kubéeru saraxu njotlaay, ga tege ca kaw gaalu àlluway
seede sa, te ma di fa dajejeek yaw. [7] Na fa Aaróona taal cuuraay lu xeeñ: na ko
taal suba su nekk, buy topptooji làmp ya. [8] Te itam na ko taal, buy taal làmp
ya, diggante ngoon ak jant bu so, cuuraay la su ñu may saxoo saraxalal, man
Aji Sax ji, ba fàww. [9] Deesu ca saraxal cuuraay lu sellul, deesu ca saraxal genn
jur gu ñuy lakk ba mu jeex mbaa pepp, te deesu ma ci tuural lenn. [10] At mu
nekk na am benn yoon, bu Aaróona di sàkk ci deretu ˚saraxu póotum bàkkaar,
muy ˚saraxu njotlaay, sellale ko béjjéni saraxalukaayu cuuraay ba, jote ko
noonu. Njotlaay googu nay am at mu jot benn yoon ba fàww. Saraxalukaay bu
sell-a-sell la ci man, Aji Sax ji.»

Lu jëm ci njot-gi-bakkan

[11] Gannaaw ga Aji Sax ji wax na Musaa ne ko: [12] «Boo tolloo ci lim boppi
bànni Israyil, di léen bind, na ku nekk ci ñoom fey Aji Sax ji njot-gi-bakkanam
ba nga koy bind, ndax menn musiba bañ leena dab ca biir mbind ma.

[13] «La képp ku ñu bind ca limeef ya wara fey, mooy lii: donju xaalis bu
diisaay ba di genn-wàllu siikal, ba ñuy natte ca màggalukaay ba, dayo boobu
tollook juróomi garaam, maanaam fukki gera[b], genn-wàllu siikal lees di
génneel Aji Sax ji sarax. [14] Képp ku ñu bind ca limeef ya, soo amee li ko dale
ñaar fukki at jëm kaw, génneel saraxu Aji Sax ji. [15] Ki woomle du fey lu ëpp,
te ki néewle du fey lu yées genn-wàllu siikal, muy sarax si ñu may génneel,
man Aji Sax ji, di seen njot-gi-bakkan. [16] Nanga nangoo xaalisu njot-gi-bakkan
ba ca bànni Israyil, féetale ko ca liggéeyu ˚xaymab ndaje ma. Loolu pàttaliku
lay doon, ñeel bànni Israyil fa kanam Aji Sax ji, di xamle ne feyees na seen
njot-gi-bakkan.»

Lu jëm ci mbalkam njàpp ma

[17] Ba mu ko defee Aji Sax ji wax Musaa ne ko: [18] «Sàkkal mbalkam njàpp mu
xànjar, ak tegub xànjaram, ñu di ko jàppe; te nga teg ko ca diggante ˚xaymab

---

[b]**30.13** ***gera*** moo doon natt, ba gënoona tuut ci wàllu diisaay.

ndaje ma ak saraxalukaay ba. Duy ko ndox, [19] Aaróonaak i doomam yu góor di
ca tanq, raxas seeni loxo ak seeni tànk. [20] Bu ñuy duggsi ci xaymab ndaje mi,
nañu raxasu, ndax ñu baña dee, bu ñuy liggéeysi fi saraxalukaay bi, di ma
taalal, man Aji Sax ji, sarax su ñuy lakk itam noonu. [21] Nañu raxas seeni loxo
ak seeni tànk, ndax ñu baña dee. Na di dogal bu léen war fàww, muy Aaróona,
muy mboolem askanam.

Lu jëm ci diw gu sell ga ñuy sellale

[22] Gannaaw loolu Aji Sax ji wax na Musaa ne ko: [23] «Nanga jël nag ndàbb lu
mucc ayib, muy: juróomi kiloy ndàbb lu tooy lu ñuy wax miir, ak ñaari kilo ak
genn-wàll xasum kanel mu xeeñ; nga teg ca ñaari kilo ak genn-wàll yuuru
gattax gu xeeñ, [24] ak juróomi kiloy xasum kas te mu méngook la ñuy natte ca
màggalukaay ba, ak juróom benni liitari diwu oliw. [25] Nañu def loolu diw gu
sell, njafaan ko, na mu gëna baaxe, muy diw gu sell, ga ñuy sellale.
[26] «Nanga ca diw ˚xaymab ndaje ma, diw ca ˚gaal ga àlluway seede sa dence,
[27] diw ca taabal ja ak i ndabam, diw ca tegukaayu làmp ba, ak la muy àndal
lépp, diw ca saraxalukaayu cuuraay ba, [28] diw ca saraxalukaay ba ñuy def
˚sarax say lakk ba jeex, diwaale ndabam ya yépp, ak mbalkam njàpp ma ba ca
tegoom ba. [29] Noonu ngay bere loolu lépp, sellal ko, su ko defee mu di lu sell-
a-sell. Lépp lu ko laal day doon lu sell. [30] Te itam nanga ca diw Aaróonaak i
doomam, sédde ma léen, ñu doon ñu sell, di ma liggéeyal, te farewoo liggéeyu
saraxalkat.
[31] «Nanga wax nag bànni Israyil ne léen: "Googu diw dees ma koy sellalal
fàww, muy lu ma jagoo ci seen biir askan. [32] Deesu ko diw ci yaramu kenn ku
ko jagoowul, te buleen boole ya cay dem, di yemale dayo ya ak yoy diw gu
sell ga, ngir defar lenn lu ni mel. Da di lu sell, lu ngeen wara wormaal
sellaayam. [33] Képp ku defar lu ni mel, mbaa mu diw ca ku bokkul ci liggéeyu
saraxale bi, dees na ko beddee ca biir bànni Israyil, génne ko."»

Lu jëm ci cuuraay la

[34] Gannaaw loolu Aji Sax ji ne Musaa: «Jëlal yii xeeti cuuraay: ndàbbi
estaagte, ak gu galbanom, ak xori onigsë yu xeeñ, boole ca cuuraay Libaan lu
raxul, te xeeti cuuraay yooyu yépp tolloo dayo. [35] Def ko cuuraay, njafaan ko
na mu gëna baaxe. Dees koy xorom, mu set, te di lu sell. [36] Sàkk ca lu ñuy
wol, ba mu mokk, teg ko ca kanam gaal ga àlluway seede sa dence, ca biir
xaymab ndaje ma, fa may dajeek yaw. Na doon ci yéen lu sell-a-sell. [37] Waaye
nag bu ngeen di defar cuuraay loolu, buleen njafaanal seen bopp lenn ci dayo
yu ni tollu. Na cuuraay loolu doon lu ngeen ma wormaalal sellaayam, man Aji
Sax ji lu ngeen wormaal sellaayam ñeel Aji Sax ji. [38] Képp ku defar lenn lu ni
mel, di ko xeeñoo, dees na ko beddee ca bànni Israyil, génne ko.»

Yàlla woo na liggéeykat ñu xareñ ña

31 [1] Aji Sax ji dafa wax Musaa ne ko: [2] «Déglu ma fii, ràññee naa ku
góor ki ma tànn, turam di Besalel, mi Uri di baayam, te Ur, Yudeen
ba, jur baayam. [3] Dama koo xelale samam xel, xareñal ko, may ko manoore ak
xam-xam ci bépp liggéeyu loxo, [4] ba muy liggéey wurus ak xaalis ak xànjar, di
ko sàkke lu mu nas ci xelam, [5] di yett per yu muy tapp, tey yett bant, boole ci
di liggéey lu nekk. [6] Tofal naa ko Oliyab, ku góor kiy doomu Ayisamaag,
Daneen bi, te itam xareñal naa képp ku xarala, ngir ñu ànd def mboolem li ma
la sant, muy: [7] °xaymab ndaje ma, °gaal ga àlluway seede sa dence, ak kubéeru
saraxu njotlaay ga ca kawam, ak mboolem lu bokk ca xayma ba, [8] taabal jaak
ndab yaak tegukaayu làmpu wurusu ngalam baak yëfam ya yépp, ak
saraxalukaayu cuuraay ba. [9] Saraxalukaay ba ñuy lakk sarax ba mu jeex ca la,
mook ndabam ya yépp, ak mbalkam njàpp ma ba ca tegoom ba, [10] ak itam
yérey yu yànj yooyu di yére yu sell yu Aaróona saraxalkat bi ak yu doomam
yu góor, ya ñuy sol, di saraxale, [11] ak diw gu sell gaak cuuraay lu xeeñ la jëm
ca bérab bu sell ba. Loolu ma la sant, nañu ko defe noonu.»

Lu jëm ci solob bésub noflaay

[12] Ba mu ko defee Aji Sax ji ne Musaa: [13] «Waxal bànni Israyil ne léen:
“Buleen ñàkka wormaal sama bési noflaay mukk nag, ndax kat sama bésub
noflaay firnde la sama digganteek yéen ak seen askan, ndax ngeen xam ne,
man Aji Sax ji maa leen séddoo, ngeen di ñu sell. [14] Wormaal-leen bésub
noflaay ndax li mu sell ci yéen. Ku ko wormaalul, dee rekk mooy àtteem: képp
ku ci liggéey, kooku dees na ko beddee ca biir bànni Israyil, génne ko.
[15] Juróom benni fan lañu mana liggéey waaye bésub juróom ñaareel ba, bésub
noflaay la bees di bàyyendi lépp, sellal bés ba te jagleel ko Aji Sax ji. Képp ku
liggéey bésub noflaay, dee rekk mooy àtteem. [16] Na bànni Israyil wormaal
bésub noflaay, te sàmmoonteek ndigalu bésub noflaay, ñook seen askan, muy
seen kóllëreek man ba fàww. [17] Firnde lay doon ju sax dàkk sama digganteek
bànni Israyil, ndax man Aji Sax ji, ci juróom benni fan laa sàkk asamaan ak
suuf, bésub juróom ñaareel ba, ma dal-lu ca liggéey ba, ne tekk.”»
[18] Ba Aji Sax ji noppee wax ak Musaa ca kaw tundu Sinayi wa, da koo jox
ñaari àlluway doj yu Yàlla bind ca kawam ci loxol boppam.

Israyil fecci na kóllëre

32 [1] Ba mbooloo ma gisee Musaa yàgg lool te wàccul tund wa, dañoo
songandoo Aaróona, ne ko: «Ayca waay, defaral nu yàlla ju nuy jiite,
ndax Musaa mii nu génne réewu Misra kat, xamunu lu ko dal.» [2] Aaróona ne
léen: «Tekkileen boog seen jaaroy wurusi nopp, yi ci seeni jabar takk ñook
seeni doom, góor ak jigéen, te indil ma fii.» [3] Mbooloo ma mépp tekki seen
jaaroy wurusi nopp, indil Aaróona. [4] Mu nangoo ko ca ñoom, móol ko, ba sàkk

ca sëlluw wurus. Noonu ñu naan: «Bànni Israyilóo, seen yàllaa ngii nag, moo leen génne réewu Misra!» 5 Naka la Aaróona gis la xew, daldi tabax ca kanam sëllu wa ab saraxalukaay, ba noppi yéene ne: «Ëllëg dees na màggal Aji Sax ji.» 6 Ca ëllëg sa mbooloo ma teela xëy, génne ay ˚sarax yuy lakk ba jeex, ak ay ˚saraxi cant ci biir jàmm; ñu toog nag, di lekk ak a naan, nees tuut ñu jóg di mbumbaay.

7 Ba mu ko defee Aji Sax ji wax Musaa ne ko: «Gaawal wàcc, ndax sa mbooloo, ma nga génne réewu Misra, def nañu ñaawteef. 8 Jàdd nañu xaat yoon, wa ma léen tegoon. Dañoo sàkkal seen bopp sëlluw wurus wu ñu móol, di ko sujjóotal ak a saraxalal, te naan: “Israyilóo, seen yàllaa ngii nag, moo leen génne réewu Misra!”»

9 Aji Sax ji dellu ne Musaa: «Gis naa ne, mbooloo mii, ñu dëgër bopp lañu. 10 Léegi nag seetaan ma rekk, ma dal ak sama xol bu tàng ci seen kaw, ñu tàkk jippét. Dinaa léen faagaagal, te du tee yaw, ma def la ngay askan wu mag.»

11 Waaye Musaa tinu Yàllaam Aji Sax ji ne ko: «Ngalla Aji Sax ji, bul dal ak xol bu tàng ci sa kaw mbooloo, ma nga génne réewu Misra ci sa kàttan gu mag ak sa dooley loxo. 12 Bul nangu mukk waa Misra di wax naan: “Lu bon la mu léen naraloon, ba mu léen di yiwi de, du lenn lu moy rey léen ba ñu jeex ca tund ya, ba faf léen far ci kaw suuf.” Meddil ngalla, te giif, ba fomm mbugal, mi nga naral sa mbooloo mi. 13 Bàyyil xel ci sa jaam ñii di Ibraayma ak Isaaxa ak Israyil, ak la nga léen giñaloon ci sa tur, ne léen: “Dinaa def seen askan, ñu ne gàññ ni biddiiwi asamaan, te dinaa jox seen askan mboolem réew mi ma waxoon, ñu moom ko fàww.”» 14 Noonu la Aji Sax ji fomme mbugal, ma mu naroona teg mbooloom ma.

Lu jëm ci merum Musaa ak la ca topp

15 Musaa nag walbatiku, wàcc tund wa, yóbbaale ñaari àlluway santaane ya, muy àlluwa yu ñu bind biir ak biti, wet gu nekk. 16 Àlluwa ya, liggéeyu Yàllaa, mbind ma di mbindum Yàlla, mu rëdd ko ca àlluwa ya. 17 Naka la Yosuwe dégg coowal mbooloo ma, mu xumb lool, mu ne Musaa: «Yuuxi xaree ngay jibe ca dal ba!» 18 Musaa ne ko:

«Du coowal “Noo daan de,”
te du coowal “Noo daanu,”
coowal mbéx daal la.»

19 Ba Musaa jubee dal ba, ba gis sëllu wa ak pecc ma, dafa mer ba fees, ne xërr àlluwa ya, mu jóge ca loxoom ya, ne tasar ca suuf tund wa. 20 Ba mu ko defee mu jël sëllu, wa ñu defaroon, lakk ko, wol ko ba muy sunguf, mu suy ca ndox ma, naanloo ko bànni Israyil.

21 Ci kaw loolu Musaa ne Aaróona: «Lan la mbooloo mii def, ba nga yóbbe léen gii moy gu réy?» 22 Aaróona ne ko: «Sang bi, rikk bul mer, yaw ci sa bopp xam nga ni mbooloo mii yeboo ci ñaawteef. 23 Dañu ma ne: “Defaral nu yàlla ju nu jiite, ndax Musaa mii nu génne réewu Misra kat, xamunu lu ko

dal.” [24] Ma ne léen: “Ku takk wurus, tekkil!” Ñu jox ma, ma sànni ci sawara wi, sëllu wii ne jaas, génne ca!»

[25] Musaa nag gis ni mbooloo mi ràkkaajoo, ndax fekk na Aaróona bay-bayal léen, ba ñu ràkkaaju, ba ku léen noonoo woon man léena ree. [26] Musaa taxaw ca buntu dal ba, daldi ne: «Ku ànd ak Aji Sax ji, na ma fekk fii!» ˚Leween ñépp ànd fekki ko. [27] Mu ne léen: «Aji Sax ji, Yàllay Israyil dafa wax ne: «Na ku nekk ci yéen ràngoo saamaram, wër dal bi bépp buntoo bunt, ba mu daj, te boole rey doomu ndey, xarit ak jegeñaale.» [28] Leween ña def la léen Musaa sant, ba lu tollook ñetti junniy nit tëdd bésub keroog. [29] Booba la Musaa ne: «Bés niki tey séddees na leen Aji Sax ji, ndax ku nekk ci yéen ñeewantewula dal ci kaw doom yu góor ak doomi ndey, te bés niki tey Aji Sax ji jagleel na leen barkeem.»

Musaa tinu na Yàlla

[30] Ca ëllëg sa Musaa da ne mbooloo ma: «Yéen de bàkkaar ngeen lool, waaye maa ngi nii di yéeg, jëm ca Aji Sax ji. Jombul ma mana am, mu jéggal leen seen bàkkaar.» [31] Ba mu ko defee Musaa dellu ca Aji Sax ji ne ko: «Éey Aji Sax ji, mbooloo mii de moy nañu la lool, ba ñu sàkkalee seen bopp yàlla yu ñu móole wurus. [32] Léegi nag bu la soobee ba nga baal léen, baax na, lu ko moy kat, ngalla far ma ci téere, bi nga bind[c].» [33] Waaye Aji Sax ji ne Musaa: «Ki ma moy, kooku doŋŋ laay far ci sama téere. [34] Demal rekk, yóbbu mbooloo mi fa ma la waxoon, te déglu ma, sama malaaka dina la jiitu. Waaye sama bésu mbugal a ngi ñëw, te bu keroogee dinaa léen mbugal ndax seen moy, ñoom.»

[35] Gannaaw ga Aji Sax ji mbugal na mbooloo ma ndax la ñu defarloo woon Aaróona sëllu, wa ñu móol.

Yàlla yebal na Musaa

33 [1] Ba loolu wéyee Aji Sax ji dafa wax Musaa ne ko: «Doxal jóge fii, yaak mbooloo, mii nga génne réewu Misra, te dem ca réew ma ma giñaloon Ibraayma, Isaaxa ak Yanqóoba, ne léen seen askan laa koy jox, ñoom. [2] Dinaa yebal malaaka mu jiitu la, te dinaa fa dàqe Kanaaneen ña ak Amoreen ña ak Etteen ña ak Periseen ña ak Eween ñaak Yebuseen ña. [3] Réew la mu meew maak lem ja tuuroo. Waaye duma àndandook yéen, lu ko moy dinaa leen faagaagal ca yoon wa, ndax mbooloo mu dëgër bopp ngeen.» [4] Ba mbooloo ma déggee kàddu yu dëgër yooyu, dañoo daldi toroxlu, ba kenn ca ñoom takkul gànjaram.

[5] Fekk na Aji Sax ji wax Musaa ne ko: «Waxal bànni Israyil ne léen, ñu dëgër bopp lañu. Su ma àndandoo woon ak ñoom ab diir rekk, dinaa léen faagaagal. Kon nag nañu tàggook seeni gànjar, man dinaa dogal ni may def ak

---

[c]**32.32** ***téere*** bi ñuy wax fii jombul mooy lim, ya Yàlla bind turi nit ña bokk ca mbooloo ma. Nit ku ñu masa far ca yooyu lim bokkatoo ca mbooloom Yàlla.

ñoom.» [6] Ba mu ko defee bànni Israyil dale ca tundu Oreb teqalikoo faak seeni gànjar.

Yàlla feeñ na cab xayma

[7] Musaa daan na toxal ab xayma, samp ko fu xawa soreek dal ba ca biti, ñu di ko wooye xaymab ndaje mi[d]. Ku amaan lu muy diis Aji Sax ji da daan génn dal ba, dem ba ca xaymab ndaje mooma ca biti. [8] Bu Musaa jëmaan ca xayma ba, mbooloo mépp ay jóg taxaw, ku nekk tollu ca sa bunt xayma, di seetaan Musaa, ba mu dugg ca biir xayma ba. [9] Te bu Musaa duggaan ca xayma ba, niir woowa taxaw day wàcc ne tekk ca bunt xayma ba, fekk Aji Sax jaa ngay wax ak Musaa. [10] Su ko defee bu mbooloo ma mépp gisee niir wa taxaw ca bunt xayma ba, dañuy ànd ñoom ñépp, ku nekk ak fa mu tollu ca bunt xaymaam, di sujjóot. [11] Aji Sax ji da daan wax ak Musaa ni nit di waxe ak xaritam, seeni bët ñeent. Bu ca jógee, daldi dellu ca dal ba, waaye Yosuwe doomu Nuun, xale bu góor, ba doon bëkk-néegu Musaa, daawul génn biir xayma ba.

Musaa layool na bànni Israyil

[12] Ci biir loolu Musaa waxoon na Aji Sax ji ne ko: «Waaw, danga maa wax, ne ma, ma jiite mbooloo mii, nu dem, waaye xamaloo ma ki ngay yebal, boole kook man. Waxoon nga ma it ne ma, danga maa ràññee te may nga ma cér. [13] Kon nag gannaaw maye nga ma cér nii, tee nga maa xamal li nga namm? Su ko defee dinaa la gëna xam, ba dajeek sa yiw. Te ngalla jàppal itam ne, xeet wii kat, ñooy sa mbooloo.»

[14] Aji Sax ji ne ko: «Kon nag man ci sama bopp maay ànd ak yaw, te dinaa la woyofalal sa sas.»

[15] Musaa ne ko: «Yaw ci sa bopp kay, boo àndul ak nun, xanaa doo nu fi jële! [16] Nees di xame ne, may nga nu cér, maak sa mbooloo mi, te fekk ànduloo ak nun, ba nu doon ñu ràññiku ci biir xeeti àddina, maak sa mbooloo?»

[17] Aji Sax ji ne Musaa: «Loolu nga ñaan ci boppam, moom laa lay defal, ndax may naa la cér te xam naa la, ràññee la.» [18] Musaa teg ca ne ko: «Éy boo ma mayoon, ma gis sag leer!» [19] Aji Sax ji ne ko: «Dinaa rombale sama ngëneel yépp fi sa kanam, biralal la sama tur wii di Aji Sax ji ngay dégg. Su ma neexee yéwéne, su ma soobee yërëm.» [20] Mu teg ca ne ko: «Doo mana jàkkaarlook man nag, ndax nit manu maa gis, ba noppi di dund.» [21] Ci kaw loolu Aji Sax ji ne ko: «Xoolal fii ci sama wet, taxawal ci kaw doj wi. [22] Bu sama leer di romb, dinaa la làq fi def pax ci doj wi, yiiraale la sama loxo, ba jàll, [23] doora dindi sama loxo, nga gis sama gannaaw, waaye sama kanam maneesu koo gis.»

---

[d]**33.7** Gannaaw ga mbooloo ma tabax màggalukaay, di ko wooye xaymab ndaje mi ba tey.

Lu jëm ci àlluway doj yu bees ya

34 [1] Gannaaw loolu Aji Sax ji wax na Musaa ne ko: «Yettal ñaari àlluway doj yu mel ni yu jëkk ya, ma bindaat ca àlluwa ya kàddu ya nekkoon ca àlluwa yu jëkk, ya nga toj. [2] Ëllëg teelala waaj te yéeg, xëysi ci tundu Sinayi wi, ba teewsi fi man ci njobbaxtalu tund wi. [3] Bu kenn ànd ak yaw, te bu kenn xand fenn kaw tund wi. Jur gi sax bu mu forsi ci suuf tund wii, du gu gudd, du gu gàtt.» [4] Noonu Musaa yett ñaari àlluway doj yu nirook ya woon, ba noppi teela xëy, yéegi ca tundu Sinayi wa, yóbbaale ñaari àlluway doj ya, muy la ko Aji Sax ji santoon.

[5] Aji Sax ji nag wàcc ca biir niir wa, bokk fa taxaw ak moom, daldi biral turam wa ne: «Aji Sax ji.» [6] Noonu Aji Sax ji romb fa kanamam tey biral naan: «Aji Sax jaa ngi, maay Aji Sax ji, Yàlla jiy yërëm ak a yéwéne, gaawumaa mer it, te laabiir ak kóllëre laa woomle. [7] Damay lawal samag laabiir ba ci junniy maas, tey baale bàkkaar, tooñ ak i moy, waaye kat duma ñàkka topp ki yoon dab, te dinaa topp doom tooñu waajur, ba ca sët yaak sëtaat ya.» [8] Noonu Musaa ne gurub fa suuf, sujjóot, [9] ne ko: «Éey Aji Sax ji, gannaaw namm nga maa laaye biir, li mbooloo miy dëgër bopp lépp, tee ngaa ànd ak nun rekk, Aji Sax ji? Ngalla jéggal nu sunu ñaawteef ak sunu bàkkaar, te séddoo nu.»

Yàlla yeesal na kóllëre ga

[10] Aji Sax ji ne ko: «Bés niki tey maa ngi fas kóllëre ak yéen. Ci sa kanam mbooloo mépp laay def ay jaloore yu kenn masula def kaw suuf ci askanoo askan, te mbooloo, mi ànd ak yaw mépp, dinañu teg seen bët ci màggaayu kéemtaan, gi ma lay defal. [11] Bàyyileen xel bu baax ci li ma leen sant bésub tey jii. Dinaa leen dàqal Amoreen ñi ak Kanaaneen ñi ak Etteen ñi ak Periseen ñi ak Eween ñi ak Yebuseen ñi. [12] Moytuleena wóllëranteek waa réew ma ngeen jëm, bala ñoo mujj nekk ci seen biir, di leen fakktal. [13] Li leen war kay mooy ngeen toj seeni tuur, rajaxe seeni xërëm, te gor xer yi ñuy jaamu, [14] ndax waruleena jaamu jenn yàlla jeneen, ngir man Aji Sax ji dinaay wuyoo turu "Ku fiir ki," te maay Yàlla jees dul bokkaale. [15] Buleen wóllërante ak waa réew ma, lu ko moy dinañu ma bokkaalee seeni yàlla, di saraxalal seeni yàlla, di léen ca woo, te kon ngeen lekk ca seeni sarax. [16] Te it bu ngeen jëlalee seeni doom jabar ca seen doom yu jigéen, seen jigéen ñooña dañu may xala bokkaalee seeni yàlla, ba yóbbaale ca seen doom yu góor yéen, ñu di ma bokkaalee seen yàlla yooyu.

[17] «Buleen móolal seen bopp ay yàlla yu ñu móole weñ.

[18] «Wormaal-leen ayu-bésu ˚Mburu mu amul lawiir, di ca lekk mburu mu amul lawiir diirub juróom ñaari fan yooyu ñu tànn ci weeru ˚Abiib, muy li ma la sant, ndaxte ci weeru Abiib ngeen génn Misra.

[19] «Lépp luy taaw tey góor maay boroom. Beral-leen ma lépp lu jëkka juddu ci seen jur di góor, muy gu gudd ak gu gàtt. [20] Waaye lu mbaam taawloo,

nangeen ko jote ab gàtt, mu wuutu ko. Su ngeen ko jotewul lu ko wuutu nag, dammleen loos wi. Te itam defal-leen ag njotlaay képp kuy taaw ci seeni doom yu góor. Gannaaw loolu bu kenn taxaw fi sama kanam loxoy neen.
21 «Juróom benni fan ngeen am yu ngeen mana liggéey, waaye bésub juróom ñaareel ba, noppaluleen liggéey bi, bu ngeen nekkee ci mbey, bu ngeen nekkee ci ngóob, noppaluleen.
22 «Nangeen sàmmoonteek santaaneb ˚màggalu bésu Ngóob yi, bu ngeen di góob li jëkka ñor ci mbeyum bele mi ak ˚màggalu bésu Farmàngu mi ci ndeetel at. 23 Ñetti yoon cim at, la góor ñépp di teew fi sama kanam, man Boroom bi, man Aji Sax jiy Yàllay Israyil. 24 Dinaa leen dàqal ay xeet ngir yéen, ba yaatal seeni dig, te diiru ñetti yoon, yi ngeen di teewi cim at fi sama kanam, man Yàlla Aji Sax ji, kenn du ci wuta nangu seen réew.
25 «Buleen ma rendil sarax, di boole deret jaak lu am lawiir, te bu dara fanaan ci saraxu bésu Mucc ba.
26 «Ngëneeli meññeef ma jëkka ñore ca seen suuf, ngeen di yóbbu sama kër, man Aji Sax ji seen Yàlla.
«Buleen togge tef soowum yaayam.»
27 Aji Sax ji teg ca ne ko: «Nanga bind yii santaane, ndax ci kaw santaane yii laay fasanteek yéen kóllëre, yaak Israyil.»
28 Ba mu ko defee Musaa nekk foofa ak Aji Sax ji ñeent fukki guddi ak ñeent fukki bëccëg; lekkul, naanul. Noonu mu bind ca àlluwa ya fukki santaane yay sàrti kóllëre ga.

Musaa ngay ñiibbi dal ba

29 Ci kaw loolu la Musaa wàcc tundu Sinayi wa. Na Musaa di ŋàbb ñaari àlluway seede sa, deru kanam ga di lerxat te yégu ko, booba ñaaroom baak Yàllaa taxoon. 30 Aaróonaak bànni Israyil gépp a ngay gis deru kanam ga di lerxat, ñu ragal koo jege. 31 Waaye Musaa woo léen, Aaróona ak njiiti mbooloo ma mépp fekki ko, mu wax ak ñoom. 32 Bànni Israyil gépp nag jegesi, mu xamal léen mboolem lu jëm ca la ko Aji Sax ji dénk ca tundu Sinayi. 33 Naka la Musaa wax ak ñoom ba noppi, fab kaala, làqe ko deru kanam ga.
34 Saa yu Musaa demaan teewi fa kanam Aji Sax ji, di wax ak moom, da daan teqalikook kaala ga, ba ba muy génn; te bu génnee, yegge bànni Israyil la ñu ko sant, 35 bànni Israyil di gis ni deru kanam gay lerxate. Su ko defee Musaa dellu muuruwaat, ba kera muy duggaat, di diisoojeek Aji Sax ji.

Bànni Israyil yékkati na màggalukaay ba

Bésub noflaay du bésu liggéey

35 1 Ba loolu wéyee Musaa dafa dajale mbooloom bànni Israyil mépp, wax léen ne léen: «Li leen Aji Sax ji sant ngeen def ko mooy lii.
2 Juróom benni fan lees di liggéey, waaye bésub juróom ñaareel ba, defleen ko

muy bésub noflaay gu mat sëkk, sellalal ko Aji Sax ji. Képp ku ci liggéey lenn nag dees koy rey. [3] Buleen taal sax sawara bésub noflaay, du fenn ci seeni dëkkuwaay.»

Sarax ya jëm ca màggalukaay ba

[4] Musaa dellu wax ak mbooloom bànni Israyil mépp ne léen: «Li Aji Sax ji santaane mooy lii.

[5] «Sàkkleen ci seen alal ab sarax, génneel Aji Sax ji, te képp ku am yéeneem indilal Aji Sax ji, ay saraxi wurus ak xaalis ak xànjar, [6] ak wëñ gu baxaam laal yolet ak wëñ gu xewar ak gu xonq curr ak wëñ gu ëccu ba sew, ak kawari bëy [7] ak deri kuuy yu ñu wulli, xonqal ko, ak deri piipi, ak banti séng, [8] ak diwu oliw gu ñuy taaloo làmp, ak ndàbb luy xeeñal diw gi ñuy sellale te it ñu di ko booleek cuuraay lu xeeñ la, [9] ak itam ay peri onigsë ak yeneen per yu ñuy tapp ca xar-sànni maak kiiraayal dënn ba.

[10] «Mboolem ku xareñ ci yéen, na ñëw, ngeen def li Aji Sax ji santaane lépp: [11] màggalukaay bi ak xaymaam ak kiiraayam ak i keppoom ak i làccam, ak galan yeek jën yeek tegu yi; [12] gaal gi it, mook i njàppoom ak kubéeru saraxu njotlaay gi ak rido bi ko làq; [13] taabal ji it mook i njàppoom ak ndabam yépp ak mburu ma fay teew fàww; [14] tegukaayu làmp bi ci la bokk ak ay jumtukaayam ak i làmpam ak diwu làmp bi; [15] saraxalukaayu cuuraay bi itam ak i njàppoom; ak diw gu sell gi ak cuuraay lu xeeñ li; ak kiiraayu buntu màggalukaay bi; [16] ak saraxalukaay bi ñuy taal ˚sarax yiy lakk ba jeex, ak caaxub xànjaram ak i njàppoom ak li muy àndal lépp; mbalkam njàpp mi ak tegoom; [17] ak sor yi wër màggalukaay bi itam ak i jënam ak ay tegoom, ak lafu buntu ëtt bi; [18] ak xeri màggalukaay bi, ak jën yi wër ëtt bi ak seeni buum; [19] yérey yu yànj ya, di yérey saraxalkat, yi ñuy liggéeye ca ˚bérab bu sell ba ci la, muy yére yu sell yu Aaróona, saraxalkat bi, ak yérey doomam yu góor, yi ñuy sol, di saraxale.»

[20] Noonu mbooloom bànni Israyil gépp bàyyikoo fa Musaa. [21] Ba mu ko defee ña xareñ ñëw, ña am yéeneem ñépp indil Aji Sax ji sarax ya jëm ca liggéeyu ˚xaymab ndaje ma ak bépp liggéeyam ak yérey saraxalkat ya. [22] Mboolem ña am yéeney xolam, góor ak jigéen, ña yebu ci saraxalal Aji Sax ji wurus, wees di yékkati jébbal ko ko, ñoom ñépp daldi koy indilsi ay lam ak ay jaaroy nopp ak jaaroy loxo ak ay caq ak gànjari wurus gu nekk. [23] Ku dencoon wëñ gu baxaam laal yolet ak wëñ gu xewar ak gu xonq curr ak wëñ gu ëccu ba sew, ak kawari bëy mbaa deri xar yu ñu wulli, xonqal ko, mbaa deri piipi, dal nga koy indi. [24] Képp ku namma saraxe xaalis mbaa xànjar, saraxalsi nga ko Aji Sax ji, te itam képp ku dencoon bantu séng bu liggéeyu saraxal bi laaj, dal nga koy indi. [25] Ci biir loolu jigéen, ña xareñ ñépp, liggéey wëñ gu baxaam laal yolet ak wëñ gu xewar ak gu xonq curr ak wëñ gu ëccu ba sew, muy lu ñu ëcce seen loxol bopp, indi ko. [26] Jigéen, ña xareñ ñépp te mane ëcc ak ràbb kawari bëy itam, noonu. [27] Njiit ya nag indi ay peri onigsë ak yeneen per yu

ñuy tapp ca xar-sànni ma, ak kiiraayal dënn ba, [28] ak diw ga ñuy taaloo ak
ndàbb lay dem ca diw, ga ñuy sellale, ak ca cuuraay lu xeeñ la. [29] Mboolem ña
am yéeneem ca bànni Israyil, góor ak jigéen indil nañu Aji Sax ji, ci xol bu
sedd seen wàll ca liggéey, ba mu sant Musaa, ne ko mu defloo léen ko.

Besalel ak Oliyab tàmbali nañu liggéey ba

[30] Musaa nag wax bànni Israyil ne léen: «Dama ne: Aji Sax ji ràññee na góor,
ñi mu tànn, ñuy Besalel, Yudeen bu góor, ba Uri di baayam, te Ur jur baayam.
[31] Dama koo xelale samam xel, xareñal ko, may ko manoore ak xam-xam ci
bépp liggéeyu loxo, [32] ba muy liggéey wurus ak xaalis ak xànjar, di ko sàkke lu
mu nas ci xelam, [33] di yett per yu muy tapp, tey yett bant, di ci liggéey
mboolem liggéey yu xarala. [34] May na ko itam mu man koo jàngale, mook
Oliyab, ku góor ka Ayisamaag di baayam te mu dib Daneen. [35] Xelal na léen,
ba ñu fees, xareñal léen, ba ñuy liggéey lépp lu ñuy yett, ak lépp luy nataal bu
rafet, ak lépp lu ñuy ràbbe wëñ gu baxaam laal yolet ak wëñ gu xewar ak gu
xonq curr ak wëñ gu ëccu ba sew, boole ci di liggéey lu nekk, tey nasal seen
bopp ay liggéeyin.

36 [1] «Kon nag gannaaw Aji Sax ji xelal na Besalel ak Oliyab ci bépp sas
bu bokk ci liggéeyu bérab bu sell bi, te itam boole na léen ak
mboolem ñi xareñ, xareñal léen, ba noppi may léen manoorey sottal ko, nañu
def mboolem lu Aji Sax ji santaane.»
[2] Musaa daldi woo Besalel ak Oliyab ak mboolem ku xareñ, ku Aji sax ji
xareñal, ak képp ku xolam tàlli ca liggéey ba, ngir sottal ko. [3] Ba mu ko defee
ñu nangoo ca Musaa mboolem sarax ya bànni Israyil génne te mu bokk ca lay
sottal liggéeyu bérab bu sell ba. Waaye ñu jàppoo ko, suba gu jot di ko indil
ay ˚saraxi kéene, [4] ba mboolem liggéeykat ñu xareñ ña jàppoon ca liggéeyu
bérab bu sell ba, bàyyi kenn ku nekk la nga jàppoon. [5] Ñu wax Musaa nag ne
ko: «Mbooloo mi indi nañu lu ëpp li ñu soxla ci liggéey, bi nu Aji Sax ji sant,
nu def ko.» [6] Ba mu ko defee Musaa yéenelu ca dal ba bépp ne, góor ak jigéen,
bu ci kenn indeeti ay sarax yu jëm ca màggalukaay ba. Noonu mbooloo ma
dakkal la ñu doon indi. [7] Booba jumtukaay ya doyoon na sëkk la ñu cay
liggéey lépp, ba ëpp ko sax.

Defar nañu bérab bu sell ba

[8] Ba loolu amee mboolem ña bokk ca liggéey ba te di ñu xareñ daldi defare
màggalukaay bi fukki sori rabal yu ëccu ba sew, te ànd ak wëñ gu baxaam laal
yolet ak wëñ gu xewar ak gu xonq curr, ñawaale ca nataali ˚serub. [9] Guddaayu
sor bu nekk doon ñaar fukki xasab ak juróom ñett, yaatuwaay ba di ñeenti
xasab, sor yépp tolloo. [10] Taqale nañu yii juróomi sor, taqale juróomi sor ya ca
des. [11] Ñaw nañu ay takku yu baxaam laal yolet ca catal sor ba mujj ca benn
taqalante ba, sor ba jeexal taqalante ba ca des it, def nañu ko noonu. [12] Ñaw
nañu juróom fukki takku ca benn sor ba; ak juróom fukki takku ca catal sor ba

jeexal taqalante ba ca des, takku ya daldi yemoo. [13] Defar nañu juróom fukki lonkuy wurus, jokkalantee sor ya lonku ya, ba màggalukaay ba di benn.
[14] Ba loolu weesoo ràbb nañu ay sori kawari bëy, muy kiiraay ca kaw màggalukaay ba, te def nañu sor ya di fukk ak benn. [15] Guddaayu sor bu nekk doon fanweeri xasab, yaatuwaay ba di ñeenti xasab, te fukki sor yaak benn yépp tolloo dayo. [16] Taqale nañu yii juróomi sor, juróom benni sor ya ca des it noonu. [17] Sàkk nañu juróom fukki takku ca catal sor, ba mujj ca benn taqalante ba, te sàkk nañu juróom fukki takku itam ca catal sor, ba jeexal taqalante ba ca des. [18] Sàkk nañu juróom fukki lonkuy xànjar yu ñu jokkalantee ñaari taqalante ya, muy benn xayma. [19] Teg nañu ca kaw xayma ba kiiraayal deri kuuy bu ñu wulli, xonqal ko, tegaat ca kawam kiiraayal deri piipi.
[20-22] Gannaaw ga sàkkal nañu màggalukaay ba ay làcci séng, samp ko. Làcc wu nekk am ñaari kenu yu ñu lëkkalee galan yu ndaw, te noonu lañu def làcci màggalukaay ba yépp. Taxawaayu làcc wu nekk doon fukki xasab, yaatuwaay ba di xasab ak genn-wàll. [23] Ci wàllu làcci màggalukaay ba, sësale nañu ñaar fukki làcc ya féete bëj-saalum, [24] ak ñeent fukki tegukaayi xaalis yu ronu kenuy ñaar fukki làcc ya, ñaari tegukaay ronu làcc wa jiitu ngir ñaari kenu ya mu àndal, ñaari tegu topp ca ronu wépp làcc wu ca topp, ngir ñaari kenu ya mu àndal. [25] Geneen wetu màggalukaay ga féete bëj-gànnaar itam, doon ñaar fukki làcc [26] ak seen ñeent fukki teguy xaalis, ñaari tegu ronu làcc wa jiitu, ñaari tegu topp ca, ronu làcc wu ca topp. [27] Gannaaw màggalukaay ba féete sowu, sàkkal nañu ko juróom benni làcc, [28] teg ca ñaari làcc ngir koñi màggalukaay ba ca gannaaw, [29] ñu àndandoo di benn ca suuf te lëkkaloo ca kaw ca benn lam kepp, noonu lañu léen def ñoom ñaar ca ñaari koñ ya. [30] Muy juróom ñetti làcc ak seeni teguy xaalis; di fukki tegu ak juróom benn, te ñaari tegu ronu làcc wu nekk.
[31] Gannaaw loolu sàkk nañu ay galani banti séng, juróomi galan yay ànd ak làcc ya ca genn wetu màggalukaay ba, [32] ak juróomi galan ngir làcci wet ga ca des ak juróomi galan ngir làcc ya ca gannaaw màggalukaay ba, te féete sowu. [33] Te it def nañu galanu digg ba, mu nekk ca digg làcc ya, dale ko cat ba cat. [34] Xoob nañu làcc ya wurus, sàkkal léen ay lami wurus, muy téye galan ya, te xoob nañu galan ya wurus.
[35] Bu loolu weesoo sàkk nañu rido ba, ràbbe ko wëñ gu baxaam laal yolet ak wëñ gu xewar ak gu xonq curr ak wëñ gu ëccu ba sew, teg ca ñawaale ca nataali serub. [36] Sàkkal nañu rido ba ñeenti jëni séng yu ñu xoob wurus, lu ca nekk ànd ak i wékkukaayi wurus yu tege ca kaw ñeenti teguy xaalis yu ñu léen móolal .
[37] Sàkkal nañu buntu xayma ba kiiraay lu ñu ràbbe wëñ gu baxaam laal yolet ak wëñ gu xewar ak gu xonq curr ak wëñ gu ëccu ba sew, muy liggéeyu ràbb bu rafet, [38] ak juróomi jënam yu ànd ak seeni wékkukaay. Ñu xoob nag wurus boppi jën ya ak seeni galan, te juróomi tegu ya doon xànjar.

Defar nañu gaalu kóllëre ga

37 [1] Ci biir loolu Besalel defar na gaalu kóllëre ga dénku séng, guddaay ba di ñaari xasab ak genn-wàll, yaatuwaay ba di xasab ak genn-wàll, taxawaay ba di xasab ak genn-wàll. [2] Ba mu noppee xoob na ko wurusu ngalam biir ak biti, sàkkal ko kéméju wurus, mu wër ko. [3] Móolal na ko ñeenti lami wurus yay takke ca ñeenti tànk ya, ñaari lam ca genn wet ga, ñaar ca wet ga ca des. [4] Mu yett nag ay banti njàppuy séng, xoob ko wurus, [5] daldi roof njàppu ya ca lam ya ca weti gaal ga, ñu di ko gàddoo gaal ga.

[6] Tëgg na itam wurusu ngalam, sàkk ci kubéeru saraxu njotlaay, guddaay ba di ñaari xasab ak genn-wàll, yaatuwaay ba di xasab ak genn-wàll. [7] Tëgg na it wurus, sàkk ca ñaari mbindeef yu tudd ˚serub te am ay laaf, ñu féeteek ñaari cati kubéer ga, [8] cat lii ab serub, cat lee ab serub, mu móolaale serub ya ca ñaari cat ya, ñu ànd ak kubéer ga di benn. [9] Serub yaa nga tàllal seeni laaf, jëme kaw, yiire kubéer ga seeni laaf te janoo, seeni kanam jublook kubéer ga.

Defar nañu taabal, ja saraxu mburu may tege

[10] Besalel defar na itam taabalu bantu séng, guddaay ba di ñaari xasab, yaatuwaay ba di xasab, taxawaay ba di xasab ak genn-wàll, [11] mu xoob ko wurusu ngalam, defal ko kéméju wurus gu ko wër. [12] Defal na ko pegg bu ko wër it, tollu ci ñeenti baaraam, ba noppi sàkkal pegg ba wombu wurus, wëralee ko ko. [13] Noonu mu tëggal taabal ja ñeenti lami wurus, takk lam ya ca ñeenti wet ya fa fareek ñeenti tànk ya, [14] lam ya dendeek pegg ba, ngir mana téye njàppu, ya ñuy gàddoo taabal ja. [15] Te itam yett na ay njàppu yu bantu séng, xoob ko wurus, ñu di ko gàddoo taabal ja. [16] Ci biir loolu defar na jumtukaay yay tege ca taabal ja, muy ndabam yu tell ak ay mbàttoom, boole kook njaq yaak këll, ya ñuy tuural Yàlla, lu ci nekk di wurusu ngalam.

Defar nañu tegukaayu làmp ba

[17] Gannaaw loolu defar na tegukaayu làmp bu wurusu ngalam. Dafa tëgg tegukaay ba, taatu tegukaay ba ak per ba ànd ak ay kaasam, ak ay kàmbóotam ak i mbaram, lépp di benn. [18] Juróom benni car a soqikoo ca wet ya, ñetti car ci gii wet, ñett ca ga ca des. [19] Benn car am ñetti kaas yu bindoo ni tóor-tóoru garabu amànd, kaas bu ci nekk ànd ak ay kàmbóotam ak i mbaram, car ba ca topp am ñetti kaas yu bindoo ni tóor-tóoru garabu amànd, kaas bu ci nekk ànd ak ay kàmbóotam ak i mbaram, juróom benni car, ya soqikoo ca per ba, daldi daj. [20] Peru tegukaayu làmp ba itam am na ñeenti kaas yu bindoo ni tóor-tóoru garabu amànd, ànd ak ay kàmbóotam ak i mbaram. [21] Ab kàmbóot a ronu ñaari car, jàpp ca, beneen kàmbóot ronu ñaari car ya ca topp, ab kàmbóot ronu ñaari car ya mujj, jàpp ca, juróom benni car, ya soqikoo ca per ba, daj. [22] Kàmbóot ya ak car ya ànd naak tegukaay ba di benn, te lépp doon na lu ñu tëgge wenn donju wurusu ngalam, ba mu jekk. [23] Defar na itam juróom ñaari làmpam ak ay

ñiimi feyukaayam ak ay gaali tonnikaayi bànqanoosam, lépp di wurusu ngalam. [24] Defar na tegukaayu làmp baak mboolem la mu àndal, ci fanweeri kiloy wurusu ngalam ak juróom.

Defar nañu saraxalukaayu cuuraay ba

[25] Ci kaw loolu Besalel sàkk na ab saraxalukaay bu ñuy taal cuuraay ci kawam, te def na ko muy bantu séng. Guddaay ba di xasab, yaatuwaay ba di xasab, ñeenti wet ya yem kepp, janoo màkk, ñaar-ñaar, taxawaay ba di ñaari xasab, ay béjjénam ànd ak moom di benn bant bi. [26] Mu daldi koy xoob wurusu ngalam ca kaw ak ca wet ya, ba mu daj, boole ca béjjén ya, sàkkal ko kéméju wurus gu ko wër. [27] Sàkkal na ko ñaari noppi wurus ca ron kéméj ga, féetale nopp ya ca ñaari wetam, ñu jàkkaarloo, di téye banti njàppu, ya ñu koy gàddoo. [28] Ci biir loolu mu defar ay njàppuy banti séng, xoob lu ci nekk wurus. [29] Defar na itam diw ga ñuy sellale, ak cuuraay lu xeeñ la te raxul, ñu njafaan ko, na mu gëna baaxe.

Defar nañu saraxalukaay baak mbalkam njàpp ma

38 [1] Ba tey Besalel defar na saraxalukaay ba ñuy lakk sarax mu jeex, te muy bantu séng, guddaay ba juróomi xasab la, yaatuwaay ba di juróomi xasab, ñeenti wet ya yem kepp, janoo màkk, ñaar-ñaar, te taxawaay ba di ñetti xasab. [2] Noonu mu defaral ko ay béjjénam ca ñeenti kon ya ca kaw, liggéeyaale kook béjjén ya, ñu ànd di benn, ba noppi mu xoob lépp xànjar. [3] Defar na jumtukaayi saraxalukaay ba yépp: ndabi tibbukaayu dóom ba ak tonnikaay ya ak këll ya ak lonkukaayi yàpp yaak and ya, jumtukaay yépp di xànjar. [4] Defaral na saraxalukaay ba caax bu ñu tëgge xànjar, mu ronu peggu saraxalukaay ba, dale ca suuf ba ca digg saraxalukaay ba. [5] Sàkkal na ko it ñeenti nopp ca ñeenti koñi caaxu xànjar ba, ñuy téye njàppu ya. [6] Sàkk na banti njàppuy séng, xoob bu ci nekk xànjar, [7] ba noppi roof njàppu ya ca nopp, ya ca weti saraxalukaay ba, ngir bu ñu koy yóbbu. Mu defare saraxalukaay ba bant yu tàppandaar, te saraxalukaay ba di pax ca biir. [8] Defar na itam mbalkam njàpp mu ànd ak tegoom di xànjar, ju jóge ca seetuy jigéen, ña doon liggéey ca bunt xaymab ndaje ma.

Defar nañu ëttu màggalukaay ba

[9] Defar na itam ëttu màggalukaay ba: wet, ga fare bëj-saalum, téeméeri xasabi sori rabal a ko ub, ñu ràbbe ko wëñ gu ëccu ba sew, [10] ak ñaar fukki jënam yu ànd ak seen ñaar fukki teguy xànjar, te lonku yaak galani jën ya di xaalis.

[11] Wetu bëj-gànnaar it, téeméeri xasab la, ak ñaar fukki jën yu ànd ak seen ñaar fukki teguy xànjar, lonku yaak galani jën ya doon xaalis.

[12] Wetu sowu, juróom fukki xasabi sori rabal la ko def, ak fukki jën yu ànd ak seen fukki tegu, lonku yaak galani jën ya doon xaalis.

[13] Ca kanam fa féete penku, juróom fukki xasab la; [14-15] fukki xasabi sori rabal ak juróom fa làng ak bunt ba ub ëtt ba ca genn wetam, ak ñetti jënam yu ànd ak seen ñetti tegu; ak fukki xasabi sori rabal ak juróom, wet ga ca des, ak ñetti jënam yu ànd ak ñetti tegoom.

[16] Mboolem sori rabal ya wër ëtt ba, wëñ gu ëccu la, ba sew.

[17] Teguy jën ya xànjar la, wékkukaayi jën yaak ay galanam doon xaalis, ñu xoob kaw jën ya xaalis; jëni ëtt ba yépp nag dees koy lëkkalee galani xaalis. [18] Lafu bunt ba ub ëtt ba, liggéeyu ràbb bu rafet la, ñu ràbbe ko wëñ gu baxaam laal yolet ak wëñ gu xewar ak gu xonq curr ak wëñ gu ëccu ba sew. Guddaay ba ñaar fukki xasab la, taxawaay ba di juróomi xasab, tollook sor ya wër ëtt ba. [19] Jën ya ñeent la, seen ñeenti tegu doon xànjar, seeni wékkukaay di xaalis, ñu xoob kaw jën ya xaalis, galan ya di xaalis. [20] Mboolem xeri ˚màggalukaay baak xer ya wër ëtt ba yépp, xànjar la.

Lim nañu jumtukaay ya

[21] La dem ca màggalukaay ba ci wàllu gànjar, ca ˚màggalukaay boobu àlluway seede sa dence, lim yaa ngi nii. Itamar, doomu Aaróona saraxalkat ba, moo jiite ˚Leween ña, ñu tënk ko ca ndigalal Musaa. [22] Fekk na Besalel, Yudeen bu góor, ba Uri di baayam, te Ur jur baayam, def na mboolem la Aji Sax ji santoon Musaa, [23] mu àndoon ca nag ak Oliyab, ku góor, ka Ayisamaag di baayam, te mu dib Daneen, di ku xareñ ci yett ak a nas ay liggéeyin, te mane ràbbu wëñ gu baxaam laal yolet ak wëñ gu xewar ak gu xonq curr ak wëñ gu ëccu ba sew.

[24] Wurus, wa dem ca liggéey ba yépp, muy mboolem la ñu liggéeye bérab bu sell ba, te ñu def ko ˚saraxu yékkati jébbal Yàlla, tollu na ci juróom ñetti téeméeri kilo ak juróom ñaar fukk ak juróom ñaar (877), ak ñetti téeméeri garaam (300), mu dëppale dayob xaalis baak natt ba ñu yoonal ci bérab bu sell ba. [25] Xaalisu nit, ña ñu jota lim ca mbooloo ma, tollu na ci ñetti junniy kilo ak fukk ak juróom ñaar (3.017), ak juróom ñaar téeméeri garaam ak juróom fukk (750), mu dëppale dayob xaalis baak natt ba ñu yoonal ci bérab bu sell ba, [26] muy juróomi garaami xaalis bopp bu nekk, ca nattu bérab bu sell ba, dëppook natt ba ñu yoonal ci bérab bu sell ba, ñeel képp ku ñu bind ca limeef ga, dale ko ca ña am ñaar fukki at jëm kaw, muy juróom benni téeméeri junniy góor ak ñetti junni ak juróomi téeméer ak juróom fukk (603.550). [27] Ñetti junniy (3.000) kiloy xaalis, ya lañu móole teguy bérab bu sell baak teguy rido ba, muy téeméeri tegu, mu tollu ci fanweeri kilo tegu bu nekk. [28] Fukki kilo ak juróom ñaar ya ca des, mook juróom ñaar téeméeri garaam yaak juróom fukk (750) ma nga jëm ca wékkukaayi jën yaak galan ya, ñu xoobaale ca kaw jën ya.

[29] Xànjar ba bawoo ca saraxu yékkati jébbal Yàlla ba, ma nga tollu ci ñaari junniy kilo ak téeméer ak ñaar fukk ak ñeent (2.124). [30] Mu sàkk ca teguy buntu xaymab ndaje ba, boole kook saraxalukaayu xànjar baak caaxub

xànjaram ak mboolem jumtukaayi saraxalukaay ba, [31] ak tegu ya wër ëtt ba, ak teguy bunt ba ub ëtt ba, ak xeri màggalukaay ba yépp ak xer ya wër ëtt ba.

Defar nañu yérey saraxalkat ya

39 [1] Ci biir loolu wëñ gu baxaam laal yolet gaak gu xewar gaak gu xonq ga curr, defar nañu ca yére yu yànj ya, di yérey saraxalkat, ya ñuy liggéeye ca bérab bu sell ba. Defar nañu yére yu sell yu Aaróona, muy la Aji Sax ji santoon Musaa.

[2] Xar-sànni ma dees koo ràbbe wëñi wurus, ak wëñ gu baxaam laal yolet ak wëñ gu xewar ak gu xonq curr ak wëñ gu ëccu ba sew. [3] Dañoo tëgg ay xobi wurus, ba mu maase, ñu daggat ko ay wëñ yu ñuy ràbbaaleek wëñ ga baxaam laal yolet ak wëñ gu xewar gaak gu xonq ga curr ak wëñ ga ëccu ba sew, daldi cay ñawaale ay nataal. [4] Ñu defal ko nag ay ngàll yu ca takke, faste wu ca nekk ca ñaari cati ˚xar-sànni ma. [5] Ngañaay la ñu rafetal, muy tege ca kaw, dees koo nirooleek moom, ñawaale ko ca, ñuy benn, di wëñu wurus ak wëñ gu baxaam laal yolet ak wëñ gu xewar ak gu xonq curr ak wëñ gu ëccu ba sew, muy la Aji Sax ji santoon Musaa.

[6] Ci kaw loolu we nañu peri onigsë ya, fege bu ci nekk ŋankukaayu wurus, ñaas ca turi doomi Israyil yu góor, te mu mel ni na ñuy ñaase xàmmikaay yi ñuy torloo. [7] Noonu ñu tapp per ya ca kaw ngàlli xar-sànni ma, per ya di wuutu bànni Israyil, muy la Aji Sax ji santoon Musaa.

Defar nañu kiiraayal dënn ba

[8] Ràbb nañu itam kiiraayal dënn ba, ñawaale ca ay nataal, yu nirook yu ˚xar-sànni ma, di wëñi wurus ak wëñ gu baxaam laal yolet ak wëñ gu xewar ak gu xonq curr ak wëñ gu ëccu ba sew. [9] Lem nañu ko it, ba ñeenti wet ya yem kepp, janoo màkk, ñaar-ñaar, guddaay ba di ŋaraleb baaraamu-déy ak digg, yaatuwaay ba di ŋaraleb baaraamu-déy ak digg. [10] Gannaaw loolu we nañu ñeenti làngi per ca kaw kiiraayal dënn ba, làng ga jiitu, peru sarduwan ak peru topaas, ak peru eskarbukal moo ca nekk; [11] ñaareelu làng ga di peru emëróot, peru safiir ak peru jamaa; [12] ñetteelu làng ga di peru yasent, peru agaat ak peru ametistë; [13] ñeenteelu làng ga di peru kirisolit, peru onigsë ak peru jaspë; te bu ci nekk ñu fege ko ŋankukaayu wurus. [14] Per yaak turi doomi Israyil yu góor a tolloo ab lim: muy fukk ak ñaar, na tur ya tollu. Dees léen caa ñaas ni xàmmikaayi torlu, ku nekk ak turam, ba fukki giir yaak ñaar daj.

[15] Sàkkal nañu ba tey kiiraayal dënn ba ñaari caqi wurusu ngalam yu ca tege te rawu ni ay buum, [16] ak ñaari ŋankukaayi wurus ak ñaari jaaroy wurus, yu ñu takk ca ñaari cati kiiraayal dënn ba ca kaw; [17] ba noppi takk ñaari buumi wurus ya ca ñaari jaaro ya ca cati kiiraay la. [18] Noonu ñu takk yeneen ñaari cati buum ya ca ñaari ŋankukaay ya, ca ngàlli xar-sànni ma, ca kanam. [19] Sàkk nañu itam ñaari jaaroy wurus, yu ñu takk ca ñaari cati kiiraay la, ca suuf fa féete biir, tey tafu ca xar-sànni ma. [20] Sàkkalaat nañu kiiraay la yeneen ñaari jaaroy wurus,

yu ñu takk ca kanam xar-sànni ma ca kaw ñaari ngàll ya, bu ci nekk suufe, sës ca sof ba, fa tiim ngañaayu xar-sànni ma. [21] Kiiraayal dënn ba dees koo téyee buum gu sew gu baxaam laal yolet guy lëkkale jaaroy kiiraay laak jaaroy xar-sànni ma, kiiraay la daldi dëkke tiim ngañaay la, ba dootul teqalikook xar-sànni ma, muy la Aji Sax ji santoon Musaa.

Defar nañu yérey saraxal, ya ca des

[22] Fëxya ba xar-sànni may tege, dees koo ràbbe wëñ gu lépp baxaam laal yolet. [23] Baatu fëxya baa nga nekk ca digg ba, di nirook baatu mbubbam xare, mu am nag wombu baat, ba tax du xottiku. [24] Takk nañu ca wombu fëxya ba ay doomi gërënaat yu ñu defare bu ci nekk wëñ gu baxaam laal yolet ak wëñ gu xewar ak gu xonq curr ak wëñ gu ëccu ba sew. [25] Defar nañu itam ay jóolóoliy wurusu ngalam, ba takk jóolóoli ya ca diggante doomi gërënaat ya, wërale ko wombu fëxya ba, ba mu daj, jóolóoli ya dox diggante doomi gërënaat ya. [26] Ab jóolóoli dafa nekk nii, ab doomu gërënaat topp ca, jóolóoli topp ca, doomu gërënaat toppaat ca, ba wombu fëxya ba ñuy sol di saraxal daj, muy la Aji Sax ji santoon Musaa.

[27] Bu loolu weesoo defaral nañu Aaróonaak doomam yu góor mbubb yu gudd yu ñu ràbbe wëñ gu ëccu ba sew, [28] kaala ga itam di wëñ gu ëccu ba sew, mbaxana ya di wëñ gu ëccu ba sew, tubéyi njiitlaay ya di wëñ gu ëccu ba sew. [29] Noonu laxasaay ga tegu ca, di liggéeyu ràbb bu rafet, bu ñu ràbbe wëñ ga ëccu ba sew, ak wëñ ga baxaam laal yolet ak wëñ gu xewar gaak gu xonq ga curr, muy la Aji Sax ji santoon Musaa ba tey.

[30] Sàkk nañu boole ca dogu wurusu ngalam wu tell, muy meeteel gu sell, ñu ñaas nag ca kawam mbind mii: «Lu sell a ngii, ñeel Aji Sax ji,» mu mel ni mbindum torlu. [31] La ñu ko takke, buum gu baxaam laal yolet la, téyee ko ko ca kaw kaala ga, muy la Aji Sax ji santoon Musaa.

Musaa memmiku na liggéey ba

[32] Noonu la mboolem liggéeyu ˚màggalukaay ba mate, di ˚xaymab ndaje ma. La Aji Sax ji santoon Musaa noonu rekk la ko bànni Israyil defe.

[33] Ba mu ko defee ñu indi màggalukaay ba ca Musaa; muy xayma ba ak yëfam ya yépp; lonku ya ak làcc ya ak galan ya ak jën yaak tegu ya.
[34] Kiiraayal deri kuuy, ya ñu wulli, xonqal ko, bokk na ca, ak kiiraayal deri piipi ya, ak kiiraayal xàjjatle ba, [35] ak ˚gaal ga àlluway seede sa dence, ak i njàppoom, ak kubéeru saraxu njotlaay ga; [36] ak taabal jaak ndabam ya yépp, ba ca mburu ma fay teew; [37] ak itam tegukaayu làmp, bay wurusu ngalam, mook i làmpam, làmp yaa nga tege na mu jaadoo, ànd ak jumtukaay ya yépp; ak diw ga ñuy taaloo, [38] ak saraxalukaay bu wurus ba, ak diw ga ñuy sellale, ak cuuraay lu xeeñ la, ak kiiraayu buntu xayma ba, [39] ak saraxalukaayu xànjar ba; caaxu xànjar ba ca la, mook i njàppoom ak ndabam ya yépp, ak mbalkam njàpp, ma ànd ak tegoom. [40] Sor ya wër ëtt ba ca la, mook ay jënam ak i

tegoom, ak lafu bunt, ba ub ëtt ba, ba ca buumam yaak xeram ya— mboolem jumtukaay, ya ñuy liggéeye ca màggalukaay ba rekk, di xaymab ndaje ma.
41 Yére yu yànj yu saraxalkat, ya ñuy liggéeye ca ˚bérab bu sell ba, bokk na ca,
muy: yérey yu sell yu Aaróona saraxalkat ba, ak yérey doomam yu góor ya
ñuy sol, di saraxale. 42 La Aji Sax ji santoon Musaa, noonu la bànni Israyil
defe liggéey ba bépp. 43 Ba Musaa gisee nag ne, la Aji Sax ji santaane woon ca
liggéey ya yépp, noonu lañu ko defe, da léena ñaanal.

Yékkati nañu màggalukaay ba

40 1 Ba loolu wéyee Aji Sax ji dafa wax Musaa ne ko: 2 «Bu keroogee
benn fanu weer wi jiitu, nanga samp ˚màggalukaay bi, di ˚xaymab
ndaje mi. 3 Nanga ci yeb ˚gaal gi àlluway seede si dence, te làqe gaal gi rido
bi. 4 Dugalal taabal ji te taaj ci li muy àndal; dugalal tegukaayu làmp bi, taal ay
làmpam; 5 te teg saraxalukaayu wurus, bi cuuraay liy taale, ci kanam gaal gi
àlluway seede si dence, ba noppi yékkati lafu buntu màggalukaay bi.
6 «Tegal saraxalukaay bi ñuy lakk ˚sarax mu jeex, fi kanam buntu
màggalukaay bi, di xaymab ndaje mi. 7 Tegal mbalkam njàpp mi ci diggante
xaymab ndaje mi ak saraxalukaay bi, te duy ko ndox. 8 Yékkatil nag sàkket bi
wër ëtt bi, te féetale lafu bunt, bi ub ëtt bi, fi mu wara nekk.
9 «Bu loolu wéyee jëlal diw gu sell gi, diw ci màggalukaay bi ak li ci biiram
yépp, sellale ko ko, mook yëfam yépp; su ko defee muy lu sell. 10 Boo noppee
diwal saraxalukaay bi ñuy lakk ˚sarax mu jeex, mook i ndabam yépp, sellale
ko ni. Saraxalukaay ba day daldi doon lu sell-a-sell. 11 Diwal nag mbalkam
njàpp mi, sellale ko noonu, mook tegoom.
12 «Jegeñalal Aaróona mook doomam yu góor, ba ñu jub bunt xaymab ndaje
mi, nga sang léen ci ndox mi. 13 Solalal nag Aaróona yérey saraxalam, diw ko
te sellal ko, ba mu doon sama saraxalkat, di ma liggéeyal. 14 Su ko defee nga
doora jegeñal ay doomam yu góor, solal léen ay mbubb, 15 diw léen, ni nga
diwe seen baay, ba ñu doon samay saraxalkat, di ma liggéeyal. Seen diwu
googu mooy doon bésub keroog seen colug saraxal ba fàww, ñoom ak seen
askan.» 16 Loolu Musaa def na ko, te la ko Aji Sax ji santoon, noonu la ko
defe.

Musaa samp na màggalukaay ba

17 Keroog at ma topp ca at ma ñu génne Misra, ca benn fanu weer wa jëkk,
ca lañu samp màggalukaay ba.
18 Musaa nag samp màggalukaay ba. Dafa jiital tegu ya, yékkati làcc ya, we
galan ya, samp jën ya. 19 Noonu mu firi malaan ma ca kaw ˚màggalukaay ba,
lal kiiraay la ca kawam, muy la Aji Sax ji santoon Musaa.
20 Gannaaw loolu mu jël àlluway seede sa, yeb ko ca gaal ga, roof njàppu ya
ca gaal ga, ba noppi teg kubéeru saraxu njotlaay ga ca kaw gaal ga. 21 Ba mu

ko defee mu fat gaal ga ca biir bérab bu sell ba, doora yékkati rido ba, làqe ko ko, muy la Aji Sax ji santoon Musaa.

[22] Ba loolu amee mu teg taabal ja ca biir xaymab ndaje ma, ca kanam rido ba fa féeteek bëj-gànnaaru màggalukaay ba, [23] daldi teg fa kaw mburu may teew fa kanam Aji Sax ji, defar ko ba mu jekk, muy la Aji Sax ji santoon Musaa.

[24] Ba mu noppee teg na tegukaayu làmp ba ca biir xaymab ndaje ma, mu janook taabal ja fa féeteek bëj-saalumu màggalukaay ba. [25] Loolu wéy mu taal làmp ya fa kanam Aji Sax ji, muy la Aji Sax ji santoon Musaa.

[26] Ci biir loolu Musaa fat na saraxalukaayu wurus ba ca biir xaymab ndaje ma ca kanam rido ba, [27] taal ca cuuraay lu xeeñ la, muy la Aji Sax ji santoon Musaa.

[28] Musaa nag yékkati lafu buntu màggalukaay ba. [29] Foofa ca kanam màggalukaay ba, di xaymab ndaje ma, la teg saraxalukaay ba ñuy lakk sarax mu jeex. Gannaaw loolu mu rendi ˚sarax say lakk ba jeex, boole kook ˚saraxi pepp ma, muy la Aji Sax ji santoon Musaa.

[30] Noonu mu taaj mbalkam njàpp ma ca diggante xaymab ndaje ma ak saraxalukaay ba, duy ko ndox mu ñuy jàppe. [31] Ndoxum mbalka moomu la Musaa ak Aaróona ak i doomam yu góor di raxas seeni loxo ak seeni tànk, [32] bu ñuy dugg ca xaymab ndaje ma, ak bu ñuy jegeji saraxalukaay ba, muy la Aji Sax ji santoon Musaa.

[33] Gannaaw loolu samp na sàkketu màggalukaay baak saraxalukaay ba, te yékkati na lafu bunt, ba ub ëtt ba. Ba mu ko defee Musaa sottali liggéey ba.

Leeru Aji Sax ji wàcc na ca bérab bu sell ba

[34] Gannaaw ba loolu wéyee niir wa dafa yiir ˚xaymab ndaje ma, leeru Aji Sax ji daj ˚màggalukaay ba. [35] Musaa manuloona dugg ca biir xaymab ndaje ma, ndax niir wa wàcc tegu ca kaw, ak leeru Aji Sax ja daj màggalukaay ba.

[36] Noonu saa yu niir wa jógeewaan foofa ca kaw màggalukaay ba, bànni Israyil tegu ca seen yooni tukki ya. [37] Waaye bu fa niir wa jógewul, duñu dem, ba keroog muy jóge foofa. [38] Booba ca kaw màggalukaay ba la niiru Aji Sax ja daan wàcc bëccëg, bu guddee muy sawara wuy leer ca biir niir wa, waa kër Israyil gépp di ca teg seeni bët diirub yoon ya ñu daan tukki.

LEERAL YI

Abiib w- : Weeru Abiib moo doon weer wi jiitu ci at mi, ni ko bànni Israyil takke woon, mu dëppook weeru màrs, jàpp awril ci takkinu Nasaraan. Weeru Abiib mujj nañu ko wooye Nisaan.

bànni Israyil g- : Israyil mooy tur wa Yàlla jox Yanqóoba, doomu Isaaxa, di sëtu Ibraayma. Ñi soqikoo ci Yanqóoba lañuy wooye bànni Israyil mbaa Yawut. Ñoo def fukki giir ak ñaar, di xeet yi soqikoo ci doomi Yanqóoba. Jamonoy tey jii dees na léen wooye naari Yawut yi.



bérab bu sell b- : Am na rido bu séddale woon xaymab ndaje ma ñaari néeg. Néeg bu jëkk ba, fa ngay janook rido ba, moo doon bérab bu sell ba. Saraxalkat yépp sañ nañu faa dugg. Néeg ba ca wàllaa rido ba lañu doon tudde bérab bu sell-baa-sell. Saraxalkat bu mag ba doŋŋ moo sañoona dugg ca bérab bu sell-baa-sell, te benn yoon cim at lay doon. Yàllaa ngi jaare ci ni ñu taxawale xayma beek li ci biir, di xamle ne moom Yàlla ku sell la.

bésub noflaay b- : Moo doon juróom ñaareelu bés ci ayu-bésu bànni Israyil. Bés la woon bu ñu jagleel Yàlla, ñu aaye ci bépp liggéey. Bésub noflaay boobu Yàlla séddoo woon na ko, ba muy sàkk lépp. Gannaaw gi Yàlla tànn bésub noflaay, firndeele ko kóllëre gi mu fasanteek bànni Israyil.

diw : Ni ñu daan sellale li ci xaymab ndaje mi lépp nii la: diw gi ñuy fale, saraxalkat ya daan nañu léen laalal ci diwu pal gi, tabbe léen ko, ñu sasoo liggéey ba.

diwu làmp b- : Làmpi jamono jooju njaq yu ndaw la daan doon ñu daan ci def diw, yeb ci buum gu ndaw gu cay tàkk. Diwu oliw lañu ca daan def, ni ñuy defe petorol ci làmpi tey. Garabu oliw dafa xawa mel ni sump te am doom yu ñuy segal, di ci def diw. Daan nañu ko togge, di ko taale làmp.

farbay ngàllo g- : Farba mooy tekki jawriñ; ngàllo mooy bérabu dëkkuwaay, ba jaam ya daan farewoo bu jëkkoon ci Wolof yi. Ci téereb *Goreel ga* ay njiiti bànni Israyil lañu, waa Misra tabb léen ca seen biir bokki jaam, ñuy bànni Israyil ni ñoom. Ñoo daan sase ca liggéey ba, te ñoom lañu daan laaj fu liggéey ba tollu. Farbay ngàllo ga ñoo jiite woon jaam yii di bànni Israyil; saskati liggéey yi nag, ay waa Misra lañu. Ñoo yilifoon farbay ngàllo ga.

fukki giir ak ñaar : Seetal: **bànni Israyil**.

gaal g- : Waxande la, wu ñu denc àlluwa, ya ñu bind yoonu Yàlla te yonent Yàlla Musaa jottali ko. Moo doon misaal teewaayu Aji Sax ji ci biir màggalukaay bi ci digg mbooloom.

Li waral ñu tudde ko **gaalu kóllëre ga** mooy Yàlla daa joxoon Musaa àlluway xeer yooyu, lale ko kóllëre ga mu fas ak ñoom.

Li waral ñu tudde ko **gaal ga seede sa dence**, mbaa **gaal ga àlluway seede sa dence**, moo di àlluwa yooyu seede la woon ca la Yàlla santaane.

Ebrë b- Ebrë, am na ñu koy wax Ibraan ba tey. Yonent Yàlla Ibraayma Ebrë la woon. Xeet wi soqikoo ci Ibraayma te sëtoo ci Yanqóoba, xeet woowu lañuy wooye Ebrë. Seen làkk mooy ebrë mbaa ibraan. Tur woowu la jaambur ya daan wooye bànni Israyil.

kàmbóot b- : Am na ñu koy wooye ndëppu li walla bakkan bi. Mooy fi féete gàjjan bi kaw, am pas-pas te teye xobi tóor-tóor bi. Mboolem xobi tóor-tóor bi, moom lañuy wooye mbar mi, mu nirook ab kaas. Tegukaayu làmp ba daa amoon ay kàmbóot. Tegukaayu làmp ba daa meloon ni garab gu am ay tóor-tóor fi car yi dajeek peer bi ak ci kaw peer beek car yi.

kóllëre g- : Ab digoo la, bu ëmb ay dige. Man nañu koo tëral, mu dib digoo diggante nit ak moroom ma, mbaa diggante Yàllaak nit. Mu mel ni la Yàlla digoo woon ak àddina, jaare ko ci Nóoyin, mbaa diggante Yàllaak Ibraayma, mbaa Yàllaak Isaaxa. Ñetti yoon yu mujj yooyu ñu lim, Yàlla rekk a dige. Moom ci wàllu boppam moo fas kóllëre ak ñooñu. Ñoom defuñu dara lu dul gëm ko. Waaye Yàllaak mbooloom Israyil dañoo digoo, maanaam dañoo fasante kóllëre, ku nekk ak la ko war (*Goreel ga* 19.5-6). Noonu lanu dégge li xàjjale fas kóllëre ak fasante kóllëre.

làng g- : Ni ñu séddalee ag mbokk ci Israyil, amoon na fukki giir ak ñaar, giir gu nekk ak i làngam, làng gu nekk ak i këram, kër gu nekk ak i njabootam.

Leween b- : Ku Lewi di maamam lañuy wax ab Leween.

Lewi : Lewi kenn la woon ca fukki doomi Yanqóoba yaak ñaar. Ñoo sos bànni Israyil. Lewi mooy maamu Musaa ak magam Aaróona. Aaróona la Yàlla tànn muy saraxalkat bu mag ba. Ñenn ci ñi soqikoo ci moom ñoo daan donnante liggéeyu saraxale bi. Ña ca des ñoo léen daan jàpple ca liggéeyu kër Yàlla ga.

lors b- : Xeetu pepp la.

Màggal yi

(màggalu) ayu-bésu Mburu mu amul lawiir b- : Moo topp ca bésu Mucc ba, di màggalu ayu-bés. Ca la bànni Israyil daan lekke mburu mu amul lawiir, di ko fàttalikoo fitna ja seeni maam génne réewum Misra; taluñu woona ség sax, ba mburu ma funki.

màggalu bésu Farmàngu m- : Kuy farmàngu, jeexal nga bépp liggéeyu tool. Jamonoy lolli lañu daan amal màggal gii, mu dëppook diggu sàttumbar. Moo yemook fa ndajalem meññeef ma jeexe, gannaaw bu ñu wittee oliw jaak reseñ ja. Ci wàllu diine, at maa nga daan tàmbalee ci weeru Nisaan, di màrs jàpp awril, yemook weer, wa bànni Israyil génne Misra. Waaye ci wàllu caada, at maa nga daan jeexe ci diggu weeru sàttumbar, mu dëppook njeextel liggéeyu tool ya ca réewu penku yooyu. Mujj gi ñu di ko tudde màggalu bési Mbaar yi.

màggalu bésu Mucc b- : Bésu Mucc ba moo gënoona mag ci màggali bànni Israyil. Bànni Israyil di ko amal ca seen weer wu jëkk, mu dëppook weeru awril. Ci lañuy fàttaliku la xewoon ca réewu Misra ca jamonoy yonent Yàlla Musaa. Mooy ba maam ya rendee ay gàtt, taqal deret ja ca seen bunti kër, ba tax malaakam bóomkat ba musal seeni waa kër. Noonu Yàlla yiir léen ca musiba ma mu wàcce ca Misra, muy seen njot, ga mu léen jëlee ca loxoy Firawna, buuru Misra, ba génne léen réew ma. Paag la tudd ci tubaab.

màggalu bésu Ngóob b- : Ca ñetteelu weeru Yawut lañu ko daan amal. Mu daan tàmbali gannaaw bu bésu Mucc ba weesoo lu mat juróom ñaari ayi-bés. Ca lañu daan sante Yàlla ca naataange ja mu léen may ca seen ngóobum bele. Mujj gi ñu di ko tudde Pàntakot.

màggalukaay b- : Ba bànni Israyil nekkee ca màndiŋ ma, moo doon seen xaymab jaamukaay bu ñu mana wekki, yóbbu. Moo doon xaymab màggalukaay ba, di xaymab ndaje ma ba tey. Daan nañu ko wooye it màggalukaay ba àlluwaay seede sa dence (38.21), ndax la ñu ca daan denc àlluwa ya ñu bind ndigal ya, te muy seede ca la Yàlla santaane.

mburu yu ñu teewal ci Aji Sax ji : Ayu-bés gu nekk saraxalkat ya daan nañu lakk fukki mburu ak ñaar, teg ko ca taabal ja ca bérab bu sell ba.

Misra m- : Mooy réew mi ñuy wax Esibtë tey.

ngàngune m- : Moo di toogub buur.

Sarax yi : Bànni Israyil amoon nañu xeeti sarax yu bare: ay saraxi kéene ak ay saraxi sañul-bañ ak sarax su ñuy tuural Yàlla (29.40) ak saraxu xaalis (25.3). Waaye li ci ëpp ay saraxi tuur deret la woon yu léen Yàlla tegoon, ngir seen njéggalu bàkkaar. Su ko defee ñu mana dëkke jokkook moom, Yàlla ju sell ji, ndax saraxu deret ja. Am na ci ay sarax yu Yàlla di xamale bànni Israyil ne peyug bàkkaar mooy dee, te deewu jur, gi ñuy saraxal, njot la ci boroom sarax bi.

sarax suy lakk ba jeex : Mooy tekki sarax su kenn dul lekk dara. Dañu koy lakk muy saxar, ba jeex, jagleel lépp Yàlla.

saraxi cant ci biir jàmm : Mooy sarax, si ñu daan sante Yàlla, ndax li mu léen di nangul, di léen barkeel te di léen jàmmal. Jur lay doon gu ñuy séddale ñetti cér. Benn bi, ñu lakkal ko Aji Sax ji ci saraxalukaay bi, ba mu jeex. Benn bi, saraxalkat yi féetewoo ko. Ñetteel bi, ki saraxe lekk ko, mook waa këram.

saraxu kéene : Xeetu saraxu cant la ci biir jàmm. Day neex boroom, mu def ko, waaye man na ñàkk.

saraxu póotum bàkkaar : Jur lay doon gu nit ki di rendil Yàlla, defal ko ko sarax. Bu ñu tuuree deret ji, bakkan bi deretu jur giy jëmmal mooy wuutu bakkanu ki saraxe. Sarax boobu it dees koy lakk.

sarax bu ñuy yékkati, jébbal Aji Sax ji : Turu sarax soosu day wone ne dañu ko daan yékkati, mel ni ku koy jox Aji Sax ji, door koo wàcce. Man na am ñu def ko noonu ay yooni-yoon.

sarax su ñuy tuural Aji Sax ji : Saraxu naan la bu ñu daan defal Yàlla, muyànd ak sarax suy lakk ba jeex mbaa saraxu pepp. Li ci ëpp biiñ la daan doon, ñu di ko sotti fa ñu samp saraxalukaay bi.

saraxalkat b- : Yàlla tànn na ñi bokk ci giiru Lewi, doomu Yanqóoba, ñuy Aaróona ak ñi askanoo ci moom, ngir ñu taxawal bànni Israyil fa kanamam. Saraxalkati bànni Israyil ay góor lañu yu ñu sellalal Yàlla, ñu féetewoo liggéeyam. Ñoo sasoo liggéey biy jubale mbooloo meek Yàlla. Ñoo léen di saraxalal te ñoo yore liggéeyu jaamu Yàlla bi.

saraxalukaay b- : Saraxalukaay ya ñaar la woon ca biir kër Yàlla ga: benn bi ñuy lakke jur gu ñu rendi, bi ci des, ñu di ci taal cuuraayu sarax. Saraxalukaayu jur gi dafa mel ni waxande wu amul kubéer. Mu ànd ak ub caaxam, ñu di ci teg matt ga ñuy lakke jur ga.

serub y- : Baatu ebrë la. Ay mbindeef lañu yu am ay laaf te nekk kaw asamaan, di bokk ak Yàlla jataay. Ñooy wottu dénd ba ngànguney Yàlla nekk, ba foofa dëkke sell. Màggalukaayu Yàlla ga amoon na gaal gu ñuy wooye gaalu kóllëre ga. Ñaari serub yu ñu tëgge wurus lañu tegoon ca kawam, ñu tiim ko, seeni laaf tàllalu, di saamandaay ngàngunem buur. Loolu di wone ne Yàlla Aji Sax jaa nga fa teew, na mu teewe ca kaw asamaan, serub ya yéew ko. Yàlla ci boppam nag kenn jëmmalu ko fa, na ñu jëmmale serub ya ñu tëgg.

xaymab ndaje m- : Ba bànni Israyil nekkee ca màndiŋ ma, moo doon seen màggalukaay bu ñu mana wekki, yóbbu. Fa la Yàlla daan taseek Musaa te fa la Yàlla taamu woona wone ne mu ngi teew ci digg mbooloom mi mu goreel.

xar-sànni m- : Mbubbu jaamukaay la, mu saraxalkat biy sol, kiiraayal dënn ba tege ca kaw. Kiiraay li xeetu jiba la ju daan def jumtukaay yu sell, yi ñuy seete, ba xam li Yàlla namm. Jombul ceetin wa mel ni ab tegoo bant.

xaraf : Xaraf lañu daan firndeele kóllëre gi Yàlla fas ak Ibraayma, te it màndarga la muy firndeel kóllëre gi Yàlla séq ak bànni Israyil. La Yàlla santoon bànni Israyil ci seen xale bu góor mooy, bu bésub juddoom dellusee, ñu xarfal ko.

yékkati : Seetal: **sarax bu ñuy yékkati, jébbal Aji Sax ji**.